# Гъуазэхэр



# Гъуазэхэр

Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр, Москва
2023

**Гъуазэхэр**
Книга Судей
на адыгейском языке
Judges in the Adyghe language *(ISO: ady)*

© Институт перевода Библии, 2023

# Пэублэ гущыI

Лъытэнытгъэ зыфэтшIырэ тхылъеджэр!

«Гъуазэхэр» зыфиIорэ тхылъэу уапашъхьэ илъыр Тхьэм и ГущыIэ лъапIэу Библием изы Iахьэу щыт.

Израил лъэпкъым итарихъ анахь чIыпIэ къинэу къыхэфагъэм – КъэнаIан чIыгур заокIэ аIэ къызырагъэхьагъэм щегъэжьагъэу апэрэ пачъыхьэхэм Израилыр агъэIорышIэ зыхъугъэм нэс – «Гъуазэхэр» зыфиIорэ тхылъым израил лIакъохэм ящыIэнытгъэ зыфэдагъэр къегъэлъагъо. Тхылъэу «Ехъошуа» къыIуатэрэр, израил лIакъохэр КъэнаIаным езаохэ зэхъум, ащ щыпсэущтыгъэ лъэпкъхэм ащыщхэр мы чIыгум рамыфыхэу къызэринагъэхэр ары. Уахътэ зытешIэм, а лъэпкъхэм яхабзэхэм, ахэр тхьабэмэ зэрафэлажьэхэрэм щысэ тырахынэу рагъэжьагъ, ащкIэ Зиусхьаныр лъэшэу агъэгубжыщтыгъ (1:1 – 2:9).

Тхылъым иIахьышIу (2:10 – 16:31) хъугъэ-шIагъэхэм зы зэкIэлъыкIуакIэ яIэу къеIуатэ, икIэрыкIэу къытыригъэзэжьызэ бэрэ моущтэу хъущтыгъэ:

–лъэпкъым псэкIод ешIэ;
–гъунэгъу лъэпкъхэр къытыригъаохэзэ Тхьэм ар егъэпщынэ;
–израилхэм Зиусхьаным лъэIукIэ зыфагъазэ;
–шъхьафит зышIыжьыщтхэ гъуазэр (пащэр), а тхьамыкIэгъошхом текIонхэу, Зиусхьаным апэ къырегъэуцо.

А гъуазэхэр Тхьэм къыхихыщтыгъэх, ау а дэдэм ахэр цIыф псэкIодышIэу къэнэжьыщтыгъэхэти, зэкIэри тэрэзэу ашIэщтыгъэп. Пыим зытекIохэрэм ыуж псынкIэу нахьыпэрэм фагъэзэжьыщтыгъэ. Ары хъу къэс, гъуазэми лъэпкъми нахьыкIэжьэу псэкIод ашIэщтыгъэ. Тхылъым ипэублэ гушхуагъэ хэлъэу пыим зэрэтекIуагъэхэр къеIуатэмэ, кIэухым ежь, израилхэм, емыкIоу ашIагъэхэр кIэзыгъэнчъэу къыщитхыгъэх. А Iэхъуамбэу тхылъым ипэублэ тхьабэмэ афэлэжьэрэ мэджусыйхэр къэзыгъэлъагъорэм, тхылъеджэм зыфегъазэ: ахэм анахьи нахь псэкIодышхохэр израилхэм агъэхъагъэхэба.

Джаущтэу хъугъэ-шIэгъэ тхьамыкIэгъошхуитIукIэ тхылъыр къеухы (17-21). А уахътэм израилхэм зэдэмыштэныгъэу ахэлъыгъэр ащ къыхегъэщы, «шъхьадж ежь тэрэзэу ылъытэрэр ышIэщтыгъ». Ауми, мыщ дэжьым, авторым къытеIокIы, Iофым зэшIохыпIэу иIэр, зы гущыIэухыгъэкIэ: «А мафэхэм Израилым пачъыхьэ иIагъэп». Израил пачъыхьэгъур зэхэщэныр ары къыкIэлъыкIорэ тхылъхэу Рут ехьылIагъэмрэ Апэрэ Самуелрэ темэ шъхьаIэу яIэр. Шъыпкъагъэ зыхэлъ пачъыхьэмкIэ Тхьэм лъэпкъыр къыгъэнэжьыным игугъапIэ ахэм къаты. Израиль лъэпкъыр лъэшэу ащ зэрэщыкIэщтыгъэм «Гъуазэхэр» зыфиIорэ тхылъыр ишыхьат.

Мы тхылъэу ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэр цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм абзэхэмкIэ зэрадзэкIыгъ. Джы, мары, адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэу а тхылъ гъэшIэгъоныр ори къызэгопхыгъ.

Электроннэ амалхэр къызфэбгъэфедэхэзэ джырэкIэ ащ уеджэн плъэкIыщт, тапэкIэ тхылъыр къыхаутын агу хэлъ.

Ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытххэм къахэкIыгъэхэу щыт цIэ унаехэр адыгэ макъэхэм якъэIуакIэ тетэу тхыгъэх.

Адыгабзэм щамыгъэфедэрэ къэIуакIэхэу къыхафэхэрэм ямэхьанэ къызэIуахэу нэкIубгъомэ ачIэгъ ехьыхынхэр фэтшIыгъэх.

Еджэхэрэр рыгъозэнхэу картэр, гущыIалъэр тхылъым кIыгъух, ащ къыIуатэхэрэм япхыгъэу сурэтхэри къыдэхьагъэх. А зэкIэ тхылъеджэхэм IэпыIэгъу къафэхъунэу тэгугъэ. Тауратыр, Мосэ итхылъитф, 2024-рэ илъэсым къыхаутынэу агу зэрэхэлъым тигуапэу шъуещытэгъэгъуазэ. Электроннэ амалхэр къызфэжъугъэфедэхэзэ а тхылъхэм ащыщыхэм джырэкIэ институтым ивебсайт шъуещяджэн шъулъэкIыщт.

Тхылъэу «Гъуазэхэр» зэзыдзэкIыгъэхэм, редакторхэм, адыгабзэкIэ ар къыдэкIыным зиIахь хэзышIыхьагъэхэм зэкIэми Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр афэраз. Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ тхылъеджэхэм тхылъэу апашъхьэ итлъхьагъэр агу рихьынэу тэгугъэ.

ШъуишIошъхэмрэ шъуиеплъыкIэхэмрэ яхьылIэгъэ къэбар Библием изэдзэкIынкIэ ти Институт ежъугъэшIэн шъулъэкIыщт.

*Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр,*
*Москва*

# Гъуазэхэр

## Апэрэ шъхьэр

### *Ехъудэмрэ щымIонымрэ ялIакъохэр къэнаIанхэм зэрязэуагъэхэр*

1 [1] Ныун ыкъо Ехъошуа зэлIэм ыуж израил
цIыфхэм Зиусхьаным[a] зыфагъази еупчIыгъэх:
– Хэта тащыщэу апэ заокIэ къэнаIанхэм якIущтыр?
[2] Зиусхьаным джэуап къаритыжьыгъ:
– Ехъудэ лIакъор[b] апэ орэкIо. Мары, мы чIыгур,
арышъ зыIэ ислъхьэрэр.

---

[a] **1:1** Адыгэ гущыIэу «Зиусхьан»-м мэхьанэу иIэм зикъэIуакIэ зэфэмыдэ джурт гущыIитIумэ къарыкIырэр къеты. Апэрэр – «Яхве» зыфиIорэмкIэ Тхьэм ыцIэ къыраIо, ащ мэхьанэу иIэмэ ащыщ: «ЕгъашIэм ЩыIэ Зэпытыр». ЯтIонэрэр – «Адонай», Тхьэр зэрэлъэрыхьэр, Ар зэрэфэшIыгъэр ары мэхьанэу иIэр.

[b] **1:2** Израилым илIэкъо пшIыкIутIум язэу Ехъудэ къытекIыгъэр ары.

[3] Джащыгъум ехъудэ зэолIхэр акъош щымIон-
хэм ялъэIугъэх:

– ЧIыгоу тэ къыттефагъэм шъукъыддакIуи,
къэнаIанхэм шъукъыддязауи, ыужым тэри шъуи-
чIыгу тыкъыжъудэкIони, тыкъыжъудэзэощт.

ЩымIонхэр ащ къезэгъхи, гъусэ къафэхъугъэх.

[4] Ехъудэ зэолIхэр зэгъусэхэу зэуапIэм зыIохьэхэм,
къэнаIанхэмрэ пэрыцхэмрэ Бэзэкъ дэжь Зиусхьаным
Iэрылъхьэ къащыфишIыхи, пыим изэолI нэбгырэ
минипшIыр ащ дэжьым ахэм щаукIыгъ. [5] Джа чIы-
пIэм Адоный-Бэзэкъ пачъыхьэм щыIукIэхи, зэошхо
рашIылIи, къэнаIанхэри пэрыцхэри лъэкъабзэу
зэтыраукIагъэх. [6] Адоный-Бэзэкъ пачъыхьэм кIит-
хъужьыгъагъ, ау ахэр лъежьэхи, къаубыти, ыIэхъом-
бэшхохэмрэ ылъэхъомбэшхохэмрэ паупкIыгъэх.

[7] Джащыгъум Адоный-Бэзэкъ пачъыхьэм
ыIуагъ:

– ЗыIэхъомбэшхохэмрэ зылъэхъомбэшхохэмрэ
пыупкIыгъэхэ пачъыхьэ тIокIищырэ пшIырэр
тэкъуафэу къефэхыгъэхэр къашыпыжьэу сиIанэ
чIэгъ чIэсыгъэх. Джы, мары, сшIагъэм ифэшъуашэ
Тхьэм сэ сигъэгъотыжьыгъ.

Ерусэлэм ащи, ар ащ щылIэжьыгъ.

[8] Ехъудэ зэолIхэр Ерусэлэм теохи, аштагъ. Дэс-
хэр чатэкIэ зэтыраукIэхи, къалэри[a] агъэстыгъ.

---

[a] **1:8** Нахь тэрэзыр: мы хъугъэ-шIагъэр зыфэгъэхьы-
гъэр чылэу Ерусэлэм къегъэтIысэкIыгъэхэр ары. Ахэр

[9] Ащ ыуж къушъхьэлъэ чIыпIэхэм, тыгъэкъо-
хьэпIэ къушъхьэ лъапэм, къыблэ лъэныкъом щы-
Iэ шъофнэкIым ащыпсэурэ къэнаIанхэм Ехъудэ
зэолIхэр заокIэ якIугъэх. [10] Хъэурэн (нахьыпэм
Къыриат-АрбаIкIэ еджэщтыгъэх) щыпсэурэ къэна-
Iанхэм зао арашIылIи, Шэшай, Ахъымэн, Тэлмай[a]
ялIакъохэри зэтыраукIагъэх. [11] Ащ икIхи, ДэбиркIэ
(нахьыпэм Къыриат-СэфэркIэ заджэщтыгъэхэм)
ахэм агъэзагъ.

[12] Джащ Къалэб Ехъудэхэм гущыIэ ащыритыгъ:

– Къыриат-Сэфэр теоу, зыштэрэм спхъоу Iахъсэ шъхьэгъусэкIэ естыщт.

[13] Къалэб ышнахьыкIэ Къэназ ыкъоу Iэтныел ар ыштагъэти, зэригъэгугъагъэу ыпхъу Iахъсэ ащ шъхьэгъусэкIэ ритыгъ.

[14] Зы мафэ горэм, Iахъсэ ытыщ зыщыкIощтым
тефэу, ятэ елъэIунышъ, чIыгу Iахьэ къыIихынэу
Iэтныел ар ыгъэуIушыгъ. Iахъсэ къэси, щыдым
къызехым, ятэ ащ еупчIыгъ:

– Сыда узыфаер, сипшъашъ?

---

къалэм хахьэщтыгъэхэми, Ехъудэ лIакъом тефэгъэ чIыгоу къыблэмкIэ гъэзэгъэ къэлэ дэпкъым ыкIыбкIэ щыIэм щыпсэущтыгъэх. Ежь Ерусэлэм къалэр Бинямин лIакъом ичIыгу тетыгъ, а уахътэм израилхэм ар аубытыгъагъэп. (Еплъ: 1:21)

[a] 1:10 Ахэр Iэнэкъ лIакъом щыщыгъэх, лъэгэ дэдагъэх, ялъэгагъэ фэшI израилхэр ащыщынэщтыгъэх.

15 Iахъсэ ащ риIожьыгъ:

– УнэшIу къысщэф, сят. Къыблэ лъэныкъом щыIэ шъофнэкIым сыщыпсэунэу лIы септыгъэмэ, ит псынэкIэчъхэри къысэтыжьхэба.

Арыти, Къалэб ышъхьэрэ псынэкIэчъхэмрэ ыхэрэ псынэкIэчъхэмрэ ащ ритыгъэх.

16 Мосэ ишIупщ лIым къытекIыгъэ кънхэр
Ехъудэхэм ягъусэхэу Ерыхъэу[a] къалэм икIыхи, къыблэ лъэныкъом щыIэ шъофнэкIым, Ехъудэ шъофнэкIым кIохи, Iэрад къалэм иIэгъо-блэгъу щыпсэурэ лъэпкъым хэтIысхьагъэх.

17 Ежь Ехъудэ зэолIхэр акъош щымIонхэр ягъусэхэу, къэнаIанхэр зыщыпсэущтыгъэхэ Цыфат къалэм тебанэхи, лъэпсэкIод ашIыгъ[b]. Джары а къалэм ХъорымкIэ[c] зыкIеджагъэхэр.
18-19 Зиусхьаныр Ехъудэ изэолIхэм ягъусагъэти, ахэмэ къушъхьалъэхэр къызIэкIагъэхьагъэх. Ащ нэмыкIэу кIэим дэт къалэхэу Iазэ, Ащкъэлэн, Iэкърэн, ахэм яIэгъо-блэгъухэр аубытыгъэх, ау гъучI купсынкIэхэр шъофрысхэм яIагъэхэти, рафынхэ алъэкIыгъэп.
20 Мосэ къызэриIогъагъэм фэдэу,

a 1:16 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэхэтыр: «Пальмэхэм якъал». Усэу 3:13-ри джащ фэд.

b 1:17 Ащ къикIырэр Тхьэм къурмэн фашIыхэу къалэм щыпсэущтыгъэхэр зэкIэ чатэкIэ аукIхи, къалэр машIокIэ зэрагъэстыжьыгъэр ары.

c 1:17 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «лъэпсэкIод».

Къалэб Хъэурэн къалэр къыратыгъэти, Iэнэкъ
лъэпкъищыр ащ дифыгъ.

### *Адрэ израил лIакъохэм къэнаIанхэр зэрэрамыфыгъэхэр*

[21] Бинямин лIакъом Ерусэлэм щыпсэущты-
гъэхэ еусхэр къалэм дифыгъэхэпышъ, джы непэ
къызнэсыгъэми ахэр ащ зэдыдэсых.
[22-23] Юсыф къытекIыгъэхэри Бэтэл (ыпэкIэ ащ
ЛузкIэ еджэщтыгъэх) зытеохэми, Зиусхьаныр
ахэм ягъусагъ. ПлъэкIо-дэIуакIохэр загъакIохэм,
[24] къалэм къыдэкIэу зы лIы горэ алъэгъугъэти,
раIуагъ:
– Къалэм тызэрэдэхьан тлъэкIыщтыр къытэ-
гъэлъэгъуи, тэ о гукIэгъу къыпфэтшIыщт.
[25] Ащ къызэрариIуагъэм фэдэу, къалэм дахьэ-
хи, къэлэдэсхэр чатэкIэ зэхаукIагъэх, ау а лIымрэ
зэкIэ иунагъорэ гукIэгъу афашIыгъ. [26] Арыти, ар
хьатхэм ячIыгу кIуи, Луз зыфиусыгъэ къалэр щи-
гъэпсыгъ. Непэ къызнэсыгъэми аущтэу а къалэм
еджэх.
[27] Ау Бэтщан, ТаIынахъ, Дор, ИблэIам, Мэгъы-
дэ къалэхэмрэ ахэм къапэгъунэгъу чылэхэмрэ
ащыпсэухэрэр Мынасэ лIакъом рифыгъэхэп.
КъэнаIанхэр къинэжьыгъэхэу, ыужкIи а чIыгум
исыгъэх. [28] Израилыр нахь лъэш зэхъум ыужи
къэнаIанхэр ыгъэпщылIыгъэх, ау рифыпэнхэу

ячIыгу рифыгъэхэп. 29 Джащ фэдэу Гъэзэр къа-
лэм дэсыгъэхэ къэнаIанхэр Ефраим лIакъом ащ
дифыгъэхэпти, къахэнагъэхэу адэпсэущтыгъэх.
30 Зэбулун лIакъом къэнаIанхэр пщылIыпIэ ригъэ-
уцуагъэхэми, ахэм ащыщхэу къалэхэу Къытронрэ
Нэхэлолрэ адэсыгъэхэр адифыгъэхэпти, къахэ-
нагъэхэу ащызэдэпсэущтыгъэх. 31 Ащэр лIакъом
къалэхэу Iакъоурэ Цыдонрэ фэдэу Ахълаб, Ахъ-
зиб, Хъэлбэ, Афикъ, Рэхъоб адэсхэр адифыгъэхэп.
32 Ащэр лIакъор а чIыпIэм къинэгъэ къэнаIанхэм
адэпсэущтыгъэ. 33 Нафталый лIакъом Бэтщэмэщрэ
БэтIэнатрэ ащыпсэухэрэр адифыгъэхэпти, а чIы-
гур зие къэнаIанхэм адэпсэоу къахани, къэлитIум
адэсхэр ыгъэпщылIыгъэх. 34 Амэрхэм къушъхьа-
лъэм къикIырэ гъогур зэпагъэIи, Дан лIакъор чIы
зэшъхьэ-зашъом къырагъэхьагъэп. 35 Джаущтэу
амэрхэр Хъэрэс къушъхьэм къыхэнагъэхэу, Ая-
лэун, ЩаIалбим къалэхэм ащыпсэущтыгъэх, ау
Юсыф лIакъом ыкIуачIэ зэпытэм, ахэри адрэхэм
афэдэу агъэпщылIыгъэх.

36 Амэрхэм ячIыгъунапкъэ Iэкърэб лъэгапIэм
щегъэжьагъэу, СэлаI щыкIэдзагъэу адыкIэ зиу-
шъомбгъущтыгъэ.

## ЯтIонэрэ шъхьэр

### *Зиусхьаным имэлэIич израилхэм къызэрягъэгъыгъэр*

**2** [1] Зиусхьаным имэлэIич[a] Гъылгъал къикIи,
Бохым къакIуи, Ащ игущыIэхэр израилхэм
къариIуагъ:

– Мысырым Сэ шъукъисщыжьи, тхьэлъанэ
зэрэсшIыгъагъэу, шъуятэжъхэр зэрызгъэгугъэ-
гъэхэ чIыгум шъукъэсщагъ. СIогъагъэ: «Зэзэ-
гъыныгъэ лъапIэу Сэ къыжъудэсшIыгъэр егъа-
шIи сыукъощтэп, [2] арышъ, шъори мы чIыпIэм
щыпсэухэрэм зэзэгъыныгъэ адэшъумышIэу,
якъурмэншIыпIэхэр зэхэжъугъэтакъох». Ау шъу-
къысэдэIугъэп. Сыда ар зытешъушIыхьагъэр?
[3] Джы Сэ, мары, къышъосэIо, ахэр зэрисымы-
фыщтхэр, шъоррэ дэгъумрэ шъуазыфагу ахэр
пэрыохъоу къызэриуцощтхэр: панэу шъулыцI
зэрэхэлъыщтхэр, ятхьэхэри убытыпIэ зэрэшъу-
фэхъущтхэр.

[4] Зиусхьаным имэлэIич а гущыIэхэр къызеIо-
хэм, зэрэизраил лъэпкъэу лъэшэу гъогыгъэ. [5] Ар

---

[a] 2:1 Мы мэлэIичым Тхьэм иунашъо цIыфхэм къалъе-
гъэIэсы, Ащ ыцIэкIэ къэгущыIэ, Тхьэ дэдэр арэу алъы-
тэуи мэхъу.

зыщыхъугъэ чIыпIэм Бохым[a] аIуи еджэхи, Зиус-
хьаными къурмэн щыфашIыгъ.

### *Тхьэр израилхэм джыри къызэрэзыфагъэгубжыгъэр*

[6] Ехъошуа цIыфхэр зызэбгыретIупщыжьхэм
ыуж, шъхьадж унэе Iахьэу къытефэрэ чIыгур
ыубытынэу, ахэр зэбгырыкIыжьыгъэх. [7] Ехъошуаи
нахьыжъ упчIэжьэгъухэу Зиусхьаным Израилым
къыфишIэгъэ Iофышхо пстэури зынэгу кIэкIыгъэ-
хэри опсэуфэхэ лъэпкъыр Зиусхьаным фэлэжьагъ.
[8] Зиусхьаным иIумэтэу Ныун ыкъо Ехъошуа
илъэсишъэрэ пшIырэ ыныбжьэу идунай ыхъо-
жьыгъ. [9] Ежь къытефэгъэ чIыгу Iахьым, ГъэIащ
къушъхьэм итемыр лъэныкъокIэ щыIэ Ефраим
къушъхьалъэхэм ахэт къалэу Тымнат-Хъэрэс[b], ар
щагъэтIылъыжьыгъ.
[10] Нахьыжъ упчIэжьэгъухэр дунаим зехыжьхэм,
Зиусханыр зымышIэрэ Израилым Ащ къыфи-
шIагъэхэм ащымыгъозэ ныбжьыкIэхэм зыкъа-
Iэтыгъ. [11] Джащыгъум Зиусхьаным къемыкIущт-
хэр ашIэхэу, БэIал[c] фэлажьэхэу ахэм рагъэжьагъ.

---

[a] **2:5** Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «гъыхэрэр».

[b] **2:9** НэмыкIэуи «Тымнат-Сэрахъ» ащ раIо. Еплъ: тхылъэу «Ехъошуа» 19:50, 24:30.

[c] **2:11** Пэсэрэ лъэхъаным КъокIыпIэ Благъэм БэIал сурэтхэр щыфагъэуцущтыгъэх, тхьэхэм анахь лъэшэу

[12] Зиусхьанэу, ятэжъхэм я Тхьэу, лъэпкъыр Мысыр
къизыщыжьыгъэр ахэм IэкIыб ашIи, нэмыкI
лъэпкъхэу къягъэтIысэкIыгъэхэм ятхьэхэм ауж
ихьэхи, шъхьащэ афашIэу рагъэжьагъ. [13] Ежь
къагъэнагъэу БэIалрэ Астартэрэ[a] зэрафэлажьэхэ-
рэм пае Зиусхьанри агъэгубжыгъ. [14] Зиусхьаным
игубж израилхэм къафызэкIани, хъункIакIохэм
аIэ рилъхьэхи, къахъункIэхэу рагъэжьагъ. Тхьэм
ахэр лъэныкъо пстэумкIи къэзыухъурэигъэ пый-
хэм аIэ рилъхьэхи, апэуцужьынхэ амылъэкIынэу
къыгъэнагъэх. [15] Израилхэм зэонхэу зыкъаIэты
къэси, тхьэлъанэ къызэрафишIыгъэм фэдэу, Зиус-
хьаныр екIэ къафеIэбэхыщтыгъэ. Ащ къыхэкIэуи
ахэр тхьамыкIэгъошхом хэтыгъэх.

[16] Джащыгъум Зиусхьаным израилхэр хъункIа-
кIохэм къаIэкIэзыхыжьыщтыгъэхэ гъуазэхэр апэ
къыригъэуцощтыгъэх. [17] Ау а гъуазэхэми ахэр ямы-
дэIухэу, нэмыкI тхьэхэм задырагъэхьыхыщтыгъэ,
шъхьащи афашIыщтыгъэ. Зиусхьанэу я Тхьи ахэр
фэшъыпкъэжьыщтыгъэхэп. Израилхэр ятэжъхэр

---

алъытэщтыгъэ, гъэбэжъум итхьэу аIощтыгъэ. БэIалым шъхьащэ зэрэфашIырэм дин IофкIэ зэрахьэщтыгъэхэ лIыгъэ-шъузыгъэр, сабыйхэр къурмэн зэрэфашIыщтыгъэхэр хахьэщтыгъэх.

[a] 2:13 Мыр КъокIыпIэ Благъэм щыпсэурэ лъэпкъхэм гъэбэжъум, шIулъэгъум, заом ятхъэгуащэу алъытэщтыгъэ.

зытетыгъэ гъогум псынкІэу текІыгъэх. Адрэхэр
Зиусхьаным иунашъохэм атетэу зекІощтыгъэхэ-
ми, мыдрэхэм щысэ афэхъугъэхэп. [18] Зиусхьаным
гъуазэ къафигъакІо къэс, Ежь ащ игъусэти, ар
опсэуфэ израилхэр пыйхэм ащиухъумэщтыгъэх,
хьазабым ыгъэщэІухэрэм амакъэ зызэхиххкІэ, Ащ
ыгу къягъущтыгъэ. [19] Ау гъуазэр дунаим зехыжь-
кІэ, нэмыкІ тхьэхэм етІани зафагъэзэжьыщтыгъэ,
ахэм афэлажьэхэмэ шъхьащэ афашІызэ, ятэхэм
анахьи нахь дэеу зекІощтыгъэх. БзэджэшІэным-
рэ къаигъэнымрэкІэ зафэІажэщтыгъэп. [20] Арыти,
Зиусхьаным игубж израилхэм къафызэкІани,
ыІуагъ:

– Ятэжъхэм адэсшІыгъэ зэзэгъыныгъэ лъа-
пІэр къысэмыдэІоу мы лъэпкъым ыукъуагъэшъ,
[21] Ехъошуа джыри псэузэ мы хэгъэгум къыринэгъэ
лъэпкъхэм ащыщэу зы закъуи Сэ исфыжьыщтэп.
[22] Сэ язгъэлъэгъугъэ гъогум, ятэжъхэм афэдэу, ры-
кІощтхэмэ е ащ текІыщтхэмэ израилхэр ахэмкІэ
сыушэтыщтых.

[23] Джаущтэу Зиусхьаным а чІыпІэм щыпсэу-
щтыгъэхэ лъэпкъхэр ардэдэм римыфыхэуи, Ехъо-
шуа ыІэ римылъхьэхэуи къыгъэнагъэх.

## Ящэнэрэ шъхьэр

### *Тхьэм израилхэр ыушэтынхэу къахинэгъэ лъэпкъхэр*

**3** [1-2] КъэнаӀаным щыкӀогъэ заохэм ащыщи зымы-
лъэгъугъэ израилхэр риушэтынхэу, лӀэужы-
кӀэхэу ыпэкӀэ заор зыфэдэр зымышӀэщтыгъэхэр
зэо Ӏофым фигъэсэнхэу, мары лъэпкъхэу Зиусхьа-
ным а чӀыналъэм къыринагъэхэр: [3] фылистхэм
япщитф, зэкӀэ къэнаӀанхэр, цыдонхэр, хъэухэу
Ливан къушъхьэхэм БэӀал-Хъэрмон щегъэжьагъэу
Хъамат къалэм идэхьагъу нэс ащыпсэущтыгъэхэр.
[4] Зиусхьаным иунашъохэу Мосэ ятэжъхэм къафа-
ригъэхьыгъэхэр израилхэм зэрагъэцэкӀэщтхэр
ыушэтынэу а лъэпкъхэр Ащ къыгъэнагъэх.

[5] КъэнаӀанхэм, хьатхэм, амэрхэм, пэрыцхэм,
хъэухэм, еусхэм ахэсхэу израилхэр адэпсэущты-
гъэх. [6] А лъэпкъхэм апхъухэр нысэу къарагъа-
щэщтыгъэх, ежьхэми апхъухэр ахэм акъохэм
аратызэ[a], ятхьэхэм афэлажьэщтыгъэх.

### *Ӏэтныел*

[7] Зиусхьаным къемыкӀущтхэр израилхэм
ашӀагъ: Зиусхьанэу я Тхьэ зыщагъэгъупшэжьи,

---

[a] **3:6** НэмыкӀ лъэпкъхэм къахэкӀыгъэхэр къащэнхэу е адэкӀонхэу израилхэм я Тхьэ фит ышӀыщтыгъэхэп. Еплъ: тхылъэу «Хэбзэ тхыжьыгъэр» 7:3-4.

БэIалрэ Ашэрэрэ[a] афэлажьэхэу рагъэжьагъ. [8] Джа-
щыгъум Зиусхьаным игубж израилхэм къафызэ-
кIани, Мэсэпэтам ипачъыхьэу Кушан-Ришатаим
ыIэ рилъхьэхи, илъэсиим къыкIоцI ригъэгъэ-
пщылIыгъэх. [9] Ау израилхэм Зиусхьаным гукIэ-
гъу къафишIынэу лъэIушхокIэ зызыфагъазэм,
Къалэб ышнахьыкIэу Къэназ ыкъо Iэтныел къэ-
гъэнэжьакIоу апашъхьэ къыригъэуцуагъ. Ащ
ахэр шъхьафит ышIыжьыгъэх. [10] Зиусхьаным
ы Псэ ащ къыхахьи, Израилым гъуазэ фэхъугъ.
Зэонэу зежьэм Зиусхьаным Iэтныел Мэсэпэтам
ипачъыхьэу Кушан-Ришатаим ыIэ рилъхьэхи, ащ
тыригъэкIуагъ. [11] КъыкIэлъыкIорэ илъэс тIокIи-
тIум, Къэназ ыкъо Iэтныел олIэжьыфэ, чIыналъэм
щымамырыгъ.

### *Эхуд*

[12] Израилхэм джыри Зиусхьаным къемыкIущт-
хэр ашIэхэу рагъэжьэжьыгъ. Арыти, Зиусхьаным
Моаб пачъыхьэу Iэгълон Израилым нахьи нахь
лъэш ышIыгъ. [13] Iамонхэмрэ Iамэлыкъхэмрэ игъу-
сэхэу ар Израилым къытекIуи, Ерыхъэу къалэр
ыубытыгъ.

[a] 3:7 Адрэ тхьэхэр зэкIэ ащ къытекIыгъэхэу, ахэм анахь лъагэу, Астартэ фэдэу гъэбэжъум итхьэу алъытэщтыгъэ. Пкъэоу фагъэуцурэмкIэ нэрылъэгъу къызыфашIыщтыгъэ.

14 Израилхэр Моаб пачъыхьэу Iэгълон илъэс
пшIыкIуим къыкIоцI фэпщылIыгъэх.

15 Ау израилхэм Зиусхьаным гукIэгъу къафи-
шIынэу зызыфагъазэм, Эхуд Iэ сэмэгур[a] къэгъэнэ-
жьакIоу апашъхьэ къыригъэуцуагъ. Ар Бинямин
лIакъом щыщ Гъэрэ ыкъуагъ. Тын Iахьэхэр фырэ-
гъахьыхи моаб пачъыхьэу Iэгълон ар фагъэкIуагъ.
16 Эхуд чэтэ бгъуитIуцэ зы Iэнтэгъу[b] икIыхьагъэу
ышIи, ищыгъын чIэгъ, ыко джабгъу дэжь, щызы-
хигъэбылъыхьагъ. 17 Моаб пачъыхьэу Iэгълон дэжь
тын Iахьэхэр нигъэсыгъэх. Пачъыхьэу Iэгълон
пщэрышхоу, пщэр пцIапцIэу щытыгъ. 18 Тынхэр
Эхудэ ащ зыретхэм ыуж, игъусэу ахэр къэзыхьы-
гъэ цIыфхэр ыгъэкIотэжьхи, 19 ежь Гъылгъал пэ-
мычыжьэу щыт мыжъо тхьэнэпцIыхэм адэжь
къыщигъэзэжьи, къэкIожьи, Iэгълон риIуагъ:

– О зиусхьан, шъэф горэ къыпфысиI!

– Кыш!– пачъыхьэм ыIуагъэти, унэIутхэр зэкIэ
икIыгъэх.

20 Унашъхьэм тет пэщым[c] зизакъоу къинэгъэ
пачъыхьэм Эхудэ кIэрыхьи, риIуагъ:

---

a 3:15 ЦIыф Iэ сэмэгур джуртэм Iашэм фэкъулаеу, щэ-
рыоу алъытэщтыгъэ.

b 3:16 Метрэныкъо фэдиз горэ мэхъу.

c 3:20 А лъэхъаным унашъхьэр тешъо ашIыщтыгъэ, ащ
тырашIыхьэрэ унэр жьаупIэ фэдэу агъэфедэщтыгъэ.

– Тхьэм къыбгъодэкӀырэ къэбар сэ къыпфэс-
хьыгъэр.
Пачъыхьэр къызэтэджым, [21] ко джабгъум кӀэ-
рылъ чатэр Эхудэ Ӏэ сэмэгумкӀэ къызхипхъоти,
ащ ыныбэ хиӀугъ, [22] чатэр хэгъэкӀи чэтэкӀыри
ныбашэм хигъэзыхьагъ, ыныби къыригъэугъ.
Чатэр къыхимыхыжьэу, пэщыр къыбгыни, [23] Эху-
дэ хьэятэм къынэсыжьи, унапчъэр фишӀыжьи,
ӀункӀыбзэр ригъэтыжьыгъ.
[24] Ар зекӀыжьым ыуж, мары, пчъэр зэрэгъэпы-
тагъэр унэӀутхэм алъэгъугъ.
– Илъэгъун пэщ кӀоцӀым щегъэцакӀэкӀэ енэ-
гуягъо,– зэраӀожьыгъ.
[25] Джэнджэш агу къехьэфэ, бэрэ ежагъэх, ау
пчъэр зыми къызэрэӀуимыхырэр залъэгъум, Ӏун-
кӀыбзэӀухыр къашти, къызыӀуахым алъэгъугъ:
мары, язиусхьан ихьадэ джэхашъом телъ.
[26] Ахэм зыралъэшъухьэфэ, Эхудэ кӀитхъужьыгъ.
Мыжъо тхьэнэпцӀыхэм аблэкӀи, СэӀирэ къалэ
ышъхьэ рихьылӀэжьи, ыпсэ къыгъэнэжьыгъ.
[27] Ащ зынэсым, Ефраим къушъхьалъэм бжъэмые-
шхом щепщи, ежь апэ итэу, израилхэр къушъхьэм
къехыгъэх.
[28] – Сауж шъукъихь, шъуипый моабхэр Зиусхьа-
ным шъуӀэ къырилъхьагъэхэшъ,– ыӀуи ариӀуагъ.
Арыти, ыуж ихьэхи, Моабым кӀорэ зэпырыкӀы-
пӀэхэу Иордан псыхъом иӀэхэр аубытхи, зыпари

зэпырыкIын ымылъэкIынэу зэпагъэIыкIыгъэх.
29 Израилхэр ащ дэжьым моабым щытекIохи,
язэолI минипшI фэдиз горэ щаукIыгъ: ахэр зэкIэ
зэолI пхъэшагъэх, кIочIэшхуагъэх. Зы нэбгыри аIэ-
кIэкIыжьыгъэп. 30 Джа мафэм Израилыр моабхэм
ашъхьагъ иуцуагъ. Джащ щегъэжьагъэу илъэс
тIокIиплIым чIыналъэм щымамырыгъ.

### *Шамгъэр*

31 Эхуд ыуж къикIыгъэр Iэнат ыкъо Шамгъэрэу
Iэхъо бэщкIэ фылист нэбгырэ шъихыр зэтезыу-
кIагъэр ары. Ащи израилхэр шъхьафит ышIы-
жьыгъэх.

## ЯплIэнэрэ шъхьэр

### *Дэборэ*

**4** 1 Эхудэ идунай зехъожьым ыуж, израилхэм
Зиусхьаным къемыкIущтхэр ашIэу рагъэжьэ-
жьыгъ. 2 Арыти, ахэр Зиусхьаным Хъацэр къалэ
тетыгъор щызыIыгъыгъэ къэнаIан пачъыхьэу
Ябын ыIэ рилъхьагъэх. Хъарэшэт-Гъоим[a] щы-
псэурэ Сисэрэ пачъыхьэм идзэпащэу щытыгъ.
3 ГъучIым хэшIыкIыгъэ купсынкIэ шъибгъукIэ
ащ идзэ зэтегъэпсыхьэгъагъэти, илъэс тIокIырэ
ашъхьэ къаримыгъэIэтэу израилхэр ыгъэпщылIы-
гъэх. Джары гукIэгъу къафишIынэу лъэIушхокIэ
Зиусхьаным ахэм зызкIыфагъэзагъэр.
4 А лъэхъаным Израилым гъуазэу иIагъэр Ла-
пидэт ишъхьэгъусэ бзылъфыгъэ – пегъымбарэу
Дэборэ арыгъэ. 5 Дэборэ ыцIэкIэ зэджэгъэхэ па-
льмэу Ефраим къушъхьалъэм ит къалэхэу Рамэрэ
Бэтэлрэ азыфагу къыщыкIыщтыгъэм ычIэгъ ар
чIэсыщтыгъэ. Нэкъокъогъу зэфэхъугъэхэ израил-
хэр къыфакIохэзэ, яIоф хьыкумкIэ зэхифыщтыгъэ.
6 Дэборэ Нафталый лIакъом ичIыгу ит Къэдэщ
къалэм щыпсэущтыгъэ Баракъ, АбиноIам ыкъор
къаригъащи, риIуагъ:

---

[a] **4:2** Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «Хымэ лъэпкъхэм я Хъа-
рэшэт».

– Зиусхьанэу, Израилым и Тхьэ унашъо къы-
пфешIы: «КIуи, Нафталыйрэ Зэбулунрэ ялIакъохэм
ащыщэу нэбгырэ минипшI гъусэ къэшIыхи, Табор
къушъхьэм къещалIэх. 7 Ябын пачъыхьэм идзэ-
пащэу Сисэрэ купсынкIэхэри зэолIхэри игъусэхэу
игъукIырэ псыхъоу Къышон Сэ къесщэлIэнхэшъ,
пIэ къислъхьащтых».

8 Арыти:

– Гъусэ укъысфэхъоу тызэдэбгъакIомэ сыкIощт,
укъыздэмыкIомэ, сэри сыкIощтэп,– ыIуи, Баракъ
Дэборэ джэуап къыритыжьыгъ.

9 – Дэгъу,– ыIуагъ Дэборэ,– сыкъыбдэкIощт. Ау,
осэIо, аущтэу зыхъукIэ, а узтехьащт гъогум щыт-
хъу къызэрэтемыхыщтыр. Сыда пIоу укъэупчIэмэ,
Зиусхьаным Сисэрэ зыIэ рилъхьащтыр бзылъ-
фыгъэр ары.

Арыти, Дэборэ къэтэджи, Баракъ Къэдэщ дэ-
кIуагъ. 10 Ащ дэжьым Зэбулунрэ Нафталыйрэ
къыкъоуцонхэу лIыкIохэр Баракъ афигъэкIуа-
гъэх. ЗэолI минипшIэу къаугъоигъэр Баракъ ыуж
ихьагъ, Дэбори ащ игъусагъ.

11 Мосэ ишIупщыкъоу Хъобаб къытекIыгъэ
илъэпкъэгъу къэнхэм Хъэбэр къахэкIи, ищэты-
рэ Къэдэщ пэгъунэгъоу ЦэIэнэним къыщыкIырэ
чъыгэешхом дэжь щигъэIэгъагъ.

12 АбиноIам ыкъо Баракъ Табор къушъхьэм
идзэ игъусэу къызэрекIолIагъэм икъэбар Сисэрэ

къызыраIом, [13] зэкIэ гъучIым хэшIыкIыгъэ купсынкIэ шъибгъури зэкIэ зэолIэу Хъарэшэт-Гъоим щиIыгъхэри Къышон псыIушъом Iуищагъэх.

[14] Джащыгъум Дэборэ Баракъ риIуагъ:

– Тэджи, кIо! Зиусхьаным Сисэрэ пIэ къызыщырилъхьэгъэ мафэр непэшъ. Уи Тхьэ уапэ итэу уещэба!

Арыти, Баракъ зэолI минипшIыр ыуж итэу Табор къушъхьэм къехыгъ. [15] Сисэри, зэкIэ икупсынкIэхэри изэолIхэри ашIэщтыр амышIэу Баракъ ичэтэ ихыгъэ ыпашъхьэ Зиусхьаным къыщызэтыригъэуцуагъэх. Сисэри купсынкIэм къипкIи, лъэсэу ечъэжьэжьыгъ. [16] Пыим икупсынкIэхэри изэолIхэри Баракъ рифыжьэхи, Хъарэшэт-Гъоим нэс ыфыгъэх. Сисэрэ идзэ хэтхэр зэкIэ джащ фэдизым чатэкIэ аукIыгъэх, зы зэолIи псэоу аIэкIэкIыжьыгъэп.

[17] Ау Хъацэр пачъыхьэу Ябынрэ Хъэбэр къызхэкIыгъэ къэн лIакъомрэ зэшIугъэхэти, Хъэбэр ишъхьэгъусэу ЯIил ищэтырэ Сисэрэ ечъэлIагъ.

[18] ЯIил Сисэрэ къыпэгъокIи:

– КъычIахь, зиусхьан, садэжь къычIахь. Умыщын,– ыIозэ, ищэтырэ ригъэблэгъагъ.

Сисэрэ щэтырэм зычIэхьэм, ЯIил ар ыгъэгъолъи, алырэгъур тырихъуагъ.

[19] – Псы фалIэ сэлIэ,– риIуагъ ащ бзылъфыгъэм.– Псы тIэкIу къысэт.

ЯIил щэ зэрыт шъонтыр къытIатIи, пчэнызщэм Сисэрэ ригъашъуи, алырэгъури тырихъожьыгъ.

[20] – Щэтырэ чIэхьапIэм дэжь уцу,– ыIуагъ Сисэрэ.– «Зыпари мыщ исыба?» ыIоу, зыгорэ къакIоу, къыоупчIымэ, «хьау» Iуи, еIожь.

[21] Ау Хъэбэр ишъхьэгъусэу ЯIил щэтырыр зэпхыгъэ пчэгъу цIыкIумрэ уатэмрэ къыштэхи, пшъыгъэу, хэчъыегъэ Сисэрэ екIошъылIагъ. Пчэгъу папцIэр лIым идэбжъыкъу дэжь щыхигъэзыхьи, чIым хиIулIагъ. ЛIыр ащ илIыкIыгъ.

[22] Ау, мары, Сисэрэ ыуж къыфызэ, Баракъ къэсыгъ, ЯIил ари ригъэблэгъагъ.

– НекIо,– риIуагъ,– а узылъыхъурэ цIыфыр сэ озгъэлъэгъущт.

Баракъ зычIэхьэм: мары, щэтырэ пчэгъур дэбжъыкъум хэгъэзыхьагъэу, ащкIэ чIым хэIулIагъэу Сисэрэ ихьадэ щылъ.

[23] А мафэм Тхьэм израилхэр къэнаIан пачъыхьэу Ябын ышъхьагъ ригъэуцуагъэх. [24] Ябыни ар зыщыщ къэнаIан лъэпкъри зэкIэ амыгъэкIодыфэхэ, израилхэм ятетыгъуи нахь лъэш хъузэ лъыкIотагъ.

## Ятфэнэрэ шъхьэр

### *Дэборэрэ Баракърэ япщыналъ*

**5** [1] А мафэм Дэборэрэ АбиноIам ыкъо Баракърэ
мы орэдыр къызэдаIуагъ:

[2] Зылъащагъ пащэхэм Израилыр,
Ахэм фэчэфэу ауж ихьагъ лъэпкъыр –
Зиусхьаным щытхъу фэшъушI!

[3] ШъукъэдаIу, пачъыхьэхэр!
ШъукъэдаIу, пащэхэр!
Сыфэусэщтышъ сэ Зиусхьаным,
Фызэхэслъхьащтышъ сэ Зиусхьанэу,
Израилым и Тхьэ пщыналъэ.

[4] О, Зиусхьан, СэIир[a] укъызыдэкIым,
УкъызекIым Едом чIыналъэм,
Гырзыгъэ чIыгури, къырикIыкIэхыгъ
уашъоми –
КъыракIутэхыгъ пщэхэм псыри.
[5] Зиусхьаным ыпашъхьэ
щыкIэзэзыгъэх къушъхьэхэр,

---

[a] 5:4 Едомым мырэущтэу еджэщтыгъэх. Едомыр Израилым итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъо щыIагъ.

Зиусхьаным, Израилым и Тхьэ
ыпашъхьэ щыкIэзэзыгъ Синай
къушъхьэри[a].

6 Iэнат ыкъо Шамгъэр илъэхъан,
ЯIил илъэхъан хъугъагъэх гъогухэр
нэкIы,
РыкIощтыгъэхэм гъогу занкIэм
Къыдаухьан фаеу хъугъэ.
7 НэкIыгъэх израил къуаджэхэр,
НэкIыгъэх, сэ, Дэборэ, зыкъэсэIэтыфэ,
Израилым сырянэу зыкъэсэIэтыфэ.
8 ТхьакIэу хахыгъэхэм –
Мары, заор япчъэIупэ къыIуащагъ,
Ахэбгъотэнэп пчи мэIуи
Израилым ицIыф мин тIокIитIум.

9 ПсэкIэ сырягъус Израилым ипащэхэм,
Фэчэфэу ауж ихьагъэхэм.
Зиусхьаным щытхъу фэшъушI!

10 Шъо щыд фыжьышIухэмкIэ
зекIохэрэр,
Алырэгъур зитIысыпIэхэр,

---

[a] 5:5 Синай къушъхьэу Тхьэм Мосэрэ израилхэмрэ Таурат Хабзэр къызыщаритыгъэр ары. Еплъ: тхылъэу «МысырикIыжь» ия 19-рэ шъхьэ щегъэжьагъэу.

Гъогурык Iохэр,
Орэд къашъуIо!
11 Псынэ Iупэм къыщэIу Iахъохэм[a] ягушIо макъэхэр:
КъыщаIотэжьых Зиусхьаным итекIоныгъэшхохэр,
Зэрахьагъэр лIыгъэу Израилым ит къуаджэхэм.

Щызэфэсыжьыгъэх къэлэ дэхьапIэм Зиусхьаным ицIыфхэр.

12 «Къэтэдж, Дэбора, зыкъэIэт!
ЗыкъэIэт, къэтэджи, зэуи къыхадз уиорэд!
ЗыкъэIэт, Баракъ,
Уигъэрхэр Iущыжьых, АбиноIам ыкъу!»

13 Джащыгъум къэкIуагъэх пащэхэм адэжь къэнэжьыгъэхэр,
КъысфэкIуагъэх Зиусхьаным ицIыфхэр пыишхом пэуцунхэу.
14 Ефраим къикIыгъэх Iамэлыкъым лъапсэ щызыдзыгъэхэр,
Ахэр Бинямин ыуж итых, ар изэолIхэм ахэтэу.

[a] 5:11 Ижъырэ джуртыбзэм мэхьанэр щынафэп.

КъикIыгъэх пащэхэр Махыр[a],
Зэбулун – дзэзещэ тамыгъэхэр
зыIыгъхэр.
15 Игъусагъэх Дэборэ иссашхар
пащэхэр –
Шъыпкъэ, кIыгъугъ Баракъи иссашхар
лIакъор,
Игъусэуи Къышон кIэимкIэ илъыгъ.

Рубэн лIакъор гупшысэшхом
зэкIиIулIагъэу щысыгъ.
16 Сыд пай зыщыбгъэгужъуагъ о
мэлэщым,
Мэлахъохэм ясырынэ макъэ
уедэIущтыгъа?
Рубэн илIакъо гупшысэшхом хэтыгъ.
17 Иордан псыхъом ыкIыб къинагъ
ГъылыIад[b].
Сыд пае Дан къухьэхэм акIэрытIысхьагъа?
КъыIунагъэу хы Iушъом Ащэр
Ащэпсэу хытIуалэхэм.

a 5:14 Мынасэ лIакъом щыщ лъэпкъ, Иордан псыхъом итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ щыпсэущтыгъэ.

b 5:17 Псыхъоу Иордан итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ гъэзэгъэ чIыпIэр ары. Ащ щыпсэущтыгъэхэ джуртхэр ары мыщ зигугъу къыщишIырэр.

18 Ау апсэ еблэжьыгъэхэп Зэбулун цIыфхэр,
Нафталыйи щыригъусагъ зэуапIэ
губгъохэм.

19 Къэсхи пачъыхьэхэр, зэуагъэх;
Ащызэуагъэх къэнаIан пачъыхьэхэр
ТаIынахъ къалэм, Мэгъыдэ игъунэгъу
псыхэм,
Ау къаIэкIэхьагъэп тыжьын къонтхъ.
20 Зэуагъэх уашъом ис жъуагъохэр,
Къезэуагъэх Сисэрэ ягъогу зэрэтетхэу.
21 Рихьыхыгъэх Къышон псыхъом
пыйхэр,
Ижъырэ псыхъоу Къышон.
Уапэ егъэхъу, сыгу! Нахь лъэш хъу!

22 Шылъэмакъэр гъогъо мэкъэшху,
ХакIохэм яхьэпкIэ лъэмакъэ.
23 «Нэлат ешъух Мэрэуз къалэм,– ыIуагъ
Зиусхьаным и МэлэIич,–
Ащ щыпсэухэрэми яшъух нэлатышхо,
ЗыкIагъэкъуагъэпышъ Зиусхьаным,
Къоуцуагъэхэпышъ пыишхом езэонхэу».

24 ЩытхъукIэ бзылъфыгъэмэ
къахэщын, ЯIил,

Щэтырым чIэс бзылъфыгъэхэм ащыщэу
Тхьэм ынэшIу зыщыфэныр,
Къэн лъэпкъым щыщ Хъэбэр
ишъхьэгъусэр.

25 Сисэрэ псы къызыкIэлъэIум ЯIил щэ ащ
ритыгъ –
Пщыми епэсыгъэ Iэгубжъэм итыгъэр
Щэ щатэтемых.
26 Зы Iэр фищэигъ пчэгъу цIыкIум,
Джабгъу IэмкIэ къыштагъ уатэр.
Еуи Сисэрэ ышъхьэ хисагъ,
Еуи бэщ цIыкIур хигъэзыхьагъ
идэбжъыкъу.
27 ЗыкъыIуантIи ЯIил ылъапэ дэжь,
Сисэрэ щыфэхыгъэу, щылъ.
ЗыкъыIуантIи ЯIил ылъапэ дэжь
щефэхыгъ,
Зыщефэхыгъэм Сисэрэ ыпсэ щыхэкIыгъ.

28 Шъхьангъупчъэм къеплъы Сисэрэ
янэ,
Шъхьангъупчъэ хъагъэм Iусэу
мэгъыбзаIо:
– Сисэрэ икупсынкIэ сыд пай къэгужъора?
КупсынкIэ макъэр сыд пай къэмыIура?
29 Гощэгъусэ Iушхэр бзылъфыгъэм
еушъыих,

Ежьыми ыгу егъэIасэ:
30 – Къонтхъэу къахьыгъэр агощыжьэу
къычIэкIын:
ЗэолI пэпчъ бзылъфыгъэ зырыз е
тIурытIу,
Сисэрэ пае щыгъын къолэнхэр,
Къолэнэу, хэдыкIыгъэ щыгъынышIухэр,
Дахэу зыхэдыкIыгъэхэр сэ саплIэIу
къыридзэнхэу.

31 Арышъ, О Зиусхьаным, зэкIэ
уипыйхэр орэкIодых!
Ау О шIу узылъэгъухэрэр тыгъэм
фэрэдэх,
ЗыкъызиIэткIэ къарыушхо хъурэм.

КъыкIэлъыкIорэ илъэс тIокIитIум чIыналъэм щымамырыгъ.

## Яхэнэрэ шъхьэр

### *Мыдианхэм къаIэкIихынхэу израилхэр Тхьэм зэрелъэIугъэхэр*

**6** [1] Израилхэм Зиусхьаным къемыкIущтхэр ашIа-
гъэхэти, илъэсиблкIэ мыдианхэм аIэ рилъхьа-
гъэх. [2] Мыдианхэм ахэр лъэш дэдэу агъэпщылIы-
щтыгъэхэти, къушъхьэ тIуакIэхэм, гъочIэгъхэм
зыгъэбылъыпIэ пытапIэхэр ащашIхэу аублагъ.
[3] Жъон-пхъэныр израилхэм зэраухэу мыдиан-
хэр, Iамэлыкъхэр, нэмыкI къокIыпIэ лъэпкъхэр
къатебанэхэти, [4] ячIыгу щэтыр уцупIэхэр щагъэ-
псыхэти, гъэ лэжьыгъэм Iазэ къалэ нэс лыешхо
щырахти, Израилым ищыкIэгъэ гъомлапхъи,
мэл-пчэни, цуи, щыди – зыпари къыфагъанэ-
щтыгъэп. [5] МацIэм фэдэу ябылымхэри ящэтыр-
хэри ягъусэхэу ахэр къакIохэти, яцIыфышъхьи
ямахъшэхэри лъытэгъуаеу бэ хъухэу, Израилыр
хэкужъ ашIынэу чIыгум къибанэщтыгъэх. [6] Из-
раилхэр джаущтэу мыдианхэм тхьамыкIэ яхъу-
лIагъэхэти, IэпыIэгъу къафэхъунэу Зиусхьаным
лъэIушхокIэ зыфагъэзагъ.

[7] Израилхэм лъэIушхокIэ Зиусхьаным зызыфа-
гъазэм, [8] Ащ пегъымбар къафигъэкIуагъ:

– Зиусхьанэу, Израилым и Тхьэ,– къариIуагъ
ащ,– мары ыIорэр: «Сэры Мысырым, пщылIыпIэ
чIыпIэм, шъукъизыщыжьыгъэр. [9] Сэры Мысырыми

шъукъыIэкIэзыхыжьыгъэр, шъуегъэзыгъэу зыIэ
шъуилъыгъэ пстэуми шъуащызыухъумагъэр. Ахэр
шъукIэрысфыхи, ячIыгуи шъо къышъостыгъ. [10] Сэ
къышъосIуагъ: «Сэрышъ Зиусхьаныр, шъуи Тхьэр,
амэрхэу зичIыгу шъутесхэм ятхьэхэм шъхьащэ
афэшъумышI». Ау шъо шъукъысэдэIугъэп».

### *ГъыдыIон*

[11] Зиусхьаным и МэлэIич къакIуи, Iофрэ къалэ
къыщыкIырэ чъыгаем ычIэгъ къычIэтIысхьагъ.
А чIыпIэр абиIэзэр лъэпкъым щыщ Иоащ ичIыгу
Iахьэ хахьэщтыгъэ. Ащ ыкъоу ГъыдыIон, мыдиан-
хэм къамылъэгъуным пае, а уахътэм сэнэшъхьэ-
кIэфыпIэм коцыр щиIожьыщтыгъэ. [12] Зиусхьаным
и МэлэIич ащ зыкъыригъэлъэгъуи, къыриIуагъ:

– Зиусхьаныр уигъус, зэолI кIочIэшху!

[13] – Арышъхьай, зиусхьан,– ыIуагъ Гъыды-
Iон,– Зиусхьанэу Тхьэр тигъусэмэ, сыда мыщ фэ-
диз тхьамыкIагъор къызкIытэхъулIагъэр? Тыдэ
щыIэха Ащ ишIэгъуашIэхэу «Зиусхьаныр арыба
Мысырым тыкъызищыжьыгъэр?» аIозэ, тятэжъ-
хэм къаIуатэщтыгъэхэр? Джы Зиусхьаным ыкIыб
къытфигъази, мыдианхэм аIэ тырилъхьагъ.

[14] Арыти, Зиусхьаным ГъыдыIон зыкъыфигъа-
зи, къыриIуагъ:

– КIуи, о пкIуачIэкIэ Израилыр мыдианхэм
къаIэкIэхыжь. Сэ усэгъакIо.

[15] – Ау, зиусхьан,– ыIуагъ ГъыдыIон,– сыдэу
хъумэ сэ Израилыр къаIэкIэсхыжьыщта? Мына-
сэ лIакъом сэ силъэпкъ нахь цIыкIу хэтэп, сэри
сятэ сырикIэлэ нахьыкI.

[16] Ау:

– Сэ сыуигъусэщтышъ, мыдианхэр зы нэбгырэу
пщымыхъоу зэхэпкъутэщтых,– ыIуи, Зиусхьаным
къыриIожьыгъ.

[17] – УнэшIу къысщыфагъэмэ,– ыIуагъ джащы-
гъум ГъыдыIон,– щэч хэмылъэу О укъызэрэздэ-
гущыIагъэм итамыгъэ сэгъэлъэгъу. [18] СыолъэIу
мыщ дэжьым уIумыкIыжь, тадэжь сэкIожьы,
тын къыпфэсэхьы, ар уапашъхьэ къисэлъхьэфэ.

Арыти:

– Сэ сыожэщт, къэогъэзэжьыфэ,– Зиусхьаным
джэуап къыритыжьыгъ.

[19] ГъыдыIон ядэжь кIожьи, чэцIыр шIуибзи,
лыр ыгъажъуи, ефэ[а] пщалъэм из хьаджыгъэм
хьалыгъу мыкIу-мыпш хишIыкIыгъ. Матэм лыр
рилъхьи, лэпсыр къошыным ригъахъуи, къыхьи
чъыгэе чIэгъым Къыщежэрэм фычIилъхьагъ.

[20] Арыти, Зиусхьаным и МэлэIич ащ къыри-
Iуагъ:

– Лымрэ хьалыгъумрэ къашти, мы мыжъошхом
телъхьэх, етIанэ ахэмэ лэпсыр атекIэжь.

[а] 6:19 Литрэ 22-рэ фэдиз горэ мэхъу.

Ащ зэриIуагъэу ГъыдыIон ышIыгъ. [21] Бэщэу
ыIыгъым ыцыпэ Зиусхьаным и МэлэIич лымрэ
хьалыгъумрэ анигъэсыгъ. Арыти, мыжъом мэ-
шIобзыир къызыхидзи, лымрэ хьалыгъумрэ зэ-
хистыхьагъэх. Ащ ыуж Зиусхьаным и МэлэIичи
кIодыжьыгъэ.

[22] ГъыдыIон ар зелъэгъум Зиусхьаным ар зэрэ
и МэлэIичыр къыгурыIуагъ:

– Е-о-ой-гущ! О зэкIэ зыIэ илъ Зиусхьанэу Тхьэр!
Зиусхьаным и МэлэIич ынэгу сыкIэплъагъи!–
ыIуи, къызIуипхъотыгъ.

[23] Ау Зиусхьаным къыриIуагъ:

– Зыгъэмамыр. Умыщын, улIэщтэп.

[24] ГъыдыIон Зиусхьаным къурмэншIыпIэ а чIы-
пIэм щыфигъэуцуи, «Зиусхьанып – мамырныгъ»
ыIуи, ащ цIэ фиусыгъ. Непэ къызнэсыгъэми, аби-
Iэзэр лъэпкъым ичIыгу Iахьэ хахьэрэ Iофрэ къалэ
дэжь, а къурмэншIыпIэр зэрэщыт.

[25] А чэщ дэдэм Зиусхьаным ГъыдыIон къыри-
Iуагъ:

– Уятэ иIэхъогъу илъэсибл зыныбжь шкIэ-
хъужъ[a] къыхэщ. ЕтIанэ уятэ иIэ БэIал къурмэн-
шIыпIэр зэхэкъути, Ащэр пкъэоу ащ дэжь щытри
иупкI. [26] А лъэгапIэм Зиусхьанэу уи Тхьэ къурмэн-
шIыпIэ хабзэм тетэу щыфэгъэуцуи, Ащэр пкъэур

[a] **6:25** Е: Зы шкIэхъу, етIанэ илъэсибл зыныбжь шкIэ-
хъужъ.

гъэстыныпхъэкIэ гъэфедэзэ, шкIэхъужъыр къурмэнгъэст шIы.

27 Арыти, ГъыдыIон иунэIутхэм ащыщэу нэбгырипшI гъусэ ышIыхи, Зиусхьаным къыриIуагъэр ыгъэцэкIагъ. Ау зыщыщ унагъом исхэмрэ къэлэдэсхэмрэ зэращыщынэрэм къыхэкIэу мафэр блигъэкIи, чэщым Iофыр зэшIуихыгъ.

28 Пчэдыжьым къэлэдэсхэр къызэтэджыжьхэм: мары, БэIал икъурмэншIыпIэ зэхэкъутагъ, ащ дэжь щыт Ащэр пкъэури иупкIыгъ, шкIэхъужъыри къурмэншIыпIакIэм къурмэнгъэст щашIыгъ.

29 – Хэт мыр зышIагъэр?– АIозэ, зэупчIыжьыхэу рагъэжьагъ. КIэупчIэхэмэ, лъыхъохэзэ, агъэунэфыгъ:

– Ар зышIагъэр Иоащ ыкъо ГъыдыIон!

30 Арыти:

– Пкъо къащи тапашъхьэ къигъэуцу,– аIуи, къэлэдэсхэр Иоащ шIонагъэх.– БэIал къурмэншIыпIэр зэхикъути, Ащэр пкъэоу ащ дэжь щытыгъэри риупкIыгъэшъ, ар укIыгъэн фае!

31 – БэIал шъудеIэнэу зышъогъэхьазыра?– ЯупчIыгъ Иоащ къэзэрэугъоихи, ыпашъхьэ къиуцуагъэхэм.– Шъора ар къэзыухъумэн фаер? Хэтми ащ къотэгъу фэхъурэр нэф къэмышъызэ лIэщт. БэIал тхьэ шъыпкъэмэ, икъурмэншIыпIэ зызэхакъутагъэкIэ, ежь-ежьырэу зыкъерэухъумэжь.

32 А мафэм щегъэжьагъэу «ИкъурмэншIыпIэ
зыкъутагъэр арышъ, БэIал ащ ерэбэныжь» аIуи,
ГъыдыIон ЕрыубэIал[a]-кIэ еджэхэу хъугъэ.

### *ГъыдыIон Тхьэм итамыгъэхэр къыригъэлъэгъунэу зэрелъэIугъэр*

33 ЕтIанэ мыдианхэм, Iамэлыкъхэм, зэкIэ нэмыкI
къокIыпIэ лъэпкъхэм акIуачIэ зэрагъэуIуи, зэгъу-
сэхэу Иордан псыхъом къызэпырыкIхи, ИзрыIэл
кIэим уцупIэ щагъэпсыгъ. 34 Джащыгъум Зиус-
хьаным ы Псэ ГъыдыIон зэлъиштагъэти, бжъэ-
мыешхом мэкъэгъэIоу епщи, ащ ыуж ихьанэу
абиIэзэр лIакъор къэзэрэугъоигъ. 35 Iашэ къаш-
тэнышъ къыгоуцонхэу ГъыдыIон мэкъэгъэIухэр
мынасэ лIакъор тыдэкIи зыщыпсэурэ чIыналъэм
ыгъэкIуагъэх. Джащ фэдэу мэкъэгъэIухэр ащэр, зэ-
булун, нафталый лIакъохэми афигъэкIуагъэхэти,
ахэри къакIохи, гъусэ къыфэхъугъэх.
36 ГъыдыIон Зиусхьаным риIуагъ:
– О а къызэрэсэпIуагъэм фэдэу, сэ сIэкIэ Изра-
илыр къэбгъэнэжьыщтмэ, 37 мары, мэлыцыр хьа-
мэм тесэубгъо. Осэпсэу къехырэр цым телъэу
чIыгур гъушъэу къызынэкIэ, Израилыр сэ сIэкIэ
къызэрэбгъэнэжьыщтыр шъыпкъэ дэдэу сшIошъ
хъущт.

[a] 6:32 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «БэIал орэбанэ».

38 Аущтэуи хъугъэ. КъыкIэлъыкIогъэ мафэм
ГъыдыIон жьэу къэтэджыгъ. Цыр ыфызэу зыфе-
жьэм, Iэгубжъэм из псы къыкIифызыкIыгъ.
39 Ащыгъум ГъыдыIон Зиусхьаным елъэIугъ:

– Укъысфэмыгубжэу, джыри зэ сыолъэIунэу фит сыкъэшI. Джыри мы цыр сэгъэушэтыжь. Джы цыр гъушъэу къэрэни, чIыгум осэпсыр терэлъ.

40 А чэщым Тхьэм джаущтэуи ышIыгъ: цы за-
къор гъушъэу къэнагъ, адыкIэ чIыгум зэрэщытэу
осэпсыр телъыгъ.

## Яблэнэрэ шъхьэр

### *Тхьэм мыдианхэр ГъыдыIон ыIэ къызэрэрилъхьагъэхэр*

7 [1] ЕрыубэIали (джары джы ГъыдыIон зэреджэ-
щтыгъэхэр) зэкIэ зэолIэу игъусэхэри пчэды-
жьым жьэу къэтэджхи, Хъэрэуд[a] псынэкIэчъым
дэжь уцупIэ щашIыгъ. Мыдианхэм яуцупIэ ахэм
ятемыр лъэныкъокIэ, кIэим, Морэ Iошъхьэ лъа-
пэм щыIагъ.

[2] – ЗэолI бащэ уигъус,– Зиусхьаным ГъыдыIон
къыриIуагъ.– Мыдианхэм ахэр атезгъэкIощтхэп,
армырмэ Израилым ежь текIоныгъэр къыдихы-
гъэу ылъытэнышъ, сапашъхьэ зыщигъэпэгэщт.
[3] ЯIу зэолIэу уигъусэхэм: «Хэтми щынэу, зыгу пы-
сысыхьэрэ пстэуми ГъылыIад[b] къушъхьэр къа-
рэгъани, ядэжь орэкIожьых».

Арыти, нэбгырэ мин тIокIырэ тIурэр кIожьи,
минипшIыр къэнагъ.

[4] Ау Зиусхьаным етIани ГъыдыIон къыриIуагъ:

---

[a] 7:1 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: Щынагъо е гузэжъогъу.

[b] 7:3 ГъылыIад зыфаIорэ къушъхьэри чIыналъэри Иордан псыхъом итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ щыIэх. Ау мы шъхьэм къыщыIотэгъэ хъугъэ-шIагъэхэр къызщыхъухэрэр Иордан псыхъом итыгъэкъохьэпIэ лъэныкъу, ИзрыIэл кIэим иIэгъо-благъу ары. Арышъ, ГъылыIадэу мыщ зигугъу къыщишIырэр нафэп.

– Джыри зэолI бащэ къэнагъ. ЗэкIэри псым щэхи, Сэ ахэр ащ дэжьым къыщыхэсхыщтых. «Мыр уигъусэу къыбдэкIощт» зыфасIорэр къэбгъэнэщт, «Мыр къыбдэкIощтэп» зыфасIорэр, гъусэ хъущтэп.

5 Арыти, ГъыдыIон зэолIхэр псым рищэлIагъэх. Джащ дэжьым Зиусхьаным ащ къыщыриIуагъ:

– Псым, хьэм фэдэу, елъыпIхэмрэ, лъэгонджэмышъхьэкIэ етIысэхыгъэхэу ешъохэрэмрэ бгъу зырыз гъэуцух.

6 ЗэолI шъищыр псым елъыпIыщтыгъэх, адрэ къэнагъэхэр лъэгонджэмышъхьэкIэ етIысэхыгъэу, IэгукIэ жэм фахьызэ, псым ешъощтыгъэх[a].

7 Арыти:

– А елъыпIырэ зэолI шъищымкIэ Сэ шъхьафит шъусшIынышъ,– къыриIуагъ Зиусхьаным ГъыдыIон,– мыдианхэри шъуIэ къислъхьащтых. Адрэхэр зэкIэ ядэжь орэкIожьых.

8 Джащыгъум ГъыдыIон зэолI шъищыр къыгъани, адрэ израилхэм зэкIэ гъомлапхъэу зыдаIыгъыгъэхэмрэ ябжъэмыехэмрэ къыщаригъанэхи, ядэжь, ящэтырхэм, агъэзэжьынэу ытIупщыжьыгъэх.

Мыдианхэм яуцупIэ ыхэкIэ, кIэим итыгъ.

9 А чэщ дэдэм Зиусхьаным ГъыдыIон къыриIуагъ:

[a] 7:6 Е: «ЗэолI шъищым IэгукIэ псыр ажэ фахьызэ елъыпIыщтыгъэх, адрэ къэнагъэхэр псым ешъонхэу лъэгонджэмышъхьэкIэ етIысэхыгъэх».

– ЗыIэти, мыдианхэм яуцупIэ, ар Сэ о пIэ къис-
лъхьащтышъ, тебан. [10] ЗыгорэкIэ утеонэу ощынэ-
мэ, уиIумэт Пурэ гъусэ шIи, шъэфэу ахэм яуцупIэ
екIуи, [11] ащ щаIорэм едэIу. Зэхэпхырэм уигъэгу-
шхонышъ, уцупIэм утеощт.

Арыти, ГъыдыIонрэ ащ иIумэт Пурэрэ шъэфэу
пый уцупIэм ехыгъэх, къэрэгъулэхэр зыдэщыт
IухьапIэм екIугъэх. [12] Мыдианхэр, Iамэлыкъхэр,
адрэ къокIыпIэ лъэпкъхэр мацIэм фэдэу, кIэим
изыгъэх. Ахэм махъшэу ягъусэр хы Iушъом Iулъ
пшахъом фэдэу багъэ.

[13] ГъыдыIон пый уцупIэм зынэсым, зыгорэм
пкIыхьапIэу ылъэгъугъэр игъусэ, мэущтэу ыIозэ,
фиIуатэщтыгъэ:

– Сэ пкIыхьапIэ гъэшIэгъон слъэгъугъэ! Хьэм
хэшIыкIыгъэ хьалыгъу хъураир мыдиан уцупIэм
чэрэгъузэ щычъэу. Ар щэтырым нэси, еуагъ, зэ-
пыригъази, зэхигъэуагъ.

[14] – Ащ къикIырэр,– ыIуагъ пкIыхьапIэр зыфа-
Iотагъэм,– Израилым щыщ Иоащ ыкъо ГъыдыIон
ичатэ къызэрэтфигъэзэщтыр ары нахь нэмыкIэп.
Мыдианхэми, тиуцупIи зэкIэми ащ ыIэ Тхьэм
тырилъхьагъэх.

[15] ПкIыхьымрэ ащ къикIырэмрэ ГъыдыIон зы-
зэхехым Тхьэм шъхьащэ фишIыгъ. Израил зэолI-
хэм яуцупIэ ГъыдыIон къыгъэзэжьи:

– ЗыкъэшъуIэт! Мыдианхэм яуцупIэ Зиусхьа-
ным шъуIэ къырилъхьагъэшъ,– ыIуи, ариIуагъ.

16 ЗэолI шъищыр купищэу ыгощи, зэкIэми
бжъэмые зырызрэ пхъэкъомашIо зэрыгъэбылъы-
хьэгъэ къошын нэкI зырызрэ аритыгъ.
17 – СадэжькIэ шъукъаплъэзэ,– ариIуагъ ащ
ахэм,– сэ зэрэсшIырэм фэдэу шъори шъушIы. Пый
уцупIэ гъунэм сызынэскIэ, сэ сшIэрэ дэдэр шъори
шъушIэ. 18 Сэрырэ сигъусэ купымрэ бжъэмыем
тепщэ зыхъукIэ, шъори уцупIэм ыбгъу пстэуми
ахэм шъукъыщяпщэзэ, шъукуу:
– Зиусхьанымрэ ГъыдыIонрэ ацIэкIэ тэзао!
19 ГъыдыIонрэ ащ игъусэ зэолIишъэмрэ пый
уцупIэм ыгъунэ чэщыгум зынэсхэм къэрэгъулэ-
хэр зэблэкIыгъэхэ къодыягъ. Ахэр бжъэмыехэм
япщэхи, къошынэу аIыгъхэр акъутагъэх. 20 Джа
дэдэми адрэ купхэм ахэт зэолIхэри бжъэмыемэ
къяпщагъэх, къошынхэри акъутагъэх. Iэ сэмэгум-
кIэ пхъэкъомашIохэр аIыгъхэу, Iэ джабгъумкIэ –
гъоу бжъэмыеу запщэхэрэр аIыгъхэу, къэкууагъэх:
– Зиусхьанымрэ ГъыдыIонрэ ацIэкIэ тэзао!
21 Пый уцупIэу къауцухьагъэм ихъурэягъэкIэ,
зэолI пэпчъ шъхьадж ичIыпIэ имыкIэу итыгъ. Ау
зехьэ-зечъэшхом хэтхэу мыдианхэр зэтекуожь-
хэзэ, ечъэжьэжьыгъэх.
22 Гъоу нэбгырэ шъищыр ябжъэмыехэм къы-
зяпщэхэм, зэкIэ мыдианэу уцупIэм дэсыгъэхэм
Зиусхьаным иIэмыркIэ чатэхэр къызэфырахы-
жьыгъэх. Цырэрэ гъогум тетэу пыидзэр Бэтщытэ

нэси, ащ блэкIи, Тэбат къалэ пэмычыжьэу щыт
Абэл-Мэхъолэ къалэм ичIыгъунапкъэ нэс чъагъэ.
23 Нафталый, ащэр лIакъохэм ащыщ израилхэмрэ
зэкIэ мынасэ лIакъомрэ зэрэугъойхи, мыдианхэм
алъежьагъэх. 24 ГъыдыIон Ефраим къушъхьалъэм
мэкъэгъэIухэр хитIупщыхьагъэх:

– Къушъхьэхэм шъукъяхи, мыдианхэм шъукъапэгъокIи, ахэм апэ Бэтбарэ нэсырэ псыхэми Иордан псыхъуи язэпырыкIыпIэхэр шъуубытых.

Ефраимэу къызэджагъэхэр къэсхи, псы зэпырыкIыпIэу Бэтбарэрэ Иорданрэ яIэхэр зэкIэ
аубытыгъэх. 25 Мыдиан пэщитIур, Iорэбрэ Зэебрэ,
къаубытыгъэх. Iорэб щаукIыгъ Iорэб къушъхьэ цакIэм дэжь, Зэеб сэнэшъхьэкIэфыпIэм дэжь Зэеб щаукIыгъ. ЕтIанэ мыдианхэм яфын израилхэм лъагъэкIотагъ. Iорэбрэ Зэебрэ ашъхьэхэр ГъыдыIон Иордан псырыкIым фырахыгъэх.

## Яенэрэ шъхьэр

### *ГъыдыIон къыдезымыгъэштагъэхэм аришIагъэр*

**8** [1] Ефраимхэм ГъыдыIон дэо лъэш къыфашIыгъ:
– Сыда аущтэу укъызыкIыддэзекIуагъэр?
Уязэонэу мыдианхэм узякIум сыд пай укъызыкIы-
тэмыджагъэр?– АIуи лъэшэу къыфэгубжыгъэх.
[2] Арыти, ГъыдыIон:
– Сыда шъо къышъолъытыгъэмэ сэ сшIагъэр?
Сызщыщ абиIэзэр лIакъом, зэкIэ сэнашъхьэу къыу-
гъоижьыгъэм нахьи Ефраим тауж итэу къышыпы-
жьыгъэ сэнашъхьэр нахь дэгъуба? [3] Мыдиан пщыхэу
Іорэбрэ Зээбрэ Зиусхьаным шъо шъуIэ къызыри-
лъхьагъэхэкIэ, шъо сышъуфэдэным пай сыда сэ
сшIэн слъэкIыщтыгъэр?– ЫIуи, джэуап аритыжьыгъ.
Аущтэу зареIом, адрэхэм ягубж кIосагъэ.
[4] Ащ ыуж ГъыдыIони ащ игъусэгъэ зэолI шъищ-
ри, лъэшэу пшъыгъагъэх нахь мышIэми, къызэ-
темыуцохэу, пыим илъэуж афи, Иордан псыхъоми
нэсхи, зэпырыкIыгъэх. [5] Арыти, ГъыдыIон Сукъот
къалэм дэсхэм ялъэIугъ:
– Сигъусэ зэолIхэм хьалыгъу къяшъутба. Ахэр
лъэшэу пшъыгъэх, ау сэ джыри мыдиан пачъы-
хьэхэу Зэбахърэ ЦалмунаIрэ ауж сэфы.

6 Ау Сукъот къалэм ипащэхэм къыраIуагъ:

– Тэ уизэолIхэм хьалыгъу къяттынэу, Зэбахърэ ЦалмунаIрэ о къэуубытыгъахэха?

7 Арыти, ГъыдыIон афэгубжыгъ:

– Зиусхьаным Зэбахърэ ЦалмунаIрэ сIэ къырилъхьэхэу къызызгъэзэжькIэ, а къэшъуIуагъэм пае пырэжъые панэрэ хьакъужърэкIэ шъукIышъо исщыщт.

8 ГъыдыIон ащ икIи Пэнуэл къалэм кIуагъэ, а лъэIу дэдэмкIи ащ дэсхэм зафигъэзагъэти, Сукъот къэлэдэсхэм къыраIогъэ шъыпкъэр ары ахэми джэуапэу къыратыжьыгъэр.

9 Арыти:

– ТекIоныгъэр сиеу къызызгъэзэжькIэ, мы чэшъанэр[a] зэхэскъутэщт,– ыIуи, Пэнуэл къэлэдэсхэм гущыIэ аритыгъ.

10 А уахътэм зэолI мин пшIыкIутф фэдиз ягъусэу пачъыхьэхэу Зэбахърэ ЦалмунаIрэ Къаркъор щыIагъэх, къокIыпIэ лъэпкъхэм ядзэ щыщэу ары къэнэжьыгъагъэр. Чатэр къизыхыгъэ дзэкIолIхэм ащыщэу заом хэкIодагъэр нэбгырэ минишъэрэ тIокIрэ зэрэхъущтыгъэр.
11 Къалэхэу Ныууахърэ Егъбэхрэ ятыгъэкъокIыпIэ лъэныкъо пхыры-

[a] 8:9 Ижъырэ джурт гущыIэу «мыгъдол» апэрэ мэхьанэу иIэр «чэшъан, плъэпIэ лъаг». Джащ фэдэу ащ пытапIэ е тхьэм иунэ ятIонэрэ мэхьани иIэн ылъэкIыщт. ЯтIонэрэ мэхьанэм ищысэ еплъ: 9:46-49.

кIырэ караван гъогумкIэ ГъыдыIон дэкIуайи,
ошIэ-дэмышIэу пый уцупIэм тебани, пыидзэр
зэхикъутагъ. [12] Зэбахърэ ЦалмунаIрэ кIатхъу-
жьыгъ. Ау ГъыдыIон ахэм алъежьи, мыдиан
пачъыхьитIур къыубыти, ядзэхэр щынэм зэ-
лъыригъэштагъэх.

[13] Хъэрэс лъэгапIэр къыдырикIозэ Иоащ ыкъо
ГъыдыIон заом къикIыжьыщтыгъэ. [14] Сукъот щыщ
кIэлакIэ горэ ащ дэжьым къыубыти, IуупчIыхьэ-
зэ, къэлэ пащэу ыкIи нахьыжъ упчIэжьэгъухэу
нэбгырэ тIокIищрэ пшIыкIублырэм ацIэхэр къы-
ригъэтхыгъэх. [15] ЕтIанэ ГъыдыIон Сукъот кIуи,
ащ дэсхэм ариIуагъ:

– Мары Зэбахърэ ЦалмунаIрэ! Шъо «тэ уизэолI
пшъыгъэхэм хьалыгъу къяттынэу, Зэбахърэ Цал-
мунаIрэ о къэуубытыгъахэха?» шъуIуи шъукъыз-
дэхьащхыгъагъэба!

[16] ГъыдыIон къалэм инахьыжъ упчIэжьэгъухэр
къыубытхи, Сукъот къэлэдэсхэм янэрылъэгъоу,
пырэжъые панэрэ хьакъужърэкIэ ашъо рихыгъ.
[17] ЕтIанэ Пэнуэл чэшъанэр зэхикъутагъ, къалэм
дэсхэри зэтыриукIагъэх.

[18] Аужыпкъэм Зэбахърэ ЦалмунаIрэ ГъыдыIон
яупчIыгъ:

– Табор щышъуукIыгъэ цIыфхэр сыд фэдагъэха?

– Ощ фэдагъэх, зэкIэми пачъыхьэм ыкъо фэдэ
теплъэ яIагъ,– къыраIожьыгъ.

[19] – Ахэр сэ сшыгъэх, сянэ икIэлагъэх.– ЫIуагъ ГъыдыIон.– Зиусхьаныр зэрэщыIэр сэIо: тхьэрыIо сэшIы! Шъо ахэр псэоу къэжъугъэнэгъагъэхэмэ, сэри шъупсэ згъэгъущтгъэп.

[20] ЕтIанэ ГъыдыIон ыкъо нахьыжъэу Етэр зыфигъази, риIуагъ:

– Еуи мыхэр укIых!

Ау Етэр джыри ныбжьыкIэти, мэщынэти, чатэр къырихыгъэп.

[21] Арыти, Зэбахърэ ЦалмунаIрэ:

– Ор-орэу къытауи тыукI. ЦIыфым итеплъэр икъарыу,– аIуи, къыраIуагъ.

Джащыгъум ГъыдыIон къэтэджи, тIури ыукIи, мэзэныкъо теплъэ зиIэ гъэдэхалъэхэу[a] ямахъшэхэм апшъэхэм арылъыгъэхэр къарихыгъэх.

### *ГъыдыIон израилхэр Тхьэм игъогу зэрэтыригъэкIыгъэхэр*

[22] Ащ ыуж:

– Орышъ мыдианхэм такъыIэкIэзыхыжьыгъэр о Iэшъхьэтет къытфэхъу. ЕтIанэ Iэшъхьэтет къытфэрэхъух о пкъуи, пкъом ыкъожьи ,– аIуи, израилхэм ГъыдыIон раIуагъ.

[23] Ау ГъыдыIон ар ыдагъэп:

[a] **8:21** Наем щызыухъумэрэ пкъыгъоу цIыфхэм алъытэщтыгъэ.

– Сэри Iэшъхьэтет сышъуфэхъущтэп, скъуи Iэшъхьэтет шъуфэхъущтэп. Зиусхьаныр ары шъо шъузыгъэIорышIэщтыр.

[24] ЕтIанэ ГъыдыIон цIыфхэм ариIуагъ:

– ЗыкIэ сышъолъэIу. Шъуинэбгырэ пэпчъ къонтхъ Iахьэу къытефагъэм къыхерэхи, тхьакIумпылъхьэ зырыз къысерэтба.

Пыйхэр исмахьилэ[a] лъэпкъым щыщыгъэхэти, дышъэ тхьакIумпылъхьэхэр апылъыгъэх.

[25] – Тигуапэу оттын,– аIуи, щыгъын кIыIутелъыр аубгъуи, зэкIэми якъонтхъ Iахьэ щыщэу дышъэ тхьакIумпылъхьэ зырыз ащ тырадзагъ. [26] Дышъэ тхьакIумпылъхьэу ГъыдыIон къыратыгъэхэм ауасэ зэхэубытагъэу шэкъэл минрэ шъиблырэ[b] фэдиз хъугъэ. Ащ хахьэщтыгъэп мэзэныкъо теплъэ зиIэ гъэдэхалъэхэр, пшъэрылъхэу мыдиан пачъыхьэхэм апылъыгъэхэри, плъыжь-чIэпцIэшъо щыгъынхэу ащыгъыгъэхэри, пшъэхъоу махъшэхэм апшъэ илъыгъэхэри. [27] А дышъэм ГъыдыIон чэтэнIабгъу[c] хишIыкIи, ежь зыщыщ къалэу Iофрэ

[a] 8:24 Исмахьил – Мыдиан фэдэу, Ибрэхьимэ ыкъуагъ. Ахэм къатекIыгъэхэ мыдианхэмрэ исмахьилхэмрэ зы лъэпкъэу алъытэх, мыдианкIэ яджэх. (Еплъ: тхылъэу «УблапIэ» 16:15, 25:2, 37:28).

[b] 8:26 Мыр килограмм тIокI фэдиз горэ мэхъу.

[c] 8:27 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «ефод». Зыфэдэ дэдэр гурыIогъуай, ау шэкI лъапIэм хэшIыкIыгъэ кIэпхын е щыгъын кIэракIэу ары зэрэплъытэн плъэкIыщтыр.

чIыпIэ щыфигъэнэфагъ. Арыти, зэкIэ израилхэм чэтэнIабгъум шъхьащэ фашIынэу ащ кIохэу рагъажьи, Зиусхьанэу я Тхьэ фэшъыпкъэжьыгъэхэп. Джащ фэдэу ГъыдыIони ащ иунагъуи а чэтэнIабгъур убытыпIэ афэхъугъ.

### *ГъыдыIон дунаим зэрехыжьыгъэр*

28 Джаущтэу израилхэр мыдианхэм атекIуагъэхэти, адрэхэм ашъхьэ къаIатыжьыгъэп. Ащ ыуж ГъыдыIон къыгъэшIэгъэ илъэс тIокIитIум чIыналъэм щымамырыгъ.

29 Ащ фэдизым Иоащ ыкъоу ЕрыубэIал, ар ГъыдыIон ары, ядэжь кIожьыгъэу, тIысыжьыгъэу щысыгъ.

30 ГъыдыIон шъхьэгъусэ бэу иIагъэти, шъэо тIокIищрэ пшIырэ ащ фагъотыгъ. 31 Щэхэм къалэм
щыпсэущтыгъэ ишъуз гуадзэ шъао къыфилъфыгъэти, ГъыдыIон ащ Абимэлэх[a] фиусыгъ. 32 Иоащ
ыкъо ГъыдыIон ныбжьышIу иIэу игъашIэ зеухым, абиIэзэр лъэпкъым ичIыгу Iахьэ хахьэрэ Iофрэ къалэ ятэ икъэунэу итым чIалъхьажьыгъ.

---

ЧэтэнгъэIэгъэ ЛъапIэм чIэт къурмэнышIым щыгъыщтыгъэ, Тхьэм иIэмыр зэригъашIэ хъумэ ар щыгъын фэягъ. Еплъ: тхылъэу «МысырикIыжь» 28:6–30. Загъори, тхьэ нэпцIыхэм афэлэжьэгъэным телъытэгъэ хабз. Еплъ: мы тхылъым 17:5; 18:14, 17.

[a] **8:31** Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «пачъыхьэр – сят».

[33] ГъыдыIон зэрэлIагъэм лъыпытэу, израил-
хэр гъогу тэрэзым текIыхи, БэIал тхьэнэпцIым
шъхьащэ фашIэу аублэжьи, Зиусхьанэу я Тхьэ
фэшъыпкъэжьыгъэхэп. БэIал-Бэрыт[a] тхьэнэпцIыр
ятхьэу алъытэу рагъажьи, [34] Зиусхьанэу израилым
и Тхьэу къягъэтIысэкIыгъэ пыйхэм къаIэкIэзы-
хыжьыгъэр агу къэкIыжьыгъэп. [35] ЕрыубэIалрэ
(ГъыдыIон джары зэреджэщтыгъэхэр) ащ иуна-
гъорэ афэшъыпкъэжьыгъэхэп, ащ Израилым шIоу
фишIагъэр зэкIэ ащыгъупшэжьыгъ.

a 8:33 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «Зэзэгъыныгъэм изиус-
хьан».

## Ябгъонэрэ шъхьэр

### *Абимэлэх*

**9** [1] Зэгорэм ЕрыубэIал (ар – ГъыдыIон ары) ыкъо
Абимэлэх Щэхэм янэшхэм адэжь кIуи, ахэми
янэ зыщыщ лIакъом зэкIэми ариIуагъ:

[2] – Щэхэм щыпсэурэ пстэуми шъуяупчI: «Сыда
шъоркIэ нахьышIур, ЕрыубэIал ыкъо тIокIищырэ
пшIырэр шъуиIэшъхьэтетыныр ара, хьаумэ зы
нэбгырэ шъуигъэIорышIэныр ара?» Зыщышъу-
мыгъэгъупш, шъул сызэрэщыщыри шъулъы сы-
къызэрэхэкIыгъэри!

[3] Ащ янэшхэм Щэхэм къалэм дэсхэм къэбарыр
зараIуатэм, «ар тэ тшы» аIуи, ахэр Абимэлэх гоуцуа-
гъэх. [4] БэIал-Бэрыт иунэ чIэлъым щыщэу тыжьын
шэкъэл тIокIищрэ пшIырэ[a] къыратыгъэти, Аби-
мэлэх а ахъщэмкIэ шIоигъор зышIэрэ бзэджашIэ
куп къызгуищи, ахэр ыуж ихьагъэх. [5] ЕтIанэ ахэр
игъусэхэу ятэ иунэу Iофрэ къалэ дэтым къакIуи,
ышхэр зэкIэ, ЕрыубэIал ыкъо тIокIищрэ пшIы-
рэр, зы мыжъом тыриукIыхьагъэх. Ау ЕрыубэIал
ыкъо нахьыкIэу Иотам закъор, зигъэбылъыгъэти
псэоу къэнагъ.

---

[a] **9:4** Мыр грамм шъий фэдиз горэ мэхъу.

[6] Къэлэдэсхэмрэ Бэт-Мылэ чэшъаным[a] щыпсэухэрэмрэ зэкIэ зэрэугъойхи, Щэхэм пэгъунэгъоу щыт чъыгэешхом дэжь Абимэлэх пачъыхьэу ашъхьагъ щырагъэуцуагъ.

### *Абимэлэхрэ Щэхэм дэсхэмрэ Иотам зэрябгыгъэр*

[7] Хъугъэр Иотам зыраIом, ар кIуи, Гъэрызым къушъхьэм дэкIуайи, къякууи, цIыфхэм къариIуагъ:

– ШъукъысэдэIуи, Щэхэм дэсхэр, шъори Тхьэм шъукъызэхихыжьыщт! [8] Пачъыхьэ ашъхьагъ рагъэуцонэу зэгорэм чъыгхэм рахъухьагъ. Зэйтуным раIуагъ:

– Пачъыхьэ къытфэхъу!

[9] Ау зэйтуным къариIожьыгъ:

– Чъыгхэм ашъхьагъ сызэритыщтым пай, тхьэхэмрэ цIыфхэмрэ зэрагъэлъапIэрэ дагъэр IэкIыб сшIынэуи?

[10] Арыти, чъыгхэм ахъо чъыгым раIуагъ:

– КъакIуи, о пачъыхьэ къытфэхъу.

[11] Ахъоми къариIожьыгъ:

– Чъыгхэм ашъхьагъ сызэритыщтым пай, шхынцумпэ IэшIоу къыспыкIэрэр IэкIыб сшIынэуи?

[12] Чъыгхэм сэнэшъхьэ бжалэм раIуагъ:

---

[a] **9:6** Щэхэм къалэ игъунэгъу е ащ дэт пытапI.

– О къакIуи пачъыхьэ къытфэхъу.
[13] Ау сэнэшъхьэ бжалэм къариIожьыгъ:
– Чъыгхэм ашъхьагъ сызэритыщтым пай,
тхьэхэри цIыфхэри зыгъэчэфхэрэ сисанэ IэкIыб
сшIынэуи?
[14] Аужыпкъэм чъыгхэм пырэжъыем зыфагъэ-
загъ:
– КъакIуи, о пачъыхьэ къытфэхъу.
[15] Арыти, пырэжъыем чъыгхэм къариIожьыгъ:
– Сэ пачъыхьэу шъуашъхьагъ сижъугъэуцонэу
шъузэрэфаер шъыпкъэмэ, шъукъакIуи, сижьау
зыщыжъугъэгупсэф. Мышъыпкъэмэ, пырэжъыем
машIо къызыхидзыни, ливан кедрэхэр ащ хэс-
тыхьащтых.
[16] – Арышъ шъуеплъ,– ыIуи Иотам игущыIэ
лъигъэкIотагъ,– Абимэлэх пачъыхьэ зышъошIым,
шъыпкъагъэрэ зэфагъэрэкIэ шъузекIуагъа? Ерыу-
бэIали ащ иунагъуи тэрэзэу шъуадэзекIуагъа,
къалэжьыгъа яшъушIагъэр? [17] Сятэ шъощ пай
зэуагъ, мыдианхэм шъуакъыIэкIихыжьыным
пай, ыпсэ еблэжьыгъэп. [18] Ау шъо джы сятэ иуна-
гъо шъупэуцуи, ащ ыкъо тIокIищрэ пшIырэр зы
мыжъом тешъуукIыхьи, иунэIут бзылъфыгъэ
ыкъоу Абимэлэх зэрэшъуиIахьылым къыхэкIэу,
Щэхэм щыпсэухэрэм пачъыхьэу ашъхьагъ ижъу-
гъэуцуагъ. [19] ЕрыубэIалрэ иунагъорэ шъыпкъа-
гъэрэ зэфагъэрэкIэ шъуадэзекIуагъэмэ, Абимэлэх

джы шъущыгушIукI, ежьыри къышъущэрэгу-
шIукIыжь. 20 Мышъыпкъэмэ, Абимэлэх машIо
къыхэрэкIи, Щэхэмрэ Бэт-Мылэрэ ащыпсэухэрэр
зэхерэстыхьэх, шъори Щэхэмрэ Бэт-Мылэрэ адэс-
хэм машIо къышъухэрэкIи Абимэлэх ерэст!
21 Ар ыIуи, Иотам Бэр къалэм чъи, дэтIысхьагъ,
ышэу Абимэлэх ащ зыщышIуигъэбылъыгъ.

### *Абимэлэх зэрэлIагъэр*

22 Абимэлэх Израилым илъэсищэ тетыгъо щиIы-
гъыгъ. 23 Ау Абимэлэхрэ Щэхэм дэсхэмрэ азыфагу
Тхьэм джынапцIэ къыдитIупщыхьи, Щэхэм къэ-
лэдэсхэр Абимэлэх емыдэIужьхэ хъугъэ. 24 Аущтэу
зыкIэхъугъэр, ЕрыубэIал ыкъо тIокIищырэ пшIы-
рэм жъалымыгъэу адызэрахьагъэр ягъэпщыны-
жьыгъэным, Абимэлэхрэ Щэхэм щыпсэухэу ышхэр
ыукIынхэмкIэ IэпыIэгъу къыфэхъугъэхэмрэ ахэм
алъ къатефэным пай. 25 Абимэлэх зэрагъэпыйрэм
къыхэкIэу Щэхэм дэсхэр къушъхьэ дэкIыпIэхэм
къащыпэтIысхэти, зэкIэ гъогум рыкIорэ цIыфхэр
ахъункIэщтыгъэх. А къэбарыр Абимэлэх фаIотагъ.
26 Ащ тефэу Iэбэд ыкъо ГъэIал ышхэр игъусэхэу
Щэхэм къэкIуагъэти, къэлэдэсхэм ащ цыхьэ фа-
шIыгъ. 27 Лэжьыгъэ Iухыжьыгъо хъугъэти, зэкIэ
къэлэдэсхэр губгъом дэкIыгъэхэу, сэнашъхьэр
пачыжьыщтыгъэ, сэнэшъхьэ кIэфыпIэхэм ащыкIа-
фыщтыгъэ. ЫужыкIэ ятхьэ иунэ мэфэкIышхохэр

щызэхащэхэти, ащ щешхэщтыгъэх, щешъощты-
гъэх, Абимэлэхи щебгыщтыгъэх.
[28] Іэбэд ыкъо ГъэІал ыІуагъ:
– Хэта Абимэлэх, тэри, Щэхэм дэсхэм, тыхэт,
ащ тыфэІорышІэнэу? ЕрыубэІал ыкъоба ар, Зэбул-
ба ащ пащэу ыгъэнэфагъэр? Щэхэм ятэу Хъамор
ицІыфхэм шъуафэлажь! Сыда Абимэлэх тызкІыфэ-
ІорышІэщтыр? [29] А цІыфхэр сэ сфэІорышІэщтыгъэ-
хэмэ, Абимэлэх къыІэкІэсхыжьыныгъэхи! «Уидзэ
къэугъои, къыдэкІ!»– сІони, есІоныгъэи.
[30] Къэлэ пащэу Зэбул Іэбэд ыкъо ГъэІал игущы-
Іэхэр зызэхехым, лъэшэу къэгубжыгъ. [31] Абимэлэх
шъэфэу къэбарыхьэхэр фигъэкІуагъэх:
– Іэбэд ыкъо ГъэІалрэ ащ ышхэмрэ Щэхэм къэ-
кІуагъэхэу, къэлэдэсхэр къыпфагъэблых. [32] Арышъ,
къэтэджи, уизэолІхэр уигъусэхэу, чэщым шъофым
дэкІи, ащ къащыпэтІыс. [33] Пчэдыжьым, нэфылъыр
къызыщызэкІичырэм тэджи, къалэм теу. ГъэІал
изэолІхэр игъусэхэу къызыппежьэхэкІэ, укъызэ-
кІэмыкІоу пфяшІэшъурэр зэкІэ яшІ.
[34] Арыти, Абимэлэх изэолІхэр игъусэхэу къа-
кІохи, купиплІэу загощи, Щэхэм дэжь ащыпэ-
тІысыгъэх. [35] Іэбэд ыкъо ГъэІал къалэм къыдэкІи,
къэлэпчъэшхохэм адэжь къыщыуцугъэу, Абимэ-
лэхрэ ащ игъусэгъэ зэолІхэмрэ зызщагъэбылъыгъэ
чІыпІэм ар дэдэм къыкъокІыгъэх.
[36] Ахэр зелъэгъухэм ГъэІал Зэбул риІуагъ:

– Плъэлъ, олъэгъуа модэ къушъхьэм цIыфхэр къехых!

– Къушъхьэм къытыридзэрэ ныбжьыкъур ары о цIыфэу къыпщыхъурэр,– къыриIожьыгъ ащ Зэбул.

[37] Ау ГъэIал ятIонэрэуи риIуагъ:

– Еплъ, мо лъэгапIэм цIыфхэр къехых, зы купи Усэрэжъхэм ячъыгае зыдэщыт лъэныкъомкIэ къекIы.

[38] Арыти, Зэбул ащ къыриIуагъ:

– «Хэта Абимэлэх, тыфэIорышIэнэу?»– орыба зыIуагъэр, уишъхьащытхъужьныгъэ джы тыдэ хъужьыгъа? А цIыфхэр арыба о узкIэнакIэщтыгъэр? Арымэ, джы еу, дэкIи, ахэмэ язау!

[39] Джащыгъум ГъэIал Щэхэм дэсхэм апэ иуцуи, Абимэлэх езэуагъ. [40] ГъэIалрэ игъусэхэмрэ Абимэлэх къызырефыжьэхэм, ахэм агъэзэжьи къэлэ дэхьапIэмкIэ чъагъэх, ау къэлапчъэм нэмысхэзэ ащыщэу бэ аукIыгъ. [41] ЕтIанэ Абимэлэх Арум къалэм дэтIысхьагъ, къэлэ пащэу Зэбул ГъэIали ащ ышхэри Щэхэм къыдифыгъэх.

[42] КъыкIэлъыкIогъэ мафэм Щэхэм дэсхэр губгъом зыдэкIхэм, а къэбарыр Абимэлэх нагъэсыгъэти, [43] изэолIхэр ыугъоихи, купищэу ыгощхи, губгъом щапэтIысыгъ. Къалэм къыдэкIырэ цIыфхэр зелъэгъухэм, зиIати, атеуагъ. [44] Абимэлэхрэ ащ игъусэгъэ купхэмрэ къалэм зэрыдахьэхэрэ къэлапчъэхэм адэжь уцугъэх, адрэ купитIур губгъом

итыгъэхэм атебанэхи, ахэр зэхаукIагъэх. 45 Абимэ-
лэх къалэр ештэфэ, ащ дэсхэр зэкIэ еукIыфэхэ, мэфэ
реным зэуагъэ. Аужыпкъэм къалэр зэхикъути, ар
зыдэщытыгъэ чIыпIэм щыгъу тыритэкъожьыгъ[a].

46 А къэбарыр зызэхахым, Щэхэм чэшъаным
дэсыгъэхэр БэIал-Бэрыт[b] унэм ичIыунэ-пытапIэ
ехыгъэх. 47 Ахэр ащ зэрэщызэрэугъоигъэхэр Аби-
мэлэх зыраIом, 48 изэолIхэр игъусэхэу Цалмон
къушъхьэм дэкIоягъ. Обзэгъур къышти, къутэ-
мэ заулэ къыпиупкIи, ытамэ къытырилъхьагъ.
Игъусэгъэ зэолIхэм унашъо афишIыгъ:

– ПсынкIэу сэ зэрэсшIыгъэм фэдэу шъори шъу-
шIы.

49 Арыти, зэкIэми къутамэхэр къыпаупкIхи,
Абимэлэх ыуж ихьагъэх. ЧIыунэ чIэхьапIэм дэжь
къутамэхэр щызэтыралъхьэхи, машIо кIадзэ-
жьыгъ. Джащ фэдэ шIыкIэу чэшъаным чIэсыгъэ
хъулъфыгъэхэри бзылъфыгъэхэри зэкIэ, нэбгырэ
мин фэдиз агъэстыгъэх.

50 Ащ ыуж Абимэлэх Тэбэц къалэм екIуи, ар
ыубытыгъ. 51 Ау къалэм чэшъан пытэ дэтыгъэ-
ти, хъулъфыгъи бзылъфыгъи къалэм дэсыр зэкIэ

---

a 9:45 Нэлат зэрэрихыгъэм мыр инэшанэу щыткIэ енэ-
гуягъо.

b 9:46 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэрэ-
хэтыр: «Эл Берит». Имэхьанэр – «Зэзэгъыныгъэм итхь».
Мыр БэIал-Бэрыт ятIонэрэ цIэу иI. (Еплъ: 8:33, 9:4).

ащ ечъэжьыгъэх. Зыдагъэпытыхьи, чэшъанэм
ышъхьэ дэкIоягъэх. [52] Абимэлэх чэшъанэм екIуи,
къыдзыхьи, машIо кIидзэнэу ипчъэм благъэу
екIолIагъ. [53] Джа чIыпIэм зы бзылъфыгъэ горэм
мыжъошъхьалышъхьэр чэшъаным къыридзы-
хи, Абимэлэх ышъхьэ къупшъхьэ пхыриутыгъ.

[54] Арыти, Абимэлэх иIэшэзехьэ кIалэм къеджи,
ащ риIуагъ:

– «Ар бзылъфыгъэм ыукIыгъ» зэрамыIоным
пай, уичатэ къыхи, сыукI.

Ащ зэриIуагъэу, иIумэт чатэр къызыхеIум,
ыпсэ хэкIыгъ.

[55] Израилхэм Абимэлэх зэрэлIагъэр залъэгъум,
зэбгырыкIыжьхи, шъхьадж ядэжь кIожьыгъ.
[56] Джаущтэу Тхьэм Абимэлэх ыгъэпщынэжьыгъ,
ыш тIокIищрэ пшIырэр ыукIи, ятэ бзэджэшIагъэ
зэрэлъишIэжьыгъэм пай. [57] Джащ фэдэу Щэхэм
дэсхэри бзэджэшIагъэу ашIагъэхэм апае ыгъэ-
пщынагъэх. ЕрыубэIал ыкъо Иотам ибгыбзэ ахэм
атефагъ.

## ЯпшIэнэрэ шъхьэр

### *ТолаI*

**10** [1] Абимэлэх ыуж Израилыр къэзыгъэнэжьы-
нэу зыкъэзыIэтыгъэр иссашхар лIакъом
щыщ Додэ ыкъо Пуа ыкъожьэу ТолаI ары. Ефраим
къушъхьалъэхэм ахэт Шамир къалэм ар дэсыгъ.
[2] ТолаI Израилым игъуазэу илъэс тIокIрэ щырэ
щытыгъ. ЕтIанэ лIи, Шамир щагъэтIылъыжьыгъ.

### *Яир*

[3] Ащ ыуж ГъылыIад щыщ Яир зыкъыIэти, илъэс
тIокIрэ тIурэ Израилым гъуазэу иIагъ. [4] Щыдыхэм
атесэу зекIохэу[a] къо щэкI ащ иIагъ. ГъылыIад къэ-
лэ щэкI ахэм щыряIагъ, непэ къызнэсыгъэми Яир
икъуаджэхэкIэ[b] яджэх. [5] Яир зэлIэм ыуж, Къамон
щагъэтIылъыжьыгъ.

### *Израилхэр къин зэрэхэфагъэхэр*

[6] Израилхэм джыри Зиусхьаным къемы-
кIущтхэр ашIэхэу рагъэжьэжьыгъ. ТхьэнэпцIхэу
БэIалрэ Астартэрэ, арамхэм, цыдонхэм, моабхэм,
Iамонхэм, фылистхэм ятхьэхэм ахэм шъхьащэ

---

[a] **10:4** ЦIыфыр зыщыщ лIакъор зэрэфэшIыгъэм, зэрэлъэ-
рыхьым а лъэхъаным итамыгъэу алъытэщтыгъэ.
[b] **10:4** Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «Хьаот-ЯIир».

афашIыщтыгъэти, я Зиусхьани кIэрыкIыгъэхэу
Ащ фэлажьэщтыгъэхэп. [7] Джащыгъум Зиусхьаным
игубж къафызэкIани фылистхэмрэ Iамонхэмрэ
Израилыр аIэ рилъхьагъ, [8] адрэхэм израил цIыф
лъэпкъыр, хьэзаб рагъэщэчызэ, агъэпщылIыгъ.
Амэрхэр зыщыпсэущтыгъэхэ чIыгоу Иорданым
итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъо ит ГъылыIад исыгъэ
израилхэр ащ щегъэжьагъэу илъэс пшIыкIуим
къыкIоцI бжьым чIэтыгъэх. [9] Аужыпкъэм Ехъудэ,
Бинямин, Ефраим лIакъохэм къязэонхэу, Iамон-
хэр Иордан псыхъом къызэпырыкIхи, израилхэр
тхьамыкIэгъошхом хадзагъэх. [10] Арыти, израилхэм
Зиусхьаным лъэIушхокIэ зыфагъэзагъ:

– Уапашъхьэ тэ псэкIод щытшIагъ, ти Тхьэ Iэ-
кIыб тшIи БэIал тыфэпщылIыгъ.

[11] Зиусхьаным ахэм къариIожьыгъ:

– Мысырхэм, амэрхэм, Iамонхэм, фылистхэм,
[12] цыдонхэм, Iамэлыкъхэм, мэIонхэм[a] шъуагъэ-
пщылIы зэхъум, шъукъызысэлъэIум Сэ шъуакъы-
IэкIэсхыжьыгъэба? [13] Ау шъо сыкъэжъугъани,
нэмыкI тхьэхэм шъуафэлэжьагъэшъ, джащ нахьэу
Сэ шъукъэзгъэнэжьыщтэп. [14] ШъукIуи шъуялъэIу
нэмыкI тхьэхэу шъо къыхэшъухыгъэхэм. Ахэм
гузэжъогъоу шъузыхэтым шъукъыхарэщи, шъу-
къарэгъэнэжь!

[a] 10:12 Е: «мыдианхэм».

15 Ау израилхэр етIани Зиусхьаным елъэIугъэх:
– Тэ псэкIод тшIагъэшъ, О узыфэе шъыпкъэр
къыташI, ау мызэгъогум мы гузэжъогъум тыхэ-
щыжьи!
16 Арыти, ахэм хымэ тхьэхэр чIадзыжьхи, Зиус-
хьаным шъхьащэ фашIэу рагъэжьэжьыгъ. Джа-
щыгъум израил цIыфхэм къинэу ащэчырэр аты-
римыхын Тхьэм фэлъэкIыгъэп.
17 Iамонхэм заом зыфагъэхьазырзэ, ГъылыIад
чIыналъэм дзэ уцупIэ зыщагъэпсым, израилхэр
къэзэрэугъоихи, ахэми Мыцпэ[a] дэжь яуцупIэ
щагъэпсыгъ. 18 Ар зылъэгъугъэ цIыфхэу Гъылы-
Iад дэсхэмрэ ащ ипащэхэмрэ зэраIожьыщтыгъэ:
– Хэтми апэу Iамонхэм язэоныр езыгъажьэрэр
ары ГъылыIад щыпсэурэ пстэуми Iэшъхьэтет
афэхъущтыр.

[a] 10:17 ГъылыIад чIыналъэм Иордан псыхъом итыгъэ-къокIыпIэ лъэныкъокIэ гъэзагъэу ит къал. Мыр я 20-21-рэ шъхьэхэм зигугъу къащишIырэ Мыцпэр арэп.

## ЯпшIыкIузэнэрэ шъхьэр

### *Ифтахъ*

**11** 1 ГъылыIад щыщ Ифтахъ зэолI бланэу щы-
тыгъ. Ащ янэ бзылъфыгъэ хэтэкIуагъ, ятэр
ГъылыIад арыгъэ. 2 ГъылыIад ишъхьэгъуси къо-
хэр къыфилъфыгъэх. Ахэр лIыпкъым зеуцохэм,
Ифтахъ зыхафыгъ.
– О тэ тянэ укъылъфыгъэпышъ, тятэ имылъ-
кукIэ Iэхьэгъу укъытфэхъущтэп,– аIуи раIуагъ.
3 Ифтахъ ышхэр къыбгынэхи, ышъхьэ хихьа-
жьи Тэу чIыналъэр псэупIэкIэ къыхихыгъ. Iофын-
чъэ бзэджашIэхэр пыщэгъу къыщыфэхъугъэх,
Ифтахъ ягъусэу тео кIохэу рагъэжьагъ.
4 Охътэ дэхэкIае тешIагъэу Iамонхэм Израилым
зао къызырашIылIэм, 5 Ифтахъ къащэжьынэу Гъы-
лыIад щыщ нахьыжъ упчIэжьэгъухэр Тэу кIуагъэх.
6 – КъэкIожьи, дзэпащэ къытфэхъуи, Iамонхэм
тягъэзау,– раIуагъ ахэм.
7 Арыти, Ифтахъ къариIуагъ:
– Шъорыба сызылъэгъу мыхъугъэр, сятэ иунэ
сыкъизыфыгъэр? Арымэ, сыда джы гузэжъогъу
шъузхэфэм, садэжь шъукъызкIэкIуагъэр?
8 – Арыба тыкъызкIэкIуагъэри тыкъыз-
кIыолъэIури: укъыддэкIожьынышъ, Iамонхэм

укъыддязэонэу, ащ нэмыкӀэу ГъылыӀад щыпсэурэ пстэуми уряӀэшъхьэтетынэу тыфай,– аӀуагъ нахьыжъ упчӀэжьэгъухэм.

9 Арыти:

– Ӏамонхэм сяжъугъэзэонэу сышъуущэжьыгъэу, Зиусхьаным ахэр сӀэ къырилъхьагъэхэу сэӀо, етӀанэ сэ шъыпкъэ дэдэмкӀэ пстэуми Ӏэшъхьэтет сафэшъуушӀыщта?– Ифтахъ яупчӀыжьыгъ.

10 ГъылыӀад щыщ нахьыжъ упчӀэжьэгъухэм:

– Орырэ тэрырэ Тхьэр тишыхьат! О къызэрэпӀуагъэм фэдэ шъыпкъэу тшӀынкӀэ,– аӀуи, ягущыӀэ тхьэрыӀокӀэ къагъэшъыпкъэжьыгъ.

11 Арыти, ГъылыӀад щыщ нахьыжъ упчӀэжьэгъухэм ягъусэу ар адэкӀожьыгъ, цӀыфхэми Ӏэшъхьэтетэуи дзэпащэуи ашъхьагъ рагъэуцуагъ. Ащ ыуж, Мыцпэ дэжь Ифтахъ джыри зэ Зиусхьаным ыпашъхьэ нахьыжъ упчӀэжьэгъухэм ариӀогъэ гущыӀэхэр къыщыкӀиӀотыкӀыжьыгъэх.

12 ЕтӀанэ Ифтахъ Ӏамон пачъыхьэм лӀыкӀохэр фигъэкӀуагъэх.

– Сыд фэдэ дауа о къысфыуиӀэр сихэку укъытеонэу?– ыӀуи, ригъэупчӀыгъэх.

13 Ӏамон пачъыхьэм лӀыкӀохэм джэуап къаритыжьыгъ:

– Израилыр Мысырым къызекӀыжьым, Арнон псыхъом щегъэжьагъэу Ябэкъ псыхъомрэ Иордан

псыхъомрэ анэсыщтыгъэ сичIыгу ыубытыгъ.
Арышъ, бырсыр къыхэмыхьэу къысэтыжь.

[14] Ифтахъ ятIонэрэу лIыкIохэр Iамон пачъыхьэм
дэжь ыгъэкIуагъэх, [15] мырэущтэу раригъэIуагъ:

– Ифтахъ мары ыIорэр: Израилым ыубытыгъэ-
хэп Моаб ичIыгуи, Iамон чIыгури. [16] Израилхэр
Мысырым къикIыжьхэ зэхъум, шъофнэкIым итхэу
хы Къамылым нэс кIохи, Къадэщ къалэм екIугъэх[a].
[17] Ащ ригъэкIхи Израилым Едом пачъыхьэм лIы-
кIохэр фигъэкIуагъэх: «УичIыгу сырыкIонэу фит
сыкъэшI»,– ыIуи, раригъэIуагъ. Ау Едом пачъыхьэр
ащ къезэгъыгъэп. Моаб пачъыхьэми джащ фэдэу
лIыкIохэр фигъэкIуагъэх, ау ари къезэгъыгъэп.
Джаущтэу Израилыр Къадэщ къыдэнагъ.

[18] Ащ ыуж шъофнэкIым къыщикIухьагъ, Едоми
Моаби ячIыгухэм къадиухьи, Моаб итыгъэкъо-
кIыпIэ лъэныкъо щыIэ чIыгухэм анэси, Арнон
псыхъом ыкIыбкIэ пщыпIэ щигъэуцугъ. Арнон
псыхъор Моаб игъунапкъэти, ар Моабым ичIыгу
ихьагъэп.

[19] ЕтIанэ Израилым лIыкIохэр Хъэщбэн теты-
гъор щызыIыгъыгъэ амэр пачъыхьэу Сыхъон
фигъакIохи, раригъэIуагъ: «УичIыгу сыпхырыкIы-
нышъ, сичIыгу сыкIонэу фит сыкъэшI». [20] Ау изра-
илхэр ичIыгу ригъэкIонхэу Сыхъон къезэгъыгъэп.

[a] 11:16 Еплъ: тхылъэу «МысырикIыжь» 13:18-15:22; тхы-
лъэу «ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр» 12:16, 13:26.

ИзэолIхэр зэкIэ къыугъойхи, Ехэц дэжь дзэ уцупIэ
щигъэпси, Израилым къезэуагъ.
21 Джащыгъум Зиусхьанэу Израилым и Тхьэ,
Сыхъони изэолIхэри израилхэм аIэ къырилъ-
хьагъэхэти, зэтыраукIагъэх. Джаущтэу амэрхэм
ячIыгу Израилым иунаеу хъугъэ, 22 Арнон псыхъом
щегъэжьагъэу Ябэкъ псыхъом нэси, шъофнэкIым
щегъэжьагъэу Иордан нэси зэкIэ ыубытыгъэх[a].
23 Армэ, Зиусхьанэу, Израилым и Тхьэ, ежь
илъэпкъэу израилым амэрхэр закIэлъырифыгъэ-
хэкIэ, джы о сыд фэдэ фитныгъа уиIэр ар пштэнэу?
24 Уитхьэу Къэмэщ[b] къыуитыгъэр арба о пIэ илъыр?
Арышъ, тэри ти Зиусхьанэу, ти Тхьэ, къытитыгъэ
пстэури тиунай. 25 СыдкIэ о Моабым ипачъыхьэу
Цыпор ыкъо Бэлакъ[c] нахьи унахьышIу? Израилым
зэгорэм, зэ нахь мыхъуми ар къыщыхьагъа е къе-
зэуагъа? 26 Илъэс шъищ хъугъэ Израилыр Хъэщ-
бэни, IэрIори ахэм япхыгъэ псэупIэхэм зэкIэми,

[a] **11:22** Я 17-рэ усэм щегъэжьагъэу я 22-рэ усэр къыдыхиубытэу къаIуатэрэр тхылъэу «ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр» 20:14-21, 21:21-32 къыщытхыгъ.

[b] **11:24** Моабхэмрэ Iамонхэмрэ ятхьэхэм ащыщ, ащ цIыфхэр къурмэн фашIыщтыгъэх.

[c] **11:25** Илъэс шъищкIэ узэкIэIэбэжьмэ Бэлакъ усэрэжъыр Израилым ригъэбгынэу ыуж итыгъ, ау Тхьэм иIэмыркIэ бгыбзэм ычIыпIэ ащ а лъэпкъым нэшIущыфэныгъэ фиIуагъ. (Еплъ: тхылъэу «ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр» 22-24).

Арнон псыхъом къегъэтIысэкIыгъэ къалэхэми
защыпсэурэр. Ащ фэдиз уахътэм ахэр сыда за-
кIытемыхыгъэхэр? [27] ОркIэ сэ сымысэп, ау о екIэ
укъыспэгъокIы, зао къысэошIылIэ. Зиусхьаныр
хьыкумышI зафэшъ, израилхэмрэ Iамонхэмрэ
азыфагу илъ даор непэ Ащ зэхерэф.
[28] Ау Iамон пачъыхьэр Ифтахъ раригъэIогъэ гущы-
Iэхэм къядэIугъэп.

[29] Джащыгъум Ифтахъ Зиусхьаным ы Псэ къы-
хэхьагъ. Ифтахъ ГъылыIадрэ Мынасэрэ адэкIи,
ГъылыIад ит Мыцпэ къызэринэкIи, Iамонхэм язэо-
нэу якIугъ. [30] Iамонхэм зафеузэнкIым ыуж Ифтахъ
Зиусхьаным ыпашъхьэ тхьэлъанэ щишIыгъ:

– Iамонхэр О сIэ къиплъхьэхэу, [31] ахэмэ сате-
кIуагъэу къызызгъэзэжькIэ, унэм къикIэу, зэкIэм
апэ къыспэгъокIрэр, О Зиусхьан, къыостынышъ,
къурмэнгъэст пфэсшIыщт.

[32] Арыти, Ифтахъ Iамонхэм язэонэу якIугъэти,
Зиусхьаным ахэр ыIэ къырилъхьагъэх. [33] Ифтахъ
текIоныгъэшхо ащ къыщыдихи, Iэрэор щегъэ-
жьагъэу Мынитрэ Абэл-Къырамымрэ анэсыфэ
къэлэ тIокI хэкужь ышIыгъ. Джаущтэу израилхэр
Iамонхэм ашъхьагъ иуцуагъэх.

[34] ЕтIанэ Ифтахъ ядэжь Мыцпэ къызегъэзэ-
жьым, ыпхъу армырмэ, шъонтрыпэм еомэ, къы-
дэшъожьызэ, хэт къыпэгъокIынгъи! А зыр ары
ащ къыхэкIыгъэу иIагъэр, нэмыкI къуи пхъуи

Ифтахъ иIагъэп. 35 Ыпхъу зелъэгъум, Ифтахъ, джа-
нэу щыгъыр зыщитхъыжьзэ[a], къэкууагъ:

– О, сипшъашъ! СыуукIыпагъи! Насыпынчъэ
сыпшIыгъи! Сыукъон сымылъэкIыщт тхьэлъанэ
Зиусхьаным ыпашъхьэ сэ щысшIыгъи!

36 – Тят,– къыриIожьыгъ ащ ыпхъу,– о Зиус-
хьаным гущыIэ пытэ фэпшIыгъ. Зиусхьаным
иIэмыркIэ уипый Iамонхэр бгъэпщынагъэхэшъ,
Ар зэрэбгъэгугъагъэр къысашI. 37 Ау зы лъэIу къыс-
фашI. МэзитIу къысэт, къушъхьэхэм сахэхьани
къащыскIухьанэу, сипшъэшъэгъухэр сигъусэхэу
сипшъэшъашъхьэ згъэежьынэу.

38 – Дэгъу, кIо,– ыIуи, Ифтахъ ыпхъу мэзитIукIэ
ытIупщыгъ.

Ипшъэшъэгъухэр игъусэхэу пшъашъэр къушъ-
хьэм дэкIуайи, ипшъэшъашъхьэ ыгъэежьыгъ.
39 МэзитIу зытешIэм ыуж ар ятэ дэжь къэкIожьыгъ,
Ифтахъи ыпхъукIэ тхьэлъанэу ышIыгъэр ыгъэцэ-
кIэжьыгъ[b]. Джаущтэу адрэми хъулъфыгъэ ышIэ-
нэуи хъугъэп.

---

a 11:35 КъокIыпIэ Благъэм щыпсэурэ лъэпкъхэм зыго-
рэ зылIэкIэ ящыгъынхэр зыщатхъыжьыныр хабзэу
ахэлъыгъ.

b 11:39 Библиер зэхэзыфхэрэм ащыщыбэм Ифтахъ ыпхъу
къурмэнгъэст ышIыгъэу алъытэ. НэмыкIхэр зэреплъы-
хэрэмкIэ бзылъфыгъэр дэмыкIоу, Тхьэм фэлэжьэнэу
ритыгъэу ары.

Джащ щегъэжьагъэу [40] илъэс къэс израил бзылъфыгъэ ныбжьыкIэхэр дэкIынхэшъ, мэфиплIым къыкIоцI ГъылыIад щыщ Ифтахъ ыпхъу агъэеныр израилхэм хабзэ афэхъугъ.

## ЯпшIыкIутIонэрэ шъхьэр

### *Ефраим Ифтахъ къызэрэпэуцугъэр*

**12** [1] Ефраимхэр къызэрэугъойхи, псыхъор
Цафэн дэжь къыщызэпачи, Ифтахъ зы-
фагъэзагъ:

– Сыда Iамонхэм уязэонэу узэкIом укъызкIытэ-
мыджагъэр? Ащ пай уиунэ машIо къыкIэтыдзэ-
нышъ, зэрэунагъоу шъудгъэстыщт.

[2] Ифтахъ ахэм ариIожьыгъ:

– Сэрырэ сызщыщ лъэпкъымрэ Iамонхэмрэ
тазыфагу зэмызэгъыныгъэ лъэш къызехьэм, мэ-
къэгъэIу къышъуфэзгъэкIогъагъ, ау шъо шъу-
къэкIуагъэп, шъукъыскъоуцуагъэп. [3] Шъукъы-
зэрэздемыIэщтыр нэрылъэгъу къызысфэхъум,
сищыIэныгъэ семышхъожьэу, псыхъом сызэпы-
рыкIи, Iамонхэм сязэуагъэти, Зиусхьаным ахэр
сIэ къырилъхьагъэх. Арымэ, сыда джы шъукъы-
сэзэонэу шъо непэ садэжь шъукъызкIэкIуагъэр?

[4] – Шъо, гъылыIадхэр, Ефраимрэ Мынасэрэ
ялIакъохэм шъуагокIыгъ,– ефраимхэми аIо зэ-
хъум, Ифтахъ ГъылыIадым щыпсэухэрэр зэкIэ
ыугъойхи, ефраимхэм язауи, атекIуагъ. [5] Гъы-
лыIадхэм ефраимхэм адэжь узэрыкIорэ Иордан
псыхъо икIыпIэр аубытыгъэти:

– СызэпырыжъугъэкIыжь,– аIоу ефраимхэм ащыщэу къэнагъэхэр, къызялъэIухэкIэ:

– О у-ефраима?– аIоти, гъылыIадхэр ащ еупчIыжьыщтыгъэх.

– Хьау,– къариIожьыщтыгъэ адрэм. [6] – Арэу оIомэ «шибболэт» къаIолъ адэ зэ,– раIощтыгъэ.

Ефраимхэм а гущыIэр тэрэзэу къаIон алъэкIырэпти:

– «Сибболэт»,– аIощтыгъэ. Аущтэу къэзыIорэр аубытыти, Иордан псыхъо икIыпIэм дэжь щаукIыщтыгъэ. Джащыгъум ефраим нэбгырэ мин тIокIитIурэ тIурэ аукIыгъ.

[7] Ифтахъ Израилым илъэсихэ игъуазэу щытыгъ. Ар зэлIэм ГъылыIад ит къалэу зыдэсыщтыгъэм щагъэтIылъыжьыгъ.

## *Ибцан, Елон, Абдон*

[8] Ащ ыуж Бэтлэхъэм щыщ Ибцан Израилым гъуазэ фэхъугъ. [9] Ащ къо щэкIрэ пхъу щэкIрэ иIагъ. Ыпхъухэр ежь зыщыщ лъэпкъыр арэп, нэмыкI лъэпкъ зэритыгъэхэр, ыкъохэми шъхьэгъусэу къафыхихыгъэ бзылъфыгъэ щэкIри нэмыкI лъэпкъ щыщыгъэх. Ар Израилым илъэсиблэ игъуазэу щытыгъ. [10] ЕтIанэ Ибцан лIи, Бэтлэхъэм щагъэтIылъыжьыгъ.

[11] Ащ ыуж Израилым илъэсипшIэ гъуазэу иIагъэр Зэбулун лIакъом щыщ Елон арыгъэ. [12] ЕтIанэ

Елон зэлIэм, Зэбулун чIыгум ит Аялэун щагъэ-
тIылъыжьыгъ.
[13] Ащ ыуж Израилым гъуазэу иIагъэр ПирIатон
щыщ Хылэл ыкъо Iабдон арыгъэ. [14] Ащ къо тIо-
кIитIурэ къом ыкъожьэу щэкIрэ иIагъэхэти, ахэр
щыд тIокIищрэ пшIырэм атесхэу зекIощтыгъэх.
Ар Израилым илъэсие игъуазэу щытыгъ. [15] ЕтIанэ
Хылэл ыкъо Iабдон зэлIэм, Ефраим лIакъом Iамэ-
лыкъ бгылъэхэм ащыриIэ чIыгум ит ПирIатон
къалэ щагъэтIылъыжьыгъ.

## ЯпшIыкIущэнэрэ шъхьэр

### *Шамсун*

**13** 1 Израилхэм джыри Зиусхьаным къемы-
кIущтхэр ашIэхэу рагъэжьэжьыгъ. Арыти,
ахэр илъэс тIокIитIукIэ Зиусхьаным фылистхэм
аIэ рилъхьагъэх.
2 А уахътэм Дан лIакъом щыщ лIы горэ Мыны-
уахъкIэ еджэхэу чылэу ЦорэI дэсыгъ. Ишъхьэгъусэ
шъуз мылъфагъ, сабый къыхэкIыщтыгъэп. 3 Ащ
Зиусхьаным и МэлэIич къыфакIуи къыриIуагъ:
– Мары о, ушъуз мылъф, сабыйи уиIэп, ау лъэ-
рымыхь ухъунышъ, шъао къэплъфыщт. 4-5 Арышъ,
къысэдэIу, лъэрымыхь ухъунышъ, шъао къэп-
лъфыщтышъ – сани, нэмыкI шъон пыти уемышъу,
шхын мыкъабзи умышхы. Шъэожъыер къызы-
хъурэм щегъэжьагъэу Тхьэм иназирыщтышъ[а],
сыд хъункIи ышъхьаци ыжакIи ыупсхэ хъущтэп.
А кIалэр ары Израилыр фылистхэм къаIэкIэхы-
жьыгъэным лъапсэ фэзышIыщтыр.
6 Бзылъфыгъэр илIы дэжь кIуи, риIуагъ:
– Сэ Тхьэм ицIыф къысфэкIуагъ. Ар Тхьэм
и МэлэIич фэдагъ, итеплъэкIэ Ащ шъхьэкIафэ

[а] **13:4-5** ИщыIэныгъэ адрэхэм афэмыдэу, илыягъэу, Тхьэм фэлэжьэнэу гущыIэ зышIыгъэ цIыф. Еплъ: тхылъэу «ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр» 6:1-21.

зыфиуигъэшIыщтыгъэ, уигъэщынэщтыгъэ. Ар
къыздикIыгъэм сыкIэупчIагъэп, Ежьми ыцIэ
къысиIуагъэп. [7] Ау ащ моущтэу къысиIуагъ: «О лъэрымыхь ухъунышъ, шъао къэплъфыщт. Арышъ, ар къызыхъурэм щегъэжьагъэу опсэуфэ Тхьэм иназирыщтышъ – сани, нэмыкI шъон пыти уемышъу, шхын мыкъабзи умышхы».

[8] Джащыгъум Мыныуахъ Зиусхьаным елъэIугъ:

– О Зиусхьан, сыолъэIу Тхьэм ицIыфэу къытфэбгъэкIогъагъэр джыри зэ къытфэгъакIуи, шъэожъыеу къытфэхъущтым тызэрэдэзекIощтыр къытегъаIу.

[9] Арыти, Тхьэм Мыныуахъ илъэIу къызэхихи,
и МэлэIич бзылъфыгъэм илI имыгъусэу, изакъоу
шъофым зыщит уахътэм джыри къыфигъэкIуагъ.
[10] Бзылъфыгъэр ардэдэм чъэжьи, илIы риIуагъ:

– Ар къэкIуагъ! Зэхэоха! А цIыфэу, мыщ ыпэкIэ къысфэкIогъагъэр джыри къэкIуагъ!

[11] Мыныуахъ тэджи, ишъхьэгъусэ ыуж ихьагъ.
А цIыфым дэжь зынэсым еупчIыгъ:

– Ора сишъхьэгъусэ къыдэгущыIагъэр?

– Сэры,– къыриIожьыгъ адрэм.

[12] Арыти, Мыныуахъ Ащ еупчIыгъ:

– УигущыIэ къызышъыпкъэжькIэ, сыдэущтэу сабыим тыфыщытыщта, ежьыри сыдэущтэу щыIэн фая?

13 Зиусхьаным и МэлиIич Мыныуахъ джэуап
къыритыжьыгъ:

– Уишъхьэгъусэ къесIуагъэхэр ерэгъэцакI. 14 Сэ-
нашъхьэ бжалэм къыпыкIэу зыпари зыIуерэ-
мылъхь, сани нэмыкI шъон пыти ерэмышъу, шхын
мыкъабзи ерэмышх. КъесIуагъэр зэкIэ уишъхьэ-
гъусэ ыгъэцэкIэн фае.

15 Мыныуахъ Зиусхьаным и МэлэIич елъэIугъ:

– Фит тыкъэшI, чэцI цIыкIу Ощ пае дгъэхьа-
зырынэу. Ар къэхъуфэ, тыолъэIу, тыкъэмыбгын.

16 – Шъукъэсымыбгынэми, Сэ о уигъомлапхъэ
сшхыщтэп,– къыриIуагъ Зиусхьаным и МэлэIич.–
Ау Зиусхьаным къурмэнгъэст фэпшIынэу уфаемэ,
фэшI.

Ар Зиусхьаным и МэлэIичэу зэрэщытыр, Мыны-
уахъ джыри ышIэщтыгъэп.

17 Арыти, елъэIугъ:

– ПцIэ къысэпIуагъэмэ дэгъугъэ, уигущыIэ
къызышъыпкъэжькIэ, О удгъэшIожьынэу.

18 Зиусхьаным и МэлэIич къыриIожьыгъ:

– Сыд пае Сэ сцIэ укъыкIэупчIэра? Ар цIэ шъэф,
цIэ гурыIогъуай.

19 Джащыгъум Мыныуахъ чэцIымрэ хьалы-
гъу тынымрэ зыдиштэхи, Зиусхьаным къурмэн
мыжъошхом ышъхьагъ щыфишIи, Мыныуахърэ
ишъхьэгъусэрэ анитIукIэ шIагъо Ащ къащыригъэ-
лъэгъугъ: 20 мэшIотхъуабзэхэм къурмэншIыпIэм

зыщапхъуати, ошъогум дэкIуаехэ зэхъум, а мэ-
шIотхъуабзэхэм ахэтэу Зиусхьаным и МэлэIич
зиIатыжьыгъ. Мыныуахъэ ишъхьэгъусэрэ ар
залъэгъум, анэгухэр егъэзыхыгъэхэу чIыгум зы-
радзыхыгъ. 21 Зиусхьаным и МэлэIич ахэм амы-
лъэгъужьы зэхъур ары, Зиусхьаным и МэлэIичэу
зэрэщытыр Мыныуахъ къызыгурыIуагъэр.
22 – Джы тэ щэч хэмылъэу тылIэщт!– Къыхэ-
куукIыгъ Мыныуахъ.– Тхьэр тэ тлъэгъугъэба[a]!
23 Ау ар ишъхьэгъусэ ыдагъэп:
– Зиусхьаныр тэ тиаджал фэягъэмэ, Ащ къур-
мэнгъэстэу фэтшIыгъэмрэ хьалыгъу тынымрэ
тIихыщтгъэхэп, а зэкIэ тигъэлъэгъущтыгъэп,
къытиIощтыгъэп.
24 А зэкIэмэ ауж бзылъфыгъэм шъао къыфэхъуи,
Шамсун ащ фиусыгъ. Сабыим хахъощтыгъэ, Зиус-
хьаным ынэшIу ренэу къыщифэщтыгъ. 25 Къалэхэу
ЦорэIрэ Ащтаулрэ азыфагу ит Мэхъанэ-Дан[b] Зиус-
хьаным ы Псэ ар ыгъэгъозэнэу щыригъэжьагъ.

---

a 13:22 Тхьэм ынэгу кIаплъэрэр псэоу къэнэжьыщтэп. Еплъ: тхылъэу «МысырикIыжь» 33:20.

b 13:25 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «Дан ипщыпI». Еплъ: 18:12.

## ЯпшIыкIуплIэнэрэ шъхьэр

### *Шамсун фылист бзылъфыгъэр къызэрищагъэр*

**14** [1] Зэгорэм Шамсун Тымнэ къалэ кIуагъэу
фылист пшъашъэ горэм ынаIэ тыридзагъ.
[2] КъызэкIожьым, ятэрэ янэрэ ариIуагъ:

– Тымнэ фылист пшъашъэ горэ къыщыслъэгъугъэшъ, ар шъхьэгъусэкIэ къысфашъуущ.

[3] Ятэрэ янэрэ ар адагъэп:

– УилIакъорэ зэкIэ тилъэпкърэ пшъашъэ ямыIэжьэу ара? Фылист сунэтмышIхэм[a] адэжь шъузыщэ узкIэкIощтыр сыда?

Арыти, Шамсун ятэ зыфигъази, риIуагъ:

– Ары шъхьае сэ сыгу рихьыгъэр арышъ, а пшъашъэр къысфащ.

[4] А Iофыр Тхьэм къыбгъодэкIыгъэу зэрэщытри,
фылистхэм ягъэпщынэжьыгъо уахътэ Ар зэрежэри
ащ янэ-ятэхэм ашIэщтыгъэп. А уахътэм Израилыр
фылистхэм аIэ илъэу щытыгъ.

---

[a] **14:3** Хъулъфыгъэм иукIытэпIэ пакIэ пыуупкIыныр – сунэт пшIыныр ары. Мы зекIокIэ-шIыкIэр Зиусхьанымрэ израил лъэпкъымрэ зэдашIыгъэ Зэзэгъыныгъэм итамыгъэу щытыгъ, ащкIэ ахэр нэмыкI лъэпкъхэм атекIыщтыгъэх. Еплъ: тхылъэу «УблапIэм» 17:9-14.

[5] Арыти, Шамсун ятэрэ янэрэ игъусэхэу Тымнэ
кIуагъэх. Ахэр Тымнэ сэнэшъхьэшIапIэхэм анэ-
сыгъэхэу, ошIэ-дэмышIэу, гъуахъозэ, аслъаныр
къыхэлъэти, мары, Шамсун ыпашъхьэ къиуцуагъ.
[6] Зиусхьаным ы Псэ ардэдэм Шамсун зэлъиштти,
чэцI цIыкIу фэдэуи къыщымыхъоу аслъаныр Iэ
пцIанэкIэ зэпкъыритхъыгъ. Ау ышIагъэр яти яни
афиIотагъэп. [7] Ащ ыуж Шамсун пшъашъэм дэжь
кIуи, дэгущыIагъ, ыгуи рихьыпагъ.

[8] Уахътэ тешIагъэу, пшъашъэр къыщэнэу кIозэ,
ыукIыгъэ аслъаным еплъынэу гъогум диIонтIэ-
хыгъ. Арыти, ылъэгъугъ: мары, бжьэ пчIыгъэ ащ
кIоцIыс, шъоуи кIоцIыт. [9] Шъоур ыIэкIэ къыри-
цIэнтхъукIи, ар ышхызэ гъогум къырыкIуагъ.
Ятэ-янэхэм адэжь къызэсыжьым, ахэми арити,
ашхыгъ. Ау а шъоур аслъан хьадэм[а] ыкIоцI къы-
зэрэрихыгъэр ариIуагъэп.

[10] ЕтIанэ Шамсун ятэ а пшъашъэм дэжь къэ-
кIуагъ. Шамсуни къэзыщэхэрэм зэрашIы хабзэу
ешхэ-ешъо зэхищагъ. [11] Шамсун къызэралъэгъу-
гъэм тетэу, игъусэн фэе нэбгырэ щэкIыр шъэогъу
къыщыфашIыгъ. [12] Шамсун ахэм ариIуагъ:

– Сэ къоджэхь-къоджэшх сыкъыжъудешIэщт.
Ешхэ-ешъор зыщыкIорэ мэфиблым ар шъо

[а] 14:9 Шамсун зэрэназирым къыхэкIэу хьадэм нэсын
фитыгъэп. Еплъ: тхылъэу «ШъофнэкIым къыщекIо-
кIыгъэхэр» 6:6.

къашъушIэмэ, чэтэн пIокIабзэм хэшIыкIыгъэ
джэнэ чIэгъчIэлъ щэкIрэ кIыIутелъ щыгъын щэкI-
рэ сэ къышъостыщт. [13] Ау къэшъумышIэмэ, чэтэн
пIуакIэм хэшIыкIыгъэ джэнэ чIэгъчIэлъ щэкIрэ
кIыIутелъ щыгъын щэкIрэ шъо сэ къысэшъутыщт.

– КъаIо уикъоджэхь-къоджэшх, тыкъэдаIо,–
къыраIуагъ ахэм.

[14] Арыти, Шамсун ариIуагъ:

– Шхэрэм шхын къыхэкIыгъ,
кIочIэшхом IэшIу къыхэкIыгъ.

Мэфищэ егупшысэхи къоджэхь-къоджэшхыр
къашIэн алъэкIыгъэп.

[15] ЕтIанэ яблэнэрэ мафэм[a] нысакIэм раIуагъ:

– УилI къоджэхь-къоджэшхым иджэуап къегъа-
Iу, армырмэ шъуиунэ машIо къетыдзынышъ ори
уитыщ унагъуи шъухэдгъэстыхьащтых. Сыда ты-
къызкIежъугъэблэгъагъэр, тышъухъункIэнэу ара?

[16] Джащыгъум нысакIэр Шамсун ыпашъхьэ
щыгъынагъэу ыублагъ:

– О сэ сыпфэлъэгъурэп, шIуи сыплъэгъурэп!
Силъэпкъэгъухэм къоджэхь-къоджэшхэу япIуа-
гъэм иджэуап сэри сшIооушъэфы.

---

[a] **14:15** НэмыкI Iэпэрытхыхэм зэрахэтыр: «яплIэнэрэ мафэм». «Яблэнэрэ мафэм» зыфиIорэр джэуапыр къатыжьэу зырагъэжьагъэм щегъэжьагъэу мэфищ зыблэкIым ыужын фае.

– Ащ иджэуап аужыпкъэм сяти, сяни ясIуагъэп,– риIожьыгъ ащ.– Сыда о ар къызкIыосIон фаер?

[17] Ешхэ-ешъо мэфиблыр окIофэ пшъашъэм гъынэгъэныр зэпигъэугъэп. Шамсун ышъхьэ ригъэуджэгъужьыгъэти, аужырэ яблэнэрэ мафэм джэуапыр ащ риIуагъ. Пшъашъэми илъэпкъэгъухэр ащ щигъэгъозагъэх.

[18] Арыти, яблэнэрэ мафэм, тыгъэкъохьагъум дэжь, къалэм дэс лIыхэм джэуапыр Шамсун къыратыжьыгъ:

– Сыда шъоум нахь IэшIур?
 Хэта аслъаным нахь кIочIэшхор?

Ахэм Шамсун ариIожьыгъ:

– Сэ ситанэкIэ шъумыжъуагъэмэ, сикъоджэхькъоджэш къэшъушIэныеп.

[19] Арыти, Зиусхьаным ы Псэ ардэдэм Шамсун зэлъиишти, фылист къалэу Ащкъэлэн кIуи, къэлэдэс нэбгырэ щэкI ыукIи, ахэм ящыгъынхэр къащихи, къоджэхь-къоджэшхыр къэзышIагъэхэм аритыгъэх. ЕтIанэ, губжым зэкIоцIистыкIэу, ар ятэ иунэ кIожьыгъэ.

[20] Ащ ыуж Шамсун ишъхьэгъусэ шъэогъоу иIагъэхэм ащыщэу анахь къыпэблэгъагъэм ратыжьыгъ.

## ЯпшIыкIутфэнэрэ шъхьэр

### *Шамсун фылистхэр зэригъэпщынагъэхэр*

**15** [1] Охътэ заулэ тешIагъэу, коцым иIухыжьыгъом, Шамсун чэцI цIыкIу зыдихьи, ишъхьэгъусэ зэригъэлъэгъунэу кIуагъэ. Зынэсым, ыIуагъ:

– Сэ сишъхьэгъусэ дэжь сихьанэу сыфай.

Ау бзылъфыгъэм ятэ ащ дэжь ригъэхьагъэп:

[2] – О ар зэрэпфэмылъэгъурэм щэч фысиIагъэпти, арыти, шъэогъоу уигъусагъэм естыжьыгъ,– къыриIожьыгъ адрэм. – Мары, ащ ышыпхъу нахьыкIэ, ар нахь дахэба? Модрэм ычIыпIэ ар штэба.

[3] Ау Шамсун ащ еуцолIагъэп:

– Мызэгъогум фылистхэм сэ анахь дэеу сыжъудэзекIоми сызаф.

[4] Ар кIуи, бэджэшъыбз шъищ къыубытыгъ, ахэр тIурытIоу акIэхэмкIэ зэрипхыгъэх. ЕтIанэ бэджэшъитIоу зэрипхыгъэ пэпчъ акIэхэр зыщызэнэсрэм бэщмашIо кIэрипхэжьи, [5] фылистхэм ягубгъоу Iуамыхыжьыгъэ лэжьыгъэр джыри зэрылъым ритIупщыхьагъэх. Джаущтэу ахэм яхьандзохэмрэ Iуамыхыжьыгъэ лэжьыгъэмрэ, сэнэшъхьэшIапIэхэмрэ зэйтун мэзжъыехэмрэ ащ ыгъэстыгъэх.

[6] – Хэт ар зышIагъэр,– аIуи, фылистхэр зыкIэупчIэхэм, ахэм араIуагъ:

– Тымнэ къалэм дэсым имахълъэу Шамсун ары, ишъхьэгъусэ ащ ишъэогъугъэм шIупщым зэрэритыжьыгъэм пае.

Арыти, фылистхэр кIохи, бзылъфыгъэри яти яунэ рагъэстыхьагъэх.

[7] Джащыгъум Шамсун тхьэ ыIуагъ:

– Аущтэу шъо шъузызекIуагъэкIэ, лъыр шъосымыгъэпщыныжьыфэ, сыгупсэфынэп.

[8] Ар ахэм атебани, мыкIожьыр къахигъахьэу зэхигъэтэкъуагъэх. ЕтIанэ кIуи, Iэтам къушъхьэ тIуакIэм зыдигъэбылъхьагъ.

[9] Арыти, фылистхэр зэрэугъойхи, Лэхъ къалэм
теонхэу Ехъудэм пщыпIэ щагъэуцугъ. [10] Ар залъэгъум Ехъудэм щыпсэухэрэр ахэм къяупчIыгъэх:

– Сыда шъукъытэзонэу шъукъызыкIытэкIугъэр?

– Шамсун зэкIоцIытпхэнышъ, къытишIэгъэ дэдэр етшIэжьынэу ары тыкъызкIэкIуагъэр,– ахэм къараIожьыгъ.

[11] Ехъудэм щыщэу нэбгырэ минищ Iэтам къушъхьэ тIуакIэм кIохи, Шамсун раIуагъ:

– Фылистхэр ташъхьагъ зэритхэр о ошIэба? Сыд илIэужыгъу къытэпшIагъэр?

– Сэ къысашIэгъэ дэдэр ясшIэжьыгъ ныIэп,– Шамсун джэуап къаритыжьыгъ.

12 – Тэ тыкъызкIэкIуагъэр,– къыраIуагъ адрэхэм,– узэкIоцIытыпхэнышъ, фылистхэм уяттынэу ары.

Шамсун ариIожьыгъ:

– Тхьэ къысфашъуIу, шъо сышъумыукIынэу.

13 – Хьау утыукIыщтэп,– ар къагъэгугъагъ.– Тэ узэкIоцIытпхэнышъ, ахэм уяттыщт ныIэп.

КIэпсэ кIэкъыпситIукIэ ар апхи, къушъхьэ тIуакIэм къыдащыгъ.

14 Лэхъ къызеблагъэм, фылистхэр зэтезэрэгъэкуожьхэзэ, ащ къыпэгъокIыгъэх. Зиусхьаным ы Псэ ар зэлъишти, ыIэхэр зэрэпхыгъэгъэхэ кIапсэхэр Iуданэу зэпыстыкIыгъэм афэдэу, къефэхыжьыгъэх.
15 Щыд жэпкъ къупшъхьэу джыри мыгъушъыжьыгъэу а чIыпIэм къыщигъотыгъэр къышти, ащкIэ фылист нэбгырэ мин ыукIыгъ.

16 ЕтIанэ Шамсун ыIуагъ:

– Щыд жэпкъкIэ
Зы кортым нэмыкI корт теслъхьажьыгъ,
Щыд жэпкъкIэ
Нэбгырэ мин сыукIыгъ.

17 Ар къыIуи, жэпкъ къупшъхьэр ыгъэжьажьи чIидзыгъ. Джащ пае а чIыпIэм Рамат-ЛэхъкIэ[a] еджагъэх.

---

[a] 15:17 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «жэпкъ къупшъхьэм иIуашъхь».

[18] Ащ дэжьым Шамсун лъэшэу псыфалIэ къэлIа-
гъэти, Зиусхьаным лъэIукIэ зыфигъази, еджагъ:

– ТекIоныгъэшхо О уипщылI ыIэкIэ къыдебгъэ-
хыгъ. Джы псыфалIэм сигъэлIэна е сунэтмышIхэм
саIэкIэфэна?

[19] Арыти, Тхьэм Лэхъ къалэ дэжь мэшэ куу
къыщызэгуигъэкIи, ащ псыр къыригъэчъыгъ.
Шамсун зызегъэшъокIым, ыкIуачIэ ыгъотыжьи,
зыкъишIэжьыгъ. Джащ пае а чIыпIэм Iэн-Ха-
къыуркIэ[a] еджагъэх. Непэ къызнэсыгъэми Лэхъ
дэжь ар щыт.

[20] Фылистхэм тетыгъор зыщаIыгъыгъэ уахъ-
тэм Шамсун илъэс тIокIырэ Израилым игъуазэу
щытыгъ.

[a] 15:19 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «джэрэм ипсынэкIэчъ».

## ЯпшIыкIухэнэрэ шъхьэр

### *Шамсун фылистхэм къызэраIэкIэкIыжьыгъэр*

**16** 1 Шамсун зэгорэм къалэу Iазэ кIуагъэу
бзылъфыгъэ хэтакIо горэ щилъэгъуи, ащ
дэжь ихьагъ. 2 Къэлэдэсхэм Шамсун ащ къызэрэ-
кIуагъэр зызэхахым, къэлэ дэхьапIэм хэлъ къэлэп-
чъэшхом дэжь къыщыпэтIысыгъэх. Чэщ реным
заушъэфыгъэу пэплъагъэх:
– Пчэдыжь нэфшъагъом нэс мыщ тыщежэ-
нышъ, тыукIыщт,– аIомэ, гугъэхэзэ.
3 Ау Шамсун бзылъфыгъэм дэжь къызэрилъы-
гъэр чэщныкъо охъуфэ нэс. Чэщыр зэфэдитIу
зэхъум, ар къэтэджи, къэлэ дэхьапIэм хэлъ къэ-
лэпчъэшхом еIи, пчъэблыпкъитIури зэригъусэу,
сэхыри зэрэдэдзагъэу къыхитхъыгъ. ЕтIанэ ар
ыплIэIу тырилъхьи, Хъэурэн екIурэ гъогумкIэ
щыIэ къушъхьэ шыгум дихьыягъ.

### *Шамсунрэ Далилэрэ*

4 Уахътэ тешIи, Щамсун бзылъфыгъэ горэ шIу
ылъэгъугъ. Ар израилхэмрэ фылистхэмрэ ячIы-
гъунапкъэ щыт Сорэкъ кIэим щыпсэущтыгъэ,
Далилэ ыцIагъ. 5 Ащ дэжь фылист пщыхэр къа-
кIохи, къыраIуагъ:

– ДэгущыIэзэ, гущыIэным хэгъэблыхьи, ащ къарыушхоу хэлъым ишъэф къегъаIу, ар зэкIоцIытпхэнышъ, тытекIон зэрэтлъэкIыщт шIыкIэр къызэгъашI. КъызытфызэбгъашIэкIэ, тащыщ нэбгырэ пэпчъ тыжьын шэкъэл минрэ шъэрэ[a] зырыз къыуитыщт.

[6] Арыти, Далилэ Шамсун еупчIыгъ:

– КъысаIоба, къарыушхоу пхэлъым ишъэф, сыдэущтэу о узэкIоцIапхэнышъ, къыптекIонхэ алъэкIыщта?

[7] Шамсун ащ къыриIожьыгъ:

– Щэбзэпс цIыниблыкIэ сапхмэ, сикъарыу къыщыкIэнышъ, адрэ цIыф пстэуми афэдэу сыхъущт.

[8] Далилэ фылист пщыхэм ар зареIожьым, щэбзэпс цIынибл къыфахьи, ахэмкIэ бзылъфыгъэм Шамсун зэкIоцIипхагъ. [9] ЛIыхэм пэщ кIоцIым зыщагъэбылъыгъэу хъущтым ежэхэу щысхэзэ, Далилэ Шамсун еджагъ:

– Шамсун, фылистхэр уашъхьагъ итых!

Арыти, кIэплъэнтхъоим хэшIыкIыгъэ Iуданэм машIо нэсмэ зэрэзэпызрэм фэдэу щэбзэпс цIыниблыр ащ зэпитхыгъ. Къарыушхоу хэлъым ишъэфи зэрэшъэфэу къэнагъ.

[10] Ащыгъум Далилэ гъынэгъагъэ:

– О сыбгъэпцIагъ, шъыпкъэр къысэпIуагъэп. Ау джыри сыолъэIу, къысаIу: сыдэущтэу узэкIоцIапхэн алъэкIыщта?

---

[a] 16:5 Килограмм 13 фэдиз горэ мэхъу.

11 Адрэм къыриIожьыгъ:

– Зэ нэмыIэми амыгъэфедэгъэ кIапсэхэмкIэ пытэу сапхымэ, сикъарыу къыщыкIэнышъ, адрэ цIыф пстэуми афэдэу сыхъущт.

12 Далилэ кIапсэ къышти, ар зэкIоцIипхи, еджагъ:

– Шамсун, фылистхэр уашъхьагъ итых!

ЛIыхэм пэщ кIоцIым зыщагъэбылъыгъэу хъущтым ежэхэу щысыгъэх. Шамсуни ыIэхэр зэрэпхыгъэ кIапсэхэр Iуданэм фэдэу къыщымыхъоу зэпичыгъэх.

13 Далилэ Шамсун етIани риIуагъ:

– О сыогъапцIэ зэпыт, шъыпкъэр къысапIорэп. Ау джыри сыолъэIу, къысаIу: сыдэущтэу узэкIоцIапхэн алъэкIыщта?

– Сшъхьац блэриблыр шэкIыр зэрашъэрэ Iэмэпсымэм дэлъ шэкIым хэублэу, ар шъэнчатэкIэ[a] ебгъэубытыжьмэ, сикъарыу къыщыкIэнышъ, адрэ цIыф пстэуми афэдэ сыхъущт,– ыIуи Шамсун джэуап къыритыжьыгъ.

14 Арыти, ар зэчъыем, ащ ышъхьац блэриблыр ышти, Iэмэ-псымэм дэлъ шэкIым хиблагъ[b], шъэнчатэкIэ ригъэубытыжьыгъ.

---

[a] **16:13** ЩэкIыр ашъэ зыхъукIэ Iэмэ-псымэм дэлъ Iуданэхэр зэщиз зэрашIырэ, зэрагъэпытэрэр ары.

[b] **16:14** Я 13-рэ усэм хэт гущыIэхэу «ар шъэнчатэкIэ» зыфиIохэрэм къащегъэжьагъэу мы чIыпIэм нэс зэтыдзэкIыгъэ гущыIэхэр зыхэтыр ижъырэ урымыбзэкIэ

Ащ ыуж еджагъ:

– Шамсун, фылистхэр уашъхьагъ итых!

Щамсун къэущи, шъэнчатэр къыхитхъи, Іэмэ-псымэр шэкІыри зэрэдэлъэу къычІитхъыгъ.

15 Арыти, бзылъфыгъэм ащ къыриІуагъ:

– Сыдэущтэу къысэпІошъура шІу сыплъэгъоу, ащ нахьэу цыхьэ къысфэмышІмэ? Джы сызэрэбгъэпцІагъэр ящэнэрэу щэ унае сыбгъэпцІагъ, къарыушхоу пхэлъыр зэпхыгъэр джыри къысэпІуагъэп.

16 Джаущтэу мафэ къэс риІозэ, ащ Шамсун ышъхьэ ригъэуджэгъужьыгъ. 17 Арыти, зытет шъыпкъэр къыриІуагъ:

– Сыкъызалъфыгъэм щегъэжьагъэу сыназирышъ[a], Тхьэм сырицІыфышъ, зэ нэмыІэми сшъхьацы сыжакІи сыупсыгъэп. Сшъхьац аупсымэ, сикъарыу къыщыкІэнышъ, кІочІаджэу адрэ цІыф пстэуми афэдэу сыхъущт.

18 Мызэгъогум ащ зытет шъыпкъэр къызэрэриІуагъэр Далилэ къыгурыІуи, фылист пщыхэм афиІопщыгъ:

– Джыри зэ шъукъакІу: зытет шъыпкъэр джы ащ къысиІуагъ.

---

зэрадзэкІыгъэр ар. Ижъырэ джуртыбзэкІэ тхыгъэ Іэпэрытхым ахэр хэтхэп.

[a] 16:17 Еплъ: мы тхылъым 13:4-5 ехьыхыгъэу иІэм.

Фылист пщыхэр бзылъфыгъэм дэжь къакIохи,
къызэрагъэгугъэгъэ тыжьыныр къыфахьыгъ.
19 Шамсун ышъхьэ ыкокI илъэу ыгъэчъыйи, бзылъ-
фыгъэр цIыф къеджи, лIым ышъхьац блэрибл
тыриупсыкIынэу риIуагъ. Ащ ышъхьац ыупсы-
нэу зэрэригъажьэу, Шамсун икъарыу къыщыкIи,
кIочIаджэ хъугъэ.

20 Ардэдэми бзылъфыгъэр къэкууагъ:

– Шамсун, фылистхэр уашъхьагъ итых!

Арыти, ар къэущыжьи, егупшысагъ:

– Ыпэрэхэм афэдэу, джыри зыкъэстIэтIэжьын.

Зиусхьаным къызэрибгынагъэр ащ ышIэщты-
гъэп.

21 Фылистхэм ар аубыти, ынэхэр ракIыхи, къа-
лэу Iазэ ащи, джэрдз лъэхъухэр тыралъхьагъэх.
Гъэрхэр зыщаIыгъ унэм коц щырагъэхьаджыгъ.
22 Аузэ ышъхьацрэ ыжакIэрэ икIэрыкIэу къэкIы-
жьэу рагъэжьагъ.

### *Шамсун ылъ зэришIэжьыгъэр, ежьыри зэрэлIагъэр*

23 А зэкIэмэ ауж ятхьэу Дагон къурмэнышхо
фашIынэу, чэфынхэу фылист пщыхэр къэзэрэу-
гъоигъэх. Ахэм аIуагъ:

– Титхьэ типый Шамсун тIэ къырилъхьагъ.

24 Шамсун залъэгъукIэ, ахэм ятхьэ щытхъу
фашIыщтгъэ:

– Титхьэ тIэ къырилъхьагъ пыеу
тичIыгу хэкужъ зышIыщтгъэр,
тащыщыбэ зыукIыгъэр.

[25] Чэфым зызэлъештэхэм, фылистхэм куоу рагъэжьагъ:

– Тизэщ ттыригъэунэу Шамсун къашъущэ.

Арыти, ахэр ыгъэчэфынхэу Шамсун къащагъ.
КIэсэнхэм азыфагу зыдагъэуцо нэуж, [26] Шамсун
ыIапэ зыIыгъыгъэ кIалэм елъэIугъ:

– Унашъхьэр зыIыгъ кIэсэнхэм санэгъэс, зязгъэкъун
слъэкIынэу сыгъэуцу. [27] Унэм хъулъфыгъи
бзылъфыгъи, фылист пщыхэри зэрахэтэу чIэмыфэжьхэу
чIэсыгъэх. Шамсун еплъхэу хъулъфыгъэми
бзылъфыгъэми зэхэтэу нэбгырэ минищ фэдиз
унашъхьэми тетыгъ.

[28] Джащыгъум Шамсун Зиусхьаным лъэIукIэ
зыфигъэзагъ:

– О зэкIэ зыIэ илъ Зиусхьан, угу сыкъэгъэкIыжь.
СыолъэIу, си Тхь, зэ закъо сикъарыу къегъэгъэзэжьи,
фылистхэм сынитIу зэрэракIыгъэр зэ огъукIэ
язгъэпщыныжьынэу амал къысэт.

[29] Шамсун унэм игурыт кIэсэнитIум анэси, Iэ
джабгъумкIэ зым, сэмэгумкIэ адрэм заригъэкъуи,
къэкууагъ:

[30] – Фылистхэм ягъусэу сэри сэрэкIод!– ЫIуи,
къарыоу иIэмкIэ еIункIи, унэр пщыхэми, зэкIэ
цIыфэу къэзэрэугъоигъэу ащ чIэсыгъэхэми

къатыригъэуагъ. ЩэІэфэ ыукІыгъэм нахьи, ихьадэгъукІэ нахьыбэ зыдихьыжьыгъ.

31 А зэкІэм ауж ышхэри, ятэ иунагъо зэкІэ исхэри къакІохи, Шамсун ихьадэ ащэжьыгъ. Ар ятэ Мыныуахъ икъэунэу ЦорэІрэ Ащтаулрэ азыфагу итым щагъэтІылъыжьыгъ. Шамсун илъэс тІокІым къыкІоцІ Израилым игъуазэу щытыгъ.

## ЯпшIыкIублэнэрэ шъхьэр

### *Михэ иунэ тхьэлъэIупIэ зэрэщишIыгъэр*

**17** [1] Ефраим къушъхьалъэм Михэ ыцIэу зы лIы
горэ щыпсэущтыгъ. [2] Зэгорэм ащ янэ риIуагъ:
– Тыжьын шэкъэл зы минрэ шъэрэ[a] о пшIокIо-
дыгъэти, ар зытыгъугъэм сапашъхьэ ущебгыгъ.
А тыжьыныр мары сэ сIыгъ, зыштагъэри сэры.
– Зиусхьаным ынэшIу скъо къыщерэф!– ыIуагъ
ным. [3] Михэ тыжьыныр къызыретыжьым, янэ
къыпидзэжьыгъ.– Мы тыжьыныр тхьэ сурэт
хашIыкIынэу, тхьэнэпцIи хагъэчъыкIынэу скъо
ыцIэкIэ Зиусхьаным тын фэсэшIышъ, осэтыжьы.
[4] Къом тыжьыныр ным къызыретыжьым,
бзылъфыгъэм ащ шэкъэл шъитIу[b] къыхихи, ты-
жьынашIэм ритыгъ. Адрэм ащ тхьэ сурэти хи-
шIыкIыгъ, тхьэнэпцIи хигъэчъыкIыгъ. Ахэр Михэ
иунэ рагъэуцуагъэх.
[5] Михэ тхьэлъэIупIэ иIэу щытыгъ. Ащ чэтэнIаб-
гъурэ[c] унэгъуатхьэхэмрэ[d] ышIыгъэх, ыкъохэм зы

[a] **17:2** Тыжьын килограмм пшIыкIущ мэхъу.

[b] **17:4** КилограммитIурэ ныкъорэ мэхъу.

[c] **17:5** Еплъ: мы тхылъым усэу 8:27-м ехьыхыгъэу иIэм.

[d] **17:5** Ижъырэ джуртыбзэкIэ «тырафим». Ахэм унэр къаухъумэу алъытэщтыгъэ, джэнч адзы хъуми агъэфедэщтыгъэх.

къахихи, къурмэнышIэу ыгъэнэфагъ. 6 А уахътэм
Израилым пачъыхьэ иIагъэп, шъхьадж ежь тэ-
рэзэу ылъытэрэр ышIэщтыгъэ.

7 Ехъудэм ит къалэу Бэтлэхъэм дэсхэм зы лэуй[a]
кIалэ горэ ащыгъум ахэсыгъ, 8 ащ иунэ къыб-
гыни, псэупIэ лъыхъунэу ежьагъ. Гъогум тетэу
кIозэ, Ефраим къушъхьалъэм нэси, Михэ иунэ
екIолIагъ.

9 Арыти, Михэ ащ еупчIыгъ:

– Тыда укъыздикIыгъэр?

– Сэ сылэуй, Ехъудэм ит Бэтлэхъэм къалэм сыщыщ, сыкъызщыуцун, псэупIэ сфэхъун сылъэхъу,– къыриIожьыгъ адрэм.

10 Ащыгъум Михэ ащ риIуагъ:

– Садэжь къани, усятэщт ыкIи усикъурмэншIыщт ыкIи. Ащ ипэгъокIэу сэ илъэс къэс тыжьын шэкъэлипшI[b] остызэ сшIыщт, пщыгъыщтми пшхыщтми сэ сафэгъэзагъ.

11 Ащ лэуир къезэгъи, лIым дэжь къэнагъ, ыкъо-
хэм афэдэу зэу къахэуцуагъ. 12 Михэ лэуир къур-

a 17:7 Лэуйхэр Израилым изылIакъоу щытыгъ. Ахэр къурмэнышIхэм яIэпыIэгъунхэр япшъэрылъыгъ, ау а пшъэрылъыр зыщагъэцакIэщтгъэр Тхьэм и Ун арыгъэ. (Еплъ: тхылъэу «ШъофнэкIым къыщекIокIыгъэхэр» ия 18-рэ шъхьэ; тхылъэу «Хэбзэ тхыжьыгъэр» 12:5).

b 17:10 Тыжьын граммишъэрэ пшIырэ мэхъу.

мэнышIэу иунэ къыригъэнагъ. [13] Ащ ыуж Михэ зыфэрэзэжьэу ыIуагъ:

– Лэуир сикъурмэнышI хъугъэмэ, Зиусхьаным ынэшIу къызэрэсщифэщтыр джы сэ сэшIэ.

## ЯпшIыкIуенэрэ шъхьэр

### *Данхэр чIыгукIэм зэкIохэм Михэ итхьэлъэIупIэ зэрэзэрапхъуагъэр*

**18** 1 А уахътэм Израилым пачъыхьэ иIагъэп.
Дан лIакъом Израилым ичIыгу щыщ Iахьэ
унае джыри иIагъэпти, щыпсэунэу зэрытIысхьан
чIыпIэ лъыхъущтыгъэ. 2 Арыти, Дан лIакъом зэкIэм
зэолI нэбгыритф, ЦорэIрэ Ащтаулрэ ащыпсэухэу
лIыблэнитф къахахи, чIыналъэр къаплъыхьанэу,
зыфэдэр къызэрагъэшIэнэу атIупщыгъэх. Ахэм
араIуагъ:
– ШъукIуи, чIыналъэр зыфэдэр къызэжъугъашI.
А нэбгыритфыр Ефраим къушъхьалъэм къызэсхэм, Михэ иунэ къыщыуцухи, ащ чэщыр щырахыгъ.
3 Унэм пэблагъэ къызэхъухэм кIалэм
игущыIакIэкIэ, ежьхэм афэдэу Израилым икъыблэ зэрэщыщыр къашIагъ. Арыти, кIохи, кIалэм
кIэрыхьэхи еупчIыгъэх:
– Хэта о мыщ укъэзыщагъэр? Сыда мыщ щыпшIэри, мыщ узкIыщыIэри?
4 Михэ къыфишIагъэр ащ ахэм афиIуати, къыпигъэхъожьыгъ:
– Сэ ащ къурмэнышIэу сиштагъ.
5 Арыти, адрэхэр лэуим елъэIугъэх:

– Тхьэм тфеупчIба, гъогу тыкъызфытехьэгъэ Iофым шIуагъэ къытфыхэкIыщтмэ.

[6] КъурмэнышIым ахэм ариIожьыгъ:

– Гъогу мафэ шъутехь. Шъуигъогу шъутетыфэ Зиусхьаным ынаIэ къышъутетыщт.

[7] Арыти, а лIитфыр ягъогу техьажьхи, Лаиш
къалэ кIуагъэх. ЦIыфхэр цыдонхэм яхабзэ тетхэу, гугъуемылIхэу, егъэзыгъэ хэмытхэу, мамырэу зэрэпсэухэрэр ахэм ащ къыщалъэгъугъ. Ежьхэр цыдонхэм апэчыжьэу псэущтыгъэх, къотэгъуи яIагъэп[a].

[8] Ащ ыуж лIитфыр ЦорэIрэ Ащтаулрэ занэсыжьхэм, ялъэпкъэгъухэр къяупчIыгъэх:

– Сыд фэдэ къэбара къытфэшъухьыгъэр?

[9] Адрэхэм джэуап къатыжьыгъ:

– ЗытэжъугъэIати, татежъугъэбан! ЧIыгоу тэ къэтлъэгъугъэр чIыгу дэгъу. Зыпари шъушIэн шъугу хэлъыба? Лъэтемытэу, шъукIуи а чIыгур
шъуубыт. [10] Ащ шъукIомэ, гугъуемылI лъэпкъымрэ чIыгу хъоо-пщаумрэ шъулъэгъущтых. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тхьэм а чIыгу щыкIэгъэнчъэр шъо шъуIэ къырелъхьэ.

[11] Арыти, Дан лIакъом щыщ нэбгырэ шъих заом зыфаузэнди, ЦорэIрэ Ащтаулрэ къабгыни, гъогу
техьагъэх. [12] Ехъудэм ит Къыриат-ЕIэрим зынэс-

---

[a] **18:7** Е: «Сирием готыгъэхэп». Джащ фэд 18:28.

хэм, пщыпIэ щашIи ащ къыщыуцугъэх. Джары непэ къызнэсыгъэми Къыриат-ЕIэрим итыгъэ къохьэпIэ лъэныкъо Мэхъанэ-ДанкIэ[a] зыкIеджэхэрэр. [13] ЕтIанэ Ефраим къушъхьалъэм ихьэхи, Михэ иунэ нэсыгъэх.

[14] Адрэ нэбгыритфэу Лаиш чIыналъэр къэзыплъыхьанэу кIогъагъэхэм ялъэпкъэгъухэм араIуагъ:

– ШъошIа шъо мы унэхэм ащыщ чэтэнIабгъуи, унэгъуатхьи, тхьэ сурэти, тхьэнэпцI хэгъэчъыкIыгъи зэрилъхэр? Арышъ, джы шъо шъушIэщтым шъуегупшыс.

[15] Арыти, ахэм агъази, Михэ иунэу лэуй кIалэр зыщыпсэурэм ихьэхи, а лэуим сэлам рахыгъ. [16] Ардэдэм Дан лIакъом щыщ нэбгырэ шъихыр, заом фэхьазырхэу, уIэшыгъэхэу къэлэпчъэIум щызэхэтыгъэх. [17] Нэбгыритфэу чIыпIэр къэзыплъыхьагъэхэр кIохи, тхьэ сурэтри, чэтэнIабгъури, унэгъуатхьэри, тхьэнэпцI хэгъэчъыкIыгъэри къаштэхи къырахыгъэх. КъурмэнышIыр ащ фэдизым нэбгырэ шъихэу, заом фэхьазырхэу, уIэшыгъэхэу къэлэпчъэIум щызэхэтхэм ахэтэу щытыгъ. [18] КъурмэнышIым Михэ иунэ тхьэ сурэтри, чэтэнIабгъури, унэгъуатхьэри, тхьэнэпцI хэгъэчъыкIыгъэри къызэрэрахыгъэхэр зелъэгъум ариIуагъ:

– Сыд илIэужыгъуа шъушIэрэр?

[a] 18:12 Ижъырэ джуртыбзэкIэ: «Дан пщыпIэр».

19 – Зэтелъхь,– къыраIуагъ ахэм,– ужэ къызэте-
мых. Тэ къыддакIуи утятэщт ыкIи утикъурмэны-
шIыщт ыкIи. ЗылI иунэ ущыкъурмэнышIыным
нахьи Израилым илIакъохэм ащыщ урикъурмэ-
нышIмэ нахь дэгъуба?
20 КъурмэнышIыр къэгушIуи, чэтэнIабгъури,
унэгъуатхьэри, тхьэ сурэтри къыштэхи цIыфхэм
адежьагъ. 21 Ясабыйхэри, ябылым Iэхъогъухэри,
ямылъкухэри апэ рагъэшъхи, ежьхэри ауж итхэу
гъогу техьагъэх.
22 Михэ иунэ ахэр зыIокIотхэм, мыдрэм гъу-
нэгъухэр къыугъоихи, данхэм акIэлъежьагъэх.
23 Ахэр данхэм якуощтыгъэхэти, адрэхэм зыкъы-
зэрагъэзэкIи, Михэ къыраIуагъ:
– Сыда узыфаер? Сыд пае мощ фэдиз цIыфыр
къэуугъоигъа?
24 Михэ ариIожьыгъ:
– Ситхьэхэр, тхьэу сэ язгъэшIыгъэхэр шъуштэ-
хи, сикъурмэнышIи зыдешъуищажьи шъуежьэ-
жьыгъ. Сыда джыри къысфэнэжьыгъэр? ЕтIани
шъукъысэупчIы: «Сыда узыфаер?» шъоIошъ.
25 Данхэм ащ ипэгъокIэу къыраIожьыгъ:
– Зы макъэ гори къэмыгъэIу, армырмэ тизэолI-
хэр къэгубжынхэшъ, къыокIунхэшъ, ори уиуна-
гъуи шъуагъэкIодыщт.
26 Ар къыраIуи, данхэр ягъогу техьажьыгъэх,
Михэ ежь нахьи адрэхэр зэрэнахь лъэшхэр зелъэ-
гъум, иунэ ыгъэзэжьыгъ.

[27] Джаущтэу МихэаригъэшIыгъэхэр аштэхи,
икъурмэнышIи зыдащи, мамырэу, гугъуемылIэу
псэурэ лъэпкъым дэжь, Лаиш, къэкIуагъэх. Къэлэ-
дэсхэр чатэкIэ зэтыраукIэхи, къалэри агъэстыгъ.
[28] Ахэр цыдонхэм апэчыжьэу псэущтыгъэхэти, къо-
тэгъуи яIагъэпти зыпари IэпыIэгъу къафэхъугъэп.
А къалэр Бэтрэхъоб пэмычыжьэу кIэим итыгъ.

ЕтIанэ данхэм къалэр икIэрыкIэу агъэпсы-
жьи, ащ щыпсэухэу аублагъ. [29] ЫпэкIэ ЛаишкIэ
заджэщтыгъэхэ къалэм Дан цIэу фашIыгъ. Ар
зыцIагъэр Израил (ар Якъуб ары) ыкъоу ежьхэр
къызытекIыгъэхэр ары. [30] Тхьэ сурэтыр а къалэм
дагъэуцуагъ, данхэр гъэрыпIэм ефэфэхэ[a] Мосэ[b]
ыкъо Гъэршэм къытекIыгъэ Ионэтан, етIанэ ащ
ыкъохэр къурмэнышIэу яIагъэх. [31] Ахэм Тхьэм
иунэ[c] Щылэу дэтыфэ Михэ аригъэшIыгъэ тхьэ
сурэтыр аухъумагъ.

---

[a] 18:30 Мыщ дэжьым зигугъу къыщишIырэм ехьылIа-
гъэу еплъ: тхылъэу «ЯтIонэрэ Пачъыхьэхэр» 15:29.

[b] 18:30 НэмыкI Iэпэрытхыхэм зэрахэтыр: «Мынасэ».

[c] 18:31 ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэр ары зыфиIорэр. Самуел
пегъымбарымрэ Саул пачъыхьэмрэ яуахътэ ыпэкIэ ар
Щылэу дэтыгъ. Еплъ: тхылъэу «Ехъошуа 18:1», тхылъэу
«Апэрэ Самуел» 1:3.

## ЯпшIыкIубгъонэрэ шъхьэр

### *Бинямин хэкум ит ГъыбIэ къалэ щыпсэухэрэм бзэджэшIагъэу ашIагъэр*

**19** [1] А уахътэм, Израилым пачъыхьэ зимыIа-
гъэм, Ефраим къушъхьалъэ чыжьэм зы
лэуй горэ щыпсэущтыгъ. Ехъудэм ит Бэтлэхъэм
къалэм щыщ бзылъфыгъэ горэ ащ шъуз гуадзэу
ыштагъ. [2] Ау бзылъфыгъэм лэуим зыфигъэгуси[a],
ятэ дэжь ыгъэзэжьыгъ. Бзылъфыгъэр тыщым зы-
щыIэр мэзиплI хъугъэу, [3] ыгу ыгъэшIунышъ, къы-
щэжьынэу лIыр ащ дэжь кIуагъэ. Лэуим иунэIут
кIалэ игъусагъ, щыдитIуи зыдищагъ. Бзылъфы-
гъэм лIыр унэм рищагъ, ятэ ар зелъэгъум гушIозэ
къыпэгъокIи, ригъэблэгъагъ. [4] Бзылъфыгъэм ятэ,
лэуим ишIупщ, махълъэр къыригъэшIуи, ыдэжь
къыгъэнагъ. Арыти, мэфищым къыкIоцI лэуир
ащ щышхагъ, щешъуагъ, щычъыягъ.

[5] ЯплIэнэрэ мафэм ахэр жьэу къэтэджыгъэх,
гъогум техьажьынхэу загъэхьазырыгъ, ау бзылъ-
фыгъэ ныбжьыкIэм ятэ махълъэм къыриIуагъ:

– Хьалыгъу Iулъхьэ горэ апэ зыIугъафи, угу
къыкIиубытэнэу, етIанэ шъукIожьын.

---

[a] **19:2** Е: «фэшъыпкъагъэп».

6 Арыти, нэбгыритIури зэгъусэхэу шхэнхэу,
ешъонхэу тIысыгъэх. ЕтIанэ бзылъфыгъэ ныбжьы-
кIэм ятэ ащ къыриIуагъ:
– Джыри зы чэщ къани, зыгъэтхъэжь.
7 А лIыр кIожьынэу фэеу къэтэджыгъэми, шIуп-
щым ыIорэм едэIуи, къани, джыри зы чэщ ащ щы-
рихыгъ. 8 Ятфэнэрэ мафэм ипчэдыжьи лIыр гъогу
техьажьынэу жьэу къэтэджыгъ. Ау бзылъфыгъэ
ныбжьыкIэм ятэ аргорэу къыриIуагъ:
– Гъомлапхъэ горэм хаIи, угу къыкIегъэубыт.
Умыгузажъу, щэджэгъуанэр екIыфэ еж.
Арыти, зэгъусэхэу шхагъэх. 9 ЕтIанэ ишъуз
гуадзи иунэIути зыдырищэжьэжьынхэшъ, гъогу
техьажьынэу лIыр къэтэджыжьыгъ. Ау шIупщым
ащ къыриIуагъ:
– Мары, мафэр пчыхьэм фэкIо. СыолъэIу, чэщыр
мыщ щих. Мары, мафэр шIэхэу ыухыщт, къани,
зыгъэтхъэжь. Неущ нахьыжьэу шъукъэтэджы-
нышъ, гъогу шъутехьажьын, уиунэ шъукIожьын.
10 Ау лIым къэнэныр ымыдэу къежьэжьи, щы-
дитIум хьылъэ ателъэу, шъуз гуадзэри игъусэу
Еус къалэм (ар – Ерусэлэм) фиузэнкIыгъ.
11 Пчыхьэшъхьапэм адэжь Еус къалэм ихьэнэ-
гъунэ ахэр нэсыгъэх. Арыти, унэIутым изиусхьан
риIуагъ:
– Еусхэм мы якъалэ тыдэгъахьи, чэщыр ащ
щитэгъэх.

[12] Ау изиусхьан ар ыдагъэп:
– Хьау,– ыIуагъ ащ,– Израилым щымыщ хымэ
лъэпкъым икъалэ тыдэхьащтэп, тапэ едгъэхъу-
нышъ, ГъыбIэ тынэсыщт нахь.– [13] ЕтIанэ къы-
пигъэхъожьыгъ,– некIо, ГъыбIэ е Рамэ тынэсмэ,
итIум яз чэщыр щитхыщт.
[14] Арыти, ягъогу техьажьхи, апэ рагъэхъугъ,
тыгъэр къохьажьыгъахэу Бинямин чIыналъэм
ит ГъыбIэ ахэр екIолIагъэх. [15] Ахэр гъогум дэхыхи,
ащ чэщыр щырахынэу ГъыбIэ дэхьагъэх. КIохи,
лэуимрэ игъусэхэмрэ къэлэ пчэгум итIысхьагъэх,
ау зыми иунэ ригъэблэгъагъэхэп.
[16] Мары, зы лIыжъ горэ игубгъо щылэжьагъэу
къэкIожьыщтгъэ. Ар Ефраим къушъхьалъэм щы-
щыгъ, ау бинямин лIакъом хэсэу ГъыбIэ щыпсэу-
щтыгъ. [17] Къэлэ пчэгум ис гъогурыкIор зелъэгъум,
лIыжъыр ащ еупчIыгъ:
– Тыда уздакIорэр, укъыздикIыгъэри тыда?
[18] Лэуим ащ риIожьыгъ:
– Ехъудэм ит Бэтлэхъэм тыкъекIыжьы, сызщыщ
Ефраим къушъхьалъэ чыжьэм тэкIожьы. Ащ Iоф
сиIэу сыкIогъагъ, джы Зиусхьаным иунэ[a] сэкIо-
жьы, ауми зыми иунэ сыригъэблэгъагъэп. [19] Тэ

[a] 19:18 ЗыфиIорэр Щылэу дэтыгъэ чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр ары. Еплъ: мы тхылъым усэу 18:31-м ехьыхыгъэу иIэм. Ижъырэ урымыбзэкIэ зэрадзэкIыгъэхэм ащыщхэм зэрэхэтыр: «сиунэ сэкIожьы».

уарзэу щыдхэм Iусэу яттыщтри тиI, тэ, уипщылI-
хэу – сэри, сигъусэ бзылъфыгъэу уиунэIутми, кIа-
лэми тфэхъун сани хьалыгъуи тIыгъ. Арышъ, а
лъэныкъомкIэ тэ зыпарэми тыщыкIэрэп.

[20] – УмыгумэкI! НекIо, садэжь шъукъакIу,– къы-
риIуагъ лIыжъым.– Шъузыфэныкъор зэкIэ сэ шъоз-
гъэгъотыщт. Пчэгум шъукъимынэ закъуи.

[21] Ащ ар ядэжь къыздищи, ищыдхэм Iус ари-
тыгъ. ГъогурыкIохэм алъакъохэр зафатхьакIхэм
ыуж, шхагъэх, ешъуагъэх.

[22] Уахътэр джаущтэу тхъэжьэу агъэкIофэ, нэпэн-
чъэ-бзэджашIэу къалэм дэсхэм унэр къауцухьагъ.
Пчъэм лъэшэу къытеохэзэ, унэр зие лIыжъым
къекуохэу аублагъ:

– Уиунэ къекIолIэгъэ цIыфыр къытфигъэкI, тэ
ащ тизэщ рызытедгъэущт.

[23] ЛIыжъыр, унэм къикIи, къариIуагъ:

– Хьау, сшыхэр, ащ фэдэ бзэджагъэ шъумышIэ.
Ар сэ сихьакIэшъ, ащ фэдэ нэпэнчъагъэкIэ шъу-
дэмызекIу. [24] Мары сипшъашъэрэ хьакIэм ишъуз
гуадзэрэ сэ къышъуфисщынхэшъ, ахэмэ шъуябэн,
джарышъ шъо тэрэзэу шъулъытэрэр, шъузыфаер
яшъушI. Ау сэ сихъакIэ ащ фэдэ нэпэнчъагъэкIэ
шъудэмызекIу.

[25] Ау а хъулъфыгъэхэр ащ къедэIунэу фэягъэхэп.
Джащыгъум лэуим ишъуз гуадзэ къыубыти, къа-
фырищи къаритыгъ. Арыти, ахэм бзылъфыгъэр аIэ

къырагъахьи, чэщ реным нэф къэшъыфэ хьайнэ-
пагъэкӀэ дэзекӀуагъэх. Нэфылъыр къызызэкӀечым
бзылъфыгъэр къатӀупщыжьыгъ. [26] Нэфшъагъом
бзылъфыгъэр изиусхьан зэрыс унэм къекӀолӀэ-
жьи, пчъэ ихьапӀэм дэжь щызэхафи, ащ дэжьым
щылъэу нэф къэшъыгъ.

[27] Пчэдыжьым изиусхьан къэтэджи, пчъэр
къыӀуихыгъ, гъогум техьажьын имурадэу, арыти,
ишъуз годзэ бзылъфыгъэр ыӀитӀу пчъэшъхьаӀум
телъэу, пчъэӀупэм зэрэӀулъыр ылъэгъугъ.

[28] – Къэтэджи, некӀо,– ыӀуи, еджагъ, ау бзылъ-
фыгъэм джэуап къытыжьыгъэп. Джащыгъум
лӀым бзылъфыгъэр къыӀэти, щыдым къытыри-
гъэгъуалъхьи, кӀожьынэу къежьэжьыгъ.

[29] Унэм зынэсыжьым, шъэжъыер къышти,
ишъуз гуадзэ Ӏэпкъ-лъэпкъ пшӀыкӀутӀоу иӀэмкӀэ
зэхиупкӀи, Израилым ичӀыналъэхэм афаригъэ-
хьыгъ. [30] Ар зылъэгъугъэхэм зэкӀэми аӀуагъ:

– Израилыр Мысырым къызикӀыжьыгъэм
щегъэжьагъэу непэ къызнэсыгъэм ащ фэдэ зыми
ылъэгъугъэп ыкӀи ышӀагъэп ыкӀи. Шъуегупшы-
си ащ, шъузэхэупчӀыхьажьи, тшӀэмэ хъущтыр
къашъуӀо!

## ЯтIокIэнэрэ шъхьэр

### *Израилхэм биняминхэр зэрэзыхафыгъэхэр*

**20** [1] Дан итемыр лъэныкъо щегъэжьагъэу
къыблэм щыIэ БэрщэбаI нэс, ГъылыIад
чIыналъэри хэтыжьэу ащыпсэурэ израилхэр зэкIэ,
зы нэбгырэ фэдэу къакIохи, Зиусхьаным ыпашъ-
хьэ Мыцпэ къыщызэрэугъоигъэх. [2] Лъэпкъ псэум,
зэкIэ израил лIакъохэм япащэхэр Тхьэм илъэпкъ
зэхахьэ къэкIуагъэх. Ахэр уIэшыгъэ лъэс зэолI мин
шъиплI хъущтыгъэх. [3] А уахътэм бинямин лIакъом
къэбаркIэ зэхихыгъ, израилхэр Мыцпэ зэрэщызэ-
рэугъоигъэхэр. Арыти, израилхэм лэуим раIуагъ:

– КъытфэIуатэба, мы бзэджэшIэгъэшхор сы-
дэущтэу хъугъа?

[4] Арыти, бзылъфыгъэу аукIыгъэм ишъхьэгъусэ
лэуим къафиIотагъ:

– Сэрырэ сишъуз гуадзэрэ тызэгъусэу Бинямин
чIыналъэм ит ГъыбIэ тыкъызэсым, чэщыр щи-
тхынэу ащ тыкъыщыуцугъ. [5] СаукIын яхьисапэу
чэщым ГъыбIэ дэсхэр къэзэрэугъойхи, сызэрыс
унэр къаухъурэигъ. Ахэр сишъуз гуадзэ ебэнхи, ар
лIагъэ. [6] Ахэм Израилым щашIагъэр емыкIушхоти,
хьакIэ-къокIагъэти, сэ бзылъфыгъэр пкъырып-
къэу зэпкъырысхи, Израилым ичIыналъэхэм

зэкIэм афязгъэхьыгъ. [7] Арышъ, джы шъо, израилхэм зэкIэми, мы Iофым шъухаплъи, еплъыкIэу фышъуиIэр къашъуIо.

[8] Джащыгъум лъэпкъыр зэрэпсэоу, зы нэбгырэ фэдэу къызэкъоуцуи, къыIуагъ:

– Тащыщ горэми ищагу ыгъэзэжьыщтэп, иуни кIожьыщтэп. [9] Непэ ГъыбIэ мары етшIэщтыр: пхъэдз итыдзэни, ащ къызэригъэлъагъорэм тетэу, текIуни, тытеощт. [10] Дзэм ышхыщтыр къаугъоинэу Израилым илIакъохэм ащыщ нэбгыришъэ пэпчъ лIипшI, мин пэпчъ лIишъэ, минипшI пэпчъ лIы мин къахэтхыщт. ЕтIанэ дзэр Бинямин чIыналъэм ит ГъыбIэ кIони, Израилым щызэрэхьагъэ хьакIэ-къокIагъэм ипэгъокI аригъэгъотыжьынэу амал иIэу хъущт.

[11] ЗэкIэ Израилым изэолIхэр къэзэрэугъоихи, зэкъоуцохи, зы нэбгырэ фэдэу а къалэм пэуцугъэх.

[12] Израил лIакъохэм зэкIэ Бинямин лIакъом цIыфхэр фагъакIохи:

– Сыд фэдэ Iоф бзэджэшIэгъэшхуа шъо шъуадэжь щызэрахьагъэр?– АIуи, арагъэупчIыгъэх.
[13] – Ащыгъум, а цIыф нэпэнчъэу ГъыбIэ дэсхэр къытэшъутхи, тэ ахэр тыукIынхэшъ, Израилым ер идгъэкIодыкIыщт.

Ау биняминхэр ялъэпкъэгъу израилхэм аIорэр зэхахынэу фэягъэхэп. [14] Якъалэхэм къарыкIхи, израилхэм къязэонхэ ямурадэу ахэр ГъыбIэ

къыщызэрэугъоигъэх. [15] А мафэм къалэхэм къарыкIыгъэхэу Бинямин лIакъом щыщэу, уIэшыгъэ зэолI нэбгырэ мин тIокIрэ хырэ къалъытагъ. Ащ нэмыкIэу ГъыбIэ къалэм щыпсэухэрэм лIыблэнэ нэбгырэ шъибл къахашыпыкIыгъ. [16] Ащ фэдиз дзэм ухигъэплъыхьанэу Iэсэмэгу зэолI нэбгырэ шъибл хэтыгъ, хэти мыохъоу мыжъодзымкIэ шъхьац налъэм тыригъафэщтыгъэ.

[17] Биняминхэр хэмытхэу Израилым уIэшыгъэ зэолI нэбгырэ мин шъиплI къыгъэуцугъ, ахэр зэкIэ заом фэгъэсэгъагъэх.

[18] Израилхэр Бэтэл къакIохи, Тхьэм зыфагъэзи:

– Хэта тащыщэу биняминхэм апэ заокIэ якIун фаер?– АIуи, еупчIыгъэх.

– Апэ Ехъудэр орэкIо,– Зиусхьаным джэуап къалъигъэIэсыжьыгъ.

[19] Ыужырэ пчэдыжьым израилхэр кIохи, дзэ уцупIэ ГъыбIэ дэжь щагъэпсыгъ. [20] Израилхэр бинямин лIакъом заокIэ пежьэхи, зэоным фэхьазырхэу ГъыбIэ пэчIынатIэу уцугъэх. [21] Биняминхэр ГъыбIэ къыдэкIхи, а мафэм израилхэм янэбгырэ мин тIокIрэ тIурэ хагъэфагъ. [22] Ау израилхэм гу къызIэпашIыхьажьи, апэрэ мафэм зыдэщытыгъэхэ чIыпIэм джыри зэоным фэхьазырхэу уцужьыгъэх. [23] Ыпэрэ мафэм ахэр кIохи, пчыхьэ охъуфэ Зиусхьаным ыпашъхьэ щыгъыгъэх, яупчIэхэри Зиусхьаным фагъэзагъэх:

– Ткъош биняминхэм тязэонэу джыри тыкIощта?– АIуи, еупчIыгъэх.

Арыти:

– ШъукIуи, шъуапэуцу.– Зиусхьаным иджэуап къалъигъэIэсыжьыгъ.

[24] Джащыгъум, ятIонэрэ мафэм, израилхэр лъыкIуатэхи, биняминхэм благъэу акIэрыуцуагъэх. [25] Ау ахэм япэгъокIэу биняминхэр ГъыбIэ къыдэкIхи, къязаохи, мызэгъогум израил нэбгырэ мин пшIыкIуй хагъэфагъ, ахэр зэкIэ уIэшыгъэ зэолIыгъэх.

[26] Арыти израилхэр, зэкIэ лъэпкъыр зэрэпсэоу, Бэтэл кIожьхи, Зиусхьаным ыпашъхьэ исхэу гъыгъэх. А мафэм пчыхьашъхьэ нэс анэкIыгъ, къурмэнгъэстхэри мамыр къурмэнхэри Зиусхьаным фашIыгъэх. [27] ЕтIанэ израилхэм яупчIэ Зиусхьаным фагъэзагъ. А уахътэм Тхьэм дашIыгъэ зэзэгъыныгъэр зытет мыжъобгъуитIур зыдэлъ пхъонтэ лъапIэр[a] Бэтэл щыIагъ, [28] къурмэнышI шъхьаIащтыгъэр Хьарунэ ыкъо ЕлыIазар къыхэкIыгъэ Пинхъас арыти, Зиусхьаным еупчIыгъ:

– Ткъош биняминхэм тязэонэу джыри тыкIощта, хьауми тымыкIощта?

a **20:27** Пкъыгъо лъапIэхэр зыдэлъыщт пхъуантэ ышIынэу Тхьэм Мосэ зэгорэм унашъо къыфишIыгъагъ. Тхьэм иунэшъуипшI зытетхэгъэ мыжъобгъуитIур ащ дэлъхэм ащыщыгъэх. Еплъ: тхылъэу «МысырикIыжь» 25:10–22.

Зиусхьаным иджэуап къылъигъэIэсыжьыгъ:

– ШIукIу. Неущ ахэр Сэ шъо шъуIэ къислъхьащтых.

[29] Джащыгъум Израил щыщхэм тIысыпIэ шъэфхэр ГъыбIэ пэмычыжьэу тыдэкIи щашIыгъэх.
[30] Израилхэр ящэнэрэ мафэм биняминхэм язэонхэу, ыпэрэхэм афэдэу, зыдэщытыгъэхэ чIыпIэм джыри зэоным фэхьазырхэу, ГъыбIэ пэчIынатIэу, уцужьыгъэх. [31] Биняминхэр илъыгъокIэ пыим къыпэгъокIхи, къалэм Iуащыгъ. Ыпэрэ мафэхэм афэдэу израилхэм къязаозэхэ, нэбгырэ щэкI фэдиз чIарагъэнагъ. Ахэр укIыгъэхэу шъофым къинагъэх, гъогоу Бэтэлрэ ГъыбIэрэ якIухэрэм къатенагъэх. [32] Биняминхэм гушхоу:

– Ыпэрэм фэдэу тэ ахэр тыукIыщтых,– аIофэ, израилхэм рахъухьагъ:

– ТызэкIакIозэ, къалэм кIэрытщынхэшъ, гъогухэм атетщэщтых.

[33] Израилхэм якIочIэ нахьышъхьэ кIуати, БэIал-Тамар дэжь уцугъ, ардэдэм ГъыбIэ итыгъэ къохьэпIэ лъэныкъокIэ щысыгъэхэм ятIысыпIэ къабгыни, къалэм теуагъэх. [34] Израилым изэолI анахьышIоу нэбгырэ минипшIыр ГъыбIэ екIухи, зэошхор щырагъэжьагъ, ау щытми тхьамыкIагъор къызэрафэсыгъэр биняминхэм къагурыIуагъэп. [35] Зиусхьаным биняминхэр Израилым ыпашъхьэ щызэхикъутэхи, бинямин нэбгырэ

мин тIокIрэ тфырэ нэбгыришъэрэ а мафэм израилхэм аукIыгъэх, ахэр зэкIэ уIэшыгъэ зэолIыгъэх.
36 Биняминхэм джащыгъум къазэрэтекIуагъэхэр къагурыIуагъ.

А зэкIэри мары зэрэхъугъэр[a].

Израилхэр зэкIакIощтыгъэх, ГъыбIэ пэтIысыгъэхэм ахэр ащыгугъыщтыгъэх. 37 ЗэолIэу пэтIысыгъэхэр, псынкIэу ГъыбIэ теохи, къалэм дахьэхи, дэсхэр зэкIэ чатэкIэ аукIыгъэх. 38-39 Къалэм Iугъо кореныр къышъхьарих зыхъукIэ, ар ямэкъэгъэIу тамыгъэу, залъэгъукIэ, кIочIэ нахьышъхьэм зыкъыIэтыни, атеонхэу израилхэр пэтIысыгъэхэм агурыIогъагъэх.

Бинямин зэолIхэм нэбгырэ щэкIым кIахьэу израилхэр аукIыгъэхэти, ахэр гугъагъэх:

– Щэч хэлъэп, ыпэрэ зэогъухэм афэдэу тэ ахэр зэхэткъутэщтых.

40 Ары шъхьай биняминхэр зызэплъэкIхэм алъэгъугъ къалэм зэфэдэкIэ Iугъо кореныр къызэрэшъхьащыуцуагъэр, уашъом нэсэу ащ зызэриIэтырэр. 41 А дэдэм израилхэм къытырагъэзагъэти, тхьамыкIагъо къазэрэфэсыгъэр биняминхэм къагурыIуи, къэщынагъэх. 42 Ахэр шъофнэкIым екIурэ гъогум телъадэхи, ечъэжьагъэх, ау пыир кIэкIэу ауж итэу язаощтыгъэ. Адрэ лъэныкъомкIи

[a] 20:36 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мы гущыIэухыгъэр хэтэп.

къалэм[a] къыдэкIыгъэ купри къапэуцугъэу, азы-
фагу даубытагъэу зэтыраукIэщтыгъэх. 43 Ахэр
къаухъурэигъэхэу, афыхэзэ, Ныухъэ щегъэжьа-
гъэу[b] ГъыбIэ итыгъэкъокIыпIэ лъэныкъо нэсы-
фэхэ аукIыгъэх. 44 Биняминхэм ащыщэу нэбгырэ
мин пшIыкIуй а заом щыфэхыгъ, ахэр зэкIэ зэолI
блэнагъэх. 45 Къэнагъэхэм агъази шъофнэкIымкIэ
Римон къушъхьэ цакIэ лъэныкъомкIэ чъагъэх, ау
а гъогуми израилхэм нэбгырэ минитф щызэтыра-
укIагъ. Ахэм биняминхэр ГъыдыIом нэс афыфэхэ,
джыри нэбгырэ минитIу аукIыгъ.

46 УIэшыгъэ бинямин нэбгырэ мин тIокIрэ тфырэ
а мафэм фэхыгъ, ахэр зэкIэ зэолI блэнагъэх. 47 Ау
нэбгырэ шъих аIэкIэкIи, шъофнэкIым ихьажьхи,
ашъхьэ Римон къушъхьэ цакIэм рахьылIэжьи,
мэзиплIэ ахэр а чIыпIэм щыIагъэх. 48 ЕтIанэ изра-
илхэм къагъэзэжьи, Бинямин чIыналъэм зыщыIу-
кIагъэхэр зэкIэ – орэцIыфы, орэпсэушъхьэ еблэми,
къапэкIэфэгъэ пстэури чатэкIэ аукIыгъэх. Ягъогу
тет къалэхэр зэкIэ машIо акIадзэзэ, агъэстыгъэх.

a 20:42 Ижъырэ джуртыбзэкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым зэ-
рэхэтыр «къалэхэм».

b 20:43 Е: «зыгъэпсэфыгъо ямыIэу афызэ».

## ЯтIокIэнэрэ зырэ шъхьэр

### *Къэнэжьыгъэ биняминхэм шъхьэгъусэхэр къыздырахыгъэхэр*

**21** [1] Израилхэм Мыцпэ дэжь тхьэлъанэ щашIыгъагъ:

– Тащыщи ыпхъу шъхьэгъусэу бинямин лIакъом щыщ горэми ритыщтэп,– аIуи.

[2] ЦIыфхэр Бэтэл кIохи, пчыхьашъхьэ охъуфэ, лъэшэу гъыхэу, пыхьэхэу Тхьэм ыпашъхьэ исыгъэх.

[3] – О Зиусхьанэу, Израилым и Тхь,– аIощтыгъэ ахэм,– сыда мыр Израилым къызкIехъулIагъэр? Сыда непэ Израилыр зы лIакъокIэ нахь макIэ зыкIэхъугъэр?

[4] КъыкIэлъыкIогъэ пчэдыжьым, жьэу къэтэджхи, цIыфхэм а чIыпIэм къурмэншIыпIэ щагъэуцугъ, ардэдэми къурмэнгъэсти, мамыр къурмэни щашIыгъ.

[5] – ТилIакъохэм ащыщэу хэта Зиусхьаным ыпашъхьэ щытиIэгъэ зэхахьэм къемыкIолIагъэр?– АIуи, зэупчIыжьхи, Мыцпэ Зиусхьаным ыпашъхьэ щыкIогъэ зэхахьэм къэмыкIуагъэр, Iо хэмылъэу, аукIынэу израилхэм тхьэрыIо пытэ ащ щашIыгъагъ.

6 Акъош биняминхэм къяхъулIагъэр израил-
хэм лъэшэу гухэкI ащыхъугъ.

– Непэ Израилым илIэкъо чъыг зы лIакъо пыуп-
кIыгъэ хъугъэ,– аIощтыгъэ ахэм.– 7 Къэнагъэхэм
тыдэ шъхьэгъусэ къафитхын, тпхъухэр ахэм ащыщ
горэми шъузкIэ етымытынэу Зиусхьаным ыпашъ-
хьэ тхьэлъанэ пытэ щытшIыгъэмэ?

8 ЕтIанэ:

– Израил лIакъохэм ащыщэу, Мыцпэ дэжь,
Зиусхьаным ыпашъхьэ зэхахьэу щытшIыгъэм хэ-
та къэмыкIуагъэр?– АIозэ, зэхэупчIыхьажьыгъэх.

ГъылыIад чIыналъэм ит Яощ къалэм щыпсэухэ-
рэм ащыщэу зы нэбгырэ гори къызэрэмыкIуагъэр
зэрагъэшIагъ. 9 ЦIыфэу зэхахьэм къекIолIагъэр
къызапчъым ащ къикIыгъэу зы нэбгырэ гори
къахэкIыгъэп.

10 Джащыгъум цIыфхэм зэолI бланэхэу нэбгырэ
мин пшIыкIутIу унашъо афашIи, ащ агъэкIуагъ:

– ШъукIуи, ГъылыIад чIыналъэм ит Яощ щы-
псэухэрэр зэкIэ, бзылъфыгъи сабыйи къэшъумы-
гъанэу чатэкIэ шъуукIых. 11 ШъушIэщтыр мары:
хъулъфыгъи бзылъфыгъи зэкIэ зэхэшъоукIэхэшъ,
пшъашъэу джыри хъулъфыгъэ зымышIэгъэ за-
къохэр къэшъогъанэх.

Аущтэуи ашIыгъ. 12 Арыти, ГъылыIад чIыналъэм
ит Яощ къалэм щыпсэухэрэм пшъэшъэ шъиплI
джыри хъулъфыгъэ амышIагъэу къахагъуати,

ахэр КъэнаIан чIыналъэм ит Щылэу щыIэ дзэ
уцупIэм ащагъэх.

[13] ЕтIанэ мамыр псалъэ афарагъэхьи, бинямин-
хэм адэжь Римон къушъхьэ цакIэм цIыфхэм лIы-
кIохэр агъэкIуагъэх. [14] Ащ ыуж биняминхэм ядэжь
загъэзэжьым, ГъылыIад чIыналъэм ит Яощ щыщ
пшъашъэхэу, псэоу къагъэнагъэхэр, шъхьэгъусэу
аратыгъэх. Ау ахэр зэкIэми афикъугъэп.

[15] Зиусхьаным израил лIакъохэм зы зэрахит-
хъыгъэр цIыфхэм лъэшэу гухэкI ащыхъугъ. [16] Ары-
ти, лъэпкъым инахьыжъ упчIэжьэгъухэм аIуагъ:

– Бинямин лIакъом ибзылъфыгъэхэр укIыгъэ-
хэмэ, сыда тшIэщтыр, къэнагъэхэм шъхьэгъусэ
тыдэ къафитхыщта? [17] ЧIы Iахьэу лIакъом тефэ-
гъагъэр, Израилым изы лIакъо гори мыкIодыным
пае, биняминэу къэнэжьыгъэхэм къафэрэн. [18] Ау
тэ, израилхэм, «бинямин лIакъом щыщым зы-
пхъу езытырэм нэлатыр терэф» тIуи, тхьэлъанэ
пытэ тшIыгъэшъ, тпхъухэр шъхьэгъусэкIэ ахэм
яттын тлъэкIыщтэп.

[19] Аужыпкъэм хэкIыпIэ къаугупшысыгъ:

– Марышъ, илъэс къэс Зиусхьаным имэфэкIы-
шхо Щылэу щызэхащэ.

А къалэр Бэтэл итемыр лъэныкъо, ащ укъи-
кIэу Щэхэм узэрыкIорэ гъогум итыгъэкъокIыпIэ,
Лэбонэ икъыблэкIэ гъэзагъэу щыт.

[20] Биняминхэр ахэм агъэIушыгъэх:

– ШъукӀуи сэнэшъхьэшӀапӀэм зыщыжъугъэбы-
лъи, 21 хъурэм шъулъыплъ. Щылэу щыщ пшъа-
шъэхэр къалэм къыдэкӀхэу, къэзэрэугъойхэу,
загъэчэрэгъузэ къэшъоныр зырагъажьэкӀэ, сэ-
нэшъхьэшӀапӀэм шъукъыхэкӀи шъхьадж шъхьэ-
гъусэ фэхъунэу зы пшъашъэ ерэпхъуати, бинямин
чӀыналъэм орэкӀожь. 22 Ащ ыуж пшъашъэхэм
ятэхэр е ашыхэр къытэтхьаусыхылӀэнхэу тадэжь
къызыкӀохэкӀэ, тэ ятӀощт:
– ТышъолъэӀу, шъунэшӀу къащышъуфэнэу!
Шъхьэгъусэ ашӀынхэу заом къафитщыгъэхэр
икъугъэпти, шъори шъупхъухэр къяшъутын
шъулъэкӀыщтэпти, аущтэу ашӀагъ. Арышъ, шъо
ащкӀэ шъумысэп.
23 Биняминхэм аущтэу ашӀыгъ. Пшъашъэхэм
къэшъоныр зырагъажьэм, хъулъфыгъэ пэпчъ нэ-
бгырэ зырыз къахипхъоти, шъхьэгъусэ ышӀынэу,
ыхьи, кӀожьыгъэ. Шъхьадж ичӀыгу Ӏахьэ ыгъэзэ-
жьи, къалэхэр агъэпсыжьхи, ахэм адэтӀысхьа-
жьыгъэх. 24 Ардэдэм израилхэри зэбгырыкӀыжь-
хи, шъхьадж ежь илӀакъо, иунагъо екӀолӀэжьи,
ичӀыгу Ӏахьэ итӀысхьажьыгъ.
25 А уахътэм Израилым пачъыхьэ иӀагъэп,
шъхьадж ежь тэрэзэу ылъытэрэр ышӀэщтыгъ.

# ГущыIалъ

**Астарт (2:13, нэмыкI чIыпIэхэми)** – КъокIыпIэ Благъэм щыпсэущтыгъэ ижъырэ лъэпкъхэр тхьэу зэлъэIущтыгъэхэм ащыщ. Астарт гъэбэжъугощагъ.
**Ахъо (9:10)** – Мыр шхынцумпэ чъыг. Къыблэ хэгъэгу фабэхэм къащэкIы. КъыпыкIэхэрэр IэшIух, къыпычыгъакIэхэуи гъэгъугъэхэуи ашхых.
**Бжьы (10:8)** – Пхъэ ондрыхъоу шъо шъабэ зэщэкIыгъэу кIашIэрэ былымхэм зэдаштэу Iоф ашIэным пае апшъэ далъхьэрэр ары.
**БэIал (2:11, нэмыкI чIыпIэхэми)** – КъокIыпIэ Благъэм щыпсэущтыгъэ ижъырэ лъэпкъхэр тхьэу зэлъэIущтыгъэхэм ащыщ. БэIал ощхымрэ хыоешхомрэ ятхьэу алъытэщтыгъ. БэIал къэнэIаныйхэм ятхьэ шъхьаIэщтыгъ.
**Гъуазэ** (джуртыбзэкIэ: «шофэт» – имэхьанэр: «хьыкумышI») – Мы тхылъым а гущыIэм мэхьанэу щыриIэр: Израилым илIакъо горэм е лIэкъо заулэмэ охътэ гъэнэфагъэм Iэшъхьэтет пэщэныгъэр адызезыхьэрэр ары. Израилхэр тхьамыкIагъо зыхафэхэкIэ ахэм къэгъэнэжьакIо афэхъунхэу Тхьэр гъуазэхэм къяджэщтыгъэ. Гъуазэм игъашIэ зиухыкIэ ащ ычIыпIэ ихьанышъ, иIоф лъигъэкIотэнэу цIыф гъэнэфагъэ щыIагъэп.

**Джэнджэш (3:25)** – Зыгорэм уицыхьэ темылъыныр, шIошъхъуныгъэ пытэ фыуимыIэныр.
**Зиусхьан (1:1, нэмыкI чIыпIэхэми)** – Тхьэм изэрэщыт къызэрыпIон плъэкIыщт амалхэм ащыщ. Адыгэ гущыIэу «Зиусхьаным» мэхьанэу иIэм зэфэмыдэ джурт гущыIитIумэ къарыкIырэр къеты. Апэрэр: «Адонай» (Гъуазэхэр 6:22). Тхьэр зэрэлъэрыхьэр, Ар зэрэфэшIыгъэр мэхьанэу иI. ЯтIонэрэ гущыIэмкIэ Тхьэм ыцIэ къыраIо: «Яхве» (Гъуазэхэр 1:1), ащ къикIырэмэ ащыщ «егъашIэм щыIэ зэпытыр».
**Зэйтун чъыг (9:8, 15:5)** – Зитхьапэхэр ренэу шхъонтIэ зэпыт чъыг лъэпкъ, къыблэ хэгъэгу фабэхэм къащэкIы, къыпыкIэрэмэ зэйтун дэгъэ лъапIэр къакIафы.
**Коцыр Iожьын (6:11)** – Коцыцэхэр коцышъхьэмэ къарыгъэтэкъуныр, къарыутыгъэныр.
**Къоджэхь-къоджэшх (14:12)** – Зышъхьэ къырамыхыпэу, зыщыщыр къэпшIэнэу упчIэ зыфатырэр.
**Къонтхъ (5:19, нэмыкI чIыпIэхэми)** – Пыеу заом зыщытекIуагъэхэм мылъкоу къытырахыгъэр, къыпахыгъэр ары: гъэрэу къаубытыгъэ цIыфхэр, былым Iэхъогъухэр, уасэ зиIэ хьап-щыпхэр.
**Къурмэнгъэст (6:26, нэмыкI чIыпIэхэми)** (машIокIэ агъэстырэ къурмэн) – зэрэлъэпкъэуи нэбгырэ зырызхэми апае а зы мафэм къыкIоцI тIо, тыгъэм икъыкъокIыгъорэ икъохьажьыгъорэ

атефэу, ашIыщтыгъэ къурмэныр ары. Къурмэныр зэрэщытэу къурмэншIыпIэм щагъэстыщтыгъэ. Мы къурмэным адрэ къурмэн пстэумэ анахьэу мэхьанэ иIагъ.

**КъурмэнышI (8:27, нэмыкI чIыпIэхэми)** – Тхьэм фэлэжьэрэ цIыфэу диным епхыгъэ Iофтхьабзэхэр зыгъэцакIэщтыгъэр ары. Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм илъэхъан зэрэлъэпкъэу е нэбгырэ зырызхэм ацIэкIэ къурмэн ышIыныр ащ ипшъэрылъ шъхьаIэщтыгъ.

**КъурмэншIыпI (2:2, нэмыкI чIыпIэхэми)** – Iанэу е чIыпIэ хэIатыкIыгъэу Тхьэм пае былымхэмрэ нэмыкI тынхэмрэ къурмэн зыщашIыхэрэр ары.

**КIэплъэнтхъой (16:9)** – Мыр кIэпым е чэтэным акIышъоу къатырахырэр ары. КIапсэхэр, шэкI пхъашэхэр хашIыкIых.

**КIэсэн (16:25)** – ДэкIояпIэм, е пэIулъашъом кIагъэуцощтыгъэ пкъэухэм яз.

**Лэуйхэр (17:7, нэмыкI чIыпIэхэми)** – Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм илъэхъан къурмэнышIхэр къызхахыщтыгъэхэр Лэуй ибынхэм къатекIыгъэ лIакъор ары. Лэуй джурт лIэкъо пшIыкIутIур къызтекIыгъэ Якъубэ ыкъо пшIыкIутIумэ ащыщыгъ. Лэуй къыпыкIыгъэх зэшхэу Мосэрэ Хьарунэрэ. КъурмэнышIхэр къызхахыщтыгъэхэр Лэуй къыпыкIыгъэ Хьарунэ илIакъо щыщхэр ары ныIэп. Лэуй къытекIыгъэ хъулъфыгъэхэм

зэкӀэми «лэуйхэр» араӀуагъ. Лэуйхэм чэтэн гъэӀагъэм, ыужкӀэ Тхьэм и Унэу Ерыусэлэм дэтым Ӏоф ащашӀэщтыгъэ. Джащ фэдэуи Тхьэм ипхъонтэ лъапӀэ ахэм зэрахьэщтыгъэ.

**Мамыр (зэгурыӀоныгъэ) къурмэныр (20:26, нэмыкӀ чӀыпӀэхэми)** – ЦӀыфым ежь фаеу ышӀырэ къурмэныр. Къурмэн ашӀыгъэм ишэхэмрэ ыкӀоцӀ къырахыгъэхэмрэ къурмэнгъэстым игъусэу Тхьэм фагъэшъуашэхэти, зэрэщытэу къурмэншӀыпӀэм щагъэстыщтыгъэх. Къурмэнылым щыщ Ӏахь Тхьэм фагъэшъуашэщтыгъэ, адрэр къурмэн зышӀырэмрэ цӀыфхэмрэ зэдашхыщтыгъэ.

**Назир (13:5, нэмыкӀ чӀыпӀэхэми)** – ИщыӀэныгъэ адрэхэм афэмыдэу, илыягъэу охътэ гъэнэфагъэм къыриубытэу Тхьэм фэлэжьэнэу гущыӀэ пытэ зышӀырэ цӀыф. Назирыгъо уахътэм ар хьадэхэм анэс, санэ ешъо, ышъхьацхэр ыупхъо хъущтыгъэп. Еплъ: тхылъэу «ШъофнэкӀым къыщекӀокӀыгъэхэр» 6:1-21.

**Нэлат (5:23)** – Бгыбзэ. ЦӀыфыр лъэшэу губжыгъэу, ыгу еӀэжьыгъэу зыгорэм хьазаб къыфехынэу, тхьамыкӀагъо къехъулӀэнэу тыриӀорэр.

**Пегъымбар (4:4, нэмыкӀ чӀыпӀэхэми)** – Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм илъэхъан Тхьэм тхьэлӀыкӀохэмкӀэ къэбархэр цӀыфхэм къалъигъэӀэсыщтыгъэх. Тхьэм ы-Псэ ЛъапӀэ хэлъ кӀуачӀэм ахэр къыгъэгущыӀэщтыгъэх. Ахэмэ къэхъущтхэр

къаIощтыгъэ, цIыф лъэпкъым пае Тхьэм елъэIущтыгъэх. Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм тхьэлIыкIохэм ацIэ къызэрэщыриIорэр: «Тхьэм икъулыкъушIэхэр», «Тхьэм ицIыфхэр».

**ТхьэнэпцI (3:19, нэмыкI чIыпIэхэми)** – Тхьэм ычIыпIэ рагъэуцорэр ары.

**ТыжьынашI (17:4)** – ЦIыфэу зисэнэхьаткIэ пкъыгъо лъапIэхэм: тыжьыным, дышъэм е нэмыкIым Iэпэщысэхэмрэ гъэдэхалъэхэмрэ ахэзышIыкIырэр ары.

**Хьакъужъ (8:7, 8:16)** – Къэгъагъэ хъурэ, панэхэр зытет шъхьанд. Метрэм нэс илъэгагъэу зыщыфэбэ чIыпIэхэм къащэкIы.

**Хьалыгъу мыкIу-мыпш (6:19)** – Тхьацу гъэтэдж хэмылъхьагъэу псыкIэ апшэгъэ хьалыгъу.

**Хьандзу (15:5)** – Мэкъоу, уарзэу IукIыхьэ Iэтэшхоу зэтыралъхьагъэр ары.

**ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэр (8:27, нэмыкI чIыпIэхэми)** – Джурт лъэпкъыр итарихъ иублэгъум кощын зэпымыужьхэм ахэт зэхъум, къыздырихьакIынэу чэтэнгъэIагъэр тхьэлъэIупIэ-къурмэншIыпIэу ыгъэпсыгъагъ. Пачъыхьэу Сэлмэн Тхьэм и Унэу аригъэшIыгъагъэр чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм игъэпсыкIэ фэдагъ.

**ЧэцIы (6:19, 13:19)** – Пчэн ныбжьыкI.

**Чэшъанэр (8:9, нэмыкI чIыпIэхэми)** – Мыжъом хэшIыкIыгъэ унэ псыгъо лъаг. Мыр пыир

къызатебанэкIэ зыкъэухъумэжьыгъэным ыкIи къыпэIулъ Iэгъо-чIыгъохэр къызэпэплъыхьэгъэнхэм пае агъэфедэ.

**Шъонт (4:19)** – Пчэнышъом хэшIыкIыгъэ псылъ, шъонылъ.

**Шъонтрып (11:34)** – IэкIэ теохэзэ мэкъамэр къызэращырэ музыкальнэ Iэмэ-псым. Шъо зытебзэгъэ пхъэ хъурай, ыку нэкIы, ышъхьэрэ ычIэрэ шъуаткIох.

**Iэмыр (7:22, нэмыкI чIыпIэхэми)** – Унашъу, шIоигъоныгъ. Зыгорэм ишIоигъоныгъэкIэ цIыфым ышIэрэр. Мы чIыпIэм мэхьанэу щыриIэр: Тхьэм ишIоигъоныгъэу къехырэмкIэ.




**Лъэпкъэу чIыгум къинагъэхэр Израил цIыфхэм къатебанэх, ау гъуазэхэм яшIуагъэкIэ Израилыр шъхьафит ашIыжьыгъ (Гъуазэхэр 3-16).**